



PWOJÈ KORE FANMI

KREYÒL
AYISYEN-AYITI

Planin

MANYÈL FÒMATÈ

Yon modil nan pwogram fòmasyon
pou Ajan Kore Fanmi





COPYRIGHT POLICY

Published by Partners in Health. Subject to the rights of Partners in Health, this publication may be freely reviewed, abstracted, reproduced, or translated provided that all copyright, trademark, and other proprietary notices are included in such use. No portion of this publication may be sold or otherwise used or distributed in conjunction with any commercial purpose. ♦

Manyèl sa a gen ladan l yonn nan modil fòmasyon yo k ap sèvi nan pwojè pilòt *Initiative Agent Communautaire Polyvalent (IACP)* an Ayiti. IACP a se yon zefò Partners In Health / Zanmi Lasante nan tèt kole ak Gouvènman Ayisyen, Bank Mondyal la, UNICEF, Pwogram Alimantè Mondyal, World Vision, ki gen pou objektif amelyore jan pou moun jwenn sèvis sante ak sèvis sosyal ki pi ijan pou fanmi ayisyen, espesyalman sa ki pi frajil yo.

Fòmasyon an pral pèmèt Ajan Kore Fanmi yo fè travay yo byen epi pran responsablite tout bon: 1) edike fanmi yo sou nitrisyon ak sante; 2) bay fanmi yo pwovizyon ak sèvis esansyèl; ak 3) ranfòse sistèm rekòmandasyon pou amelyore jan pou moun jwenn sèvis sante ak sèvis sosyal pou fanmi yo.

Materyèl fòmasyon sa a devlope nan kolaborasyon ant tout patnè pwojè a. Se Bank Mondyal, UNICEF, ak Pwogram Alimantè Mondyal ki finanse inisyativ IACP sa a.

Fòmasyon sa a gen ladan l enfòmasyon ki soti nan: *The Universal Declaration of Human Rights*, (source www.un.org/en/documents); *Human Rights Approach to Development Programming*, Urban Jonsson, UNICEF, 2003; *At Risk: Natural hazards, People's Vulnerability, and Disasters*, Piers Blaikie, Terry Cannon, Ian Davis, ak Ben Wisner, (London, UK: Routledge, 1994); ak *Participatory Vulnerability Analysis: A Step-by-Step Guide for Field Staff* (London, UK: ActionAid International, 2000).

World Health Organization Department of Reproductive Health and Research (WHO/RHR) and Johns Hopkins Bloomberg School of Public Health/Center for Communication Programs (CCP), INFO Project. *Family Planning: A Global Handbook for Providers*. Baltimore and Geneva: CCP and WHO, 2007.

Savoir pour Sauver, 4th ed., UNICEF, WHO, UNESCO, UNFPA, UNDP, UNAIDS, WFP and the World Bank, (New York, NY: United Nations Children's Fund), 2010.

Leon Sperof, 7eme edition.

CDC guideline 2010

NOVask , 14 eme edition

© Tèks: Partners In Health, 2012.

Foto yo: Partners In Health, Elizabeth Whelan

Konsepsyon: Mechanica, Annie Smidt ak Partners In Health

Enprime: ID Plus

Edisyon pilòt nan lang Kreyòl pibliye nan mwa Avril 2012

Manyèl sa a fèt pou bay ochan pou plizyè milye Ajan Sante k ap fè efò san pran souf pou fè misyon nou an vin yon reyalite, epitou ki se poto-mitan pwogram nou yo pou sove lavi moun ak pou amelyore kondisyon lavi moun nan kominote ki pòv yo. Chak jou, yo vizite manm kominote yo pou ofri yo sèvis, edikasyon, ak sipò, epitou yo montre nou tout kijan solidarite efikas se pi bon remèd pou epidemi maladi, povrete ak dezespwa.



Sa ki anndan Liv la

Entwodiksyon.	vii
Kontèks.	1
Objektif	2
Tan Nesesè	3
Kou dèy sou modil la	3
Pati ki pi enpòtan yo	8
Sesyon 1: Kòmansman ak Objektif Modil la.	10
Sesyon 2: Prensip pou Fòmasyon an ak Bwat Kesyon Sekrè yo.	12
Sesyon 3: Pre-Tès	15
Sesyon 4: Planin nan Kominote yo	21
Sesyon 5: Kontrekare pwoblèm Planin yo.	26
Sesyon 6: Planin ak Dwa Moun.	31
Sesyon 7: Metòd Kontwòl Pouvwa fè Pitit	36
Sesyon 8: Revize Metòd pou Kontwole pouvwa fè pitit yo.	64

Sesyon 9: Kapòt Gason ak Kapòt Fanm	68
Sesyon 10: Lejand ak Move Lide sou Metòd Planin yo	75
Sesyon 11: Revize Etap Chanjman ak Etap Konsèy yo.	78
Sesyon 12: Edike ak Konseye Manm Kominote a sou Planin	83
Sesyon 13: Bay Piki chak 3 mwa a (Depo-Provera) . .	90
Sesyon 14: Distribye Metòd Planin yo ak fè Rapò . . .	94
Sesyon 15: Fom yo	97
Sesyon 16: Pòs-Tès	99
Sesyon 17: Evalyasyon ak Bwat kesyon sekre	105
Lis Tout Sa Ajan Kore Fanmi an Dwe Fè	108
Yon Modèl sou Kijan pou Revize Travay ki Fèt nan Sesyon an	109
Fòm Evalyasyon	118
Pre-Tès	120
Pòs-Tès	124
Nòt	128
Metod Patisipatif	129

ENTWODIKSYON

Dwa moun se yon dwa tout moun genyen, kèlkeswa ras yo, gwoup etnik yo, laj yo, relijyon yo, sèks yo, opinyon politik yo, peyi yo fèt, oswa sitiyasyon sosyal yo. Dwa moun etabli prensip moun yo bezwen pou yo viv avèk diyite. Dwa moun se dwa ki egal ak inivèsèl pou tout moun.

Pami dwa moun, tout moun bezwen pou viv libelibè nan diyite, gen dwa pou jwenn bon swen sante, dwa pou manje, dwa pou ale lekòl, dwa pou jwenn dlo pwòp, dwa pou rete nan yon kay ki nòmal, ak dwa pou yo jwenn mwayen pou yo fè kòb. Si moun yo jwenn bagay sa yo, y ap pare pou amelyore epi kenbe sante yo ak byennèt yo.

Ajan Kore Fanmi yo vizite fanmi yo regilyèman. Yo chèche fanmi yo toutbon, epi yo evalye fanmi yo pou jwenn fanmi ki pi frajil yo. Y ap rekòmande ka ijan yo bay travayè sosyal, epitou y ap ede tout manm fanmi an jwenn sèvis yo. Y ap vaksinen timoun yo, y ap distribiye moustikè, epi y ap bay premye swen nan kèk ka. Ajan Kore Fanmi yo bay fanmi yo ak kominote yo edikasyon tou sou prevansyon maladi, vaksinasyon, planing, sante repwodiktif, edikasyon, aptitud pou edike timoun, konduit pozitif, ijyèn pèsònèl ak ijyèn kominotè ak enstalasyon ijyenik, vyolans ki baze sou sèks, ak sante mantal. Y ap konekte fanmi yo avèk sèvis sosyal ki pi ijan ki kapab ede yo jwenn manje ak opòtinite ekonomik. Finalman, y ap ofri sipò sikolojik ak sosyal enpòtan pou fanmi k ap souffri avèk maladi ak lòt pwoblèm.

Lè Ajan Kore Fanmi yo pran responsablite sa yo, yo ede pwoteje, retabli, ak satisfè dwa moun fanmi yo. Anplis Ajan Kore Fanmi yo, fanmi endividyèl yo, kominote yo, gouvènman an, ak kominote entènasyonal la gen responsablite tou pou pwoteje, retabli, ak satisfè dwa moun. Lè Ajan Kore Fanmi yo kolabore avèk fanmi yo, kominote yo, gouvènman an, ak òganizasyon ki pa fè pati gouvènman yo, yo ede amelyore dwa moun nan kominote yo. Se kominote Ajan Kore Fanmi yo ki chwazi yo, epitou ajan sa yo responsab pou pwoteje, retabli, ak satisfè dwa moun fanmi y ap sèvi yo. Kominote yo chwazi Ajan Kore Fanmi yo paske ajan yo se moun ki gen respè ak konsiderasyon pou lòt moun, epitou yo kenbe enfòmasyon prive fanmi yo an sekre. Yo gen dwa tou pou fè konnen pwendvi yo, epitou pou moun koute yo. Yo konprann kisa sa vle di pou gen solidarite avèk moun k ap souffri. Yo jwe yon wòl enpòtan nan amelyore byennèt kominote a ak nan patisipe nan devlopman peyi yo.

Non inisyativ sa a an kreyòl « Kore Fanmi » chita sou objektif sipò pou fanmi yo ki se nannan pwojè a. « Patnè pou lavi », ki se eslogan pwojè a, kore lide ke nan inisyativ sa a, fanmi yo plis patnè pase senp moun k ap jwenn kichòy pou anpil tan nan pwogram èd ke ajan devlopman fanmi bay pou ede fanmi yo amelyore kalite lavi yo.

MATERYÈL POU FÒMASYON AN

Chak modil nan fòmasyon an gen yon Manyèl Fomatè ak yon Liv Patisipan Kèk nan modil yo gen prezantasyon sou òdinatè, ak bwat d'imag tou. Nan lide pou bay fòmasyon an, fasilite yo dwe itilize materyèl sa yo ansanm.

- **Manyèl Fomatè** – li gen tout enfòmasyon ki nesese yo pou akonpli fòmasyon an, ki gen ladan preparasyon ak lis materyèl yo, etap sesyon yo, pre ak pos-tès yo, ak tout sa sijè yo gen nan yo. Fasilite yo dwe li Manyèl Fomatè a anvan jou fòmasyon an rive, epi sèvi ak Manyèl Fomatè a pandan tout sesyon fòmasyon an.
- **Liv Patisipan** – li gen tout enfòmasyon ke patisipan yo bezwen konnen sou sijè a, epi tou nenpòt istwa, senaryo, oswa pyès wòl ki nesese pou fòmasyon an. Fomatè yo dwe bay patisipan yo Liv Patisipan an depi nan kòmansman fòmasyon an. Aprè fòmasyon an, patisipan yo dwe pran manyèl la pou ale lakay yo epi sèvi ak li nan revizyon ak ranfòse sa yo te aprann yo. Nan fòmasyon yo: patisipan yo dwe genyen kaye ak kreyon e lot materyèl enpotan ki ka pemet yo gen yon pi bon ide de sije ya..
- **Prezantasyon sou òdinatè** – nan sit kote ki gen elektrisite ak retropwojektè ki disponib, fasilite yo ka itilize prezantasyon sou òdinatè. Li gen tout imaj ki sèvi pou fòmasyon an. Nan sesyon ki itilize Tablo sou LCD / bwat imaj, etap sa yo genyen ladan yo imaj sesyon yo, ak tèks ke yap bezwen pou eksplike imaj ki anba li a.
- **Bwat Imaj** – nan sit san elektrisite oswa retropwojektè, fasilite yo ka itilize Bwat Imaj la. Li gen imaj yo menm jan ak prezantasyon sou òdinatè a, ak tèks la sou do paj bwat imaj la ke yap bezwen pou eksplike chak imaj ki devan an.

MANYÈL FOMATÈ

Manyèl fomatè a genyen tout enfòmasyon ki nesese pou byen mennen fòmasyon yo, tankou:



Rezime – Yon ti detay sou rezon modil la ak sa ki ladanl.



Objektif – Yon lis ki gen ladrès ak konesans ke patisipan yo pral genyen pandan modil la.



Kou dèy sou modil la – Yon tablo ki gen yon rezime tout sa ki ladanl, fason pou montre moun yo, tan ki nesese, ak materyèl nesese pou chak sesyon.



Pati enpòtan yo – Lide pilye ki genyen nan modil la; fasilite a ka rezime pwen pi enpotan yo nan fen fòmasyon an.

Sesyon fòmasyon an – Yon seri aktivite ansanm ak etap-pa-etap enstriksyon ki eksplike kouman pou dirije aktivite yo.

Pre-tès ak Pòs-tès – Se Pre-tès ak Pòs-tès la ansanm avèk repons nan Manyèl Fomatè a kòm referans fomatè a. Pre-tès ak pòs-tes ki pa gen repons yo nan fen Manyèl Fòmata a. Fòmata yo ta dwe fè fotokopi tès yo pou patisipan yo.



Lis tout sa Ajan Kore Fanmi an dwe fè – Yon lis ki esplike wòl Ajan Kore Fanmi yo ak responsablite ki an rapò ak sijè fòmasyon an. Fasilitatè yo dwe revize lis verifikasyon an ak patisipan yo nan fen fòmasyon an.



Nòt – Paj vid kote fomatè a ka ekri nòt jan sa nesèsè.

SESYON FÒMASYON YO

*Nan lide pou bay yon fòmasyon ki efikas, fasilitatè yo dwe li tout sesyon yo, ranpli tout preparasyon, ranmase tout materyèl nesèsè, epi abitye ak etap sesyon yo, **anvan jou fòmasyon an**. Si fasilitatè yo pa fè sa davans, yo pap byen prepare.*

Chak aktivite gen ladan l':



Metòd – Metòd ansèyman yo te itilize pandan sesyon an, pa egzanp, bwase lide, aktivite an ti gwoup, oubyen prezantasyon.



Tan Nesèsè – Se tan yo sikontrole pou ka fè sesyon an. Andan etap sesyon yo, yo bay tan ki nesèsè a pou divès pati nan sesyon yo, pa egzanp, 15 minit pou travay ti gwoup, 10 minit pou yon diskisyon, elatriye. Tan yo pa fin ekzak se apeprè yo ye, men fasilitatè yo ta dwe eseye plis ou mwens respekte lè ke yo pwopoze kontrole a. Si sa pa posib, fasilitatè yo dwe ranje fòmasyon an kòmsadwa.



Preparasyon – Yon lis sa fomatè a dwe fè *davans* nan lide pou prepare l' pou sesyon an.



Materyèl yo – Yon lis tout materyèl yap bezwen pou ranpli aktivite a. Fasilitatè yo dwe revize lis materyèl la ak ranmase tout materyèl *anvan* jou fòmasyon an rive.



Etap yo – Se etap ki detaye gid pou fomatè a nan chak sesyon. Etap yo gen ladan yo tout dokiman pou distribye, modèl kesyon ak repons pou diskisyon, Tablo sou LCD / bwat imaj yo itilize, istwa, pyès wòl, istwa foto, ak nenpòt lòt enfòmasyon ki nesèsè pou konplete sesyon yo.



Konsèy – Pwopozisyon pou fomatè a sou jan yo ka adapte oswa chanje aktivite yo si sa nesèsè, fè konsiderasyon kiltirèl, oswa ankouraje patisipasyon.



Tcheke enfòmasyon – Sembòl sa make enfòmasyon ki ka chanje (pwotokòl tretman, fòm, elatriye). Fasilitatè yo dwe tcheke nenpòt enfòmasyon ki make ak sembòl sa epi asire yo ke yo tou nèf.

Tout modil nan fòmasyon an kòmanse ak sesyon sa yo:

Entrodiksyon ak Objektif Modil la – Patisipan yo prezante tèt yo epi revize objektif modil la.

Prensip pou fòmasyon an ak Bwat kesyon san non an – Patisipan yo reflechi epi etabli prensip pou fòmasyon an, epi aprann sou Bwat kesyon san non an – yon bwat kote yo ka mete nenpòt kesyon oswa enkyetid yo genyen sou yon bagay nan fòmasyon an si yo pa ta santi yo alèz pou poze kesyon sa yo devan gwoup la.

Pre-tès – Patisipan yo ap fè yon tès senp a lekri pou montre sa yo konnen deja sou fòmasyon an.

Tout modil nan fòmasyon an fini ak sesyon sa yo:

Pòs tès – Menm jan ak Pre-tès la, patisipan yo ap fè pos-tès la pou yo ka wè sa yo te aprann pandan fòmasyon an. Animatè a ap korije pos-tès la ak patisipan yo epi konpare Pre-tès la avèk Pòs-tès la.

Evalyasyon ak Bwat kesyon san non an – Patisipan yo evalye fòmasyon an, epi fomatè a pote repons nenpòt kesyon li ranmase nan bwat kesyon san non an.

PRE AK PÒS TÈS EPI EVALYASYON

Fòmasyon sa gen yon Pre-tès ak yon Pòs-tès ki fèt pou mezire sa patisipan yo aprann pandan fòmasyon an. Manyèl Fomatè a gen Pre ak Pòs-tès yo ak repons yo, apre chak sesyon pre/pòs-tès, epi pre ak pòs-tès san repons yo nan fen manyèl la. Fomatè yo ta dwe fè fotokopi pou patisipan yo. Pou ran sa pi fasil pou patisipan ki pa fin fo nan lekti yo, fomatè yo dwe li kesyon tèks yo byen fò youn apre lòt, epi pran poz aprè lekti chak kesyon pou bay patisipan yo tan pou sèke repons la. Fomatè yo dwe konpare rezilta Pre ak Pòs-tès yo pou wè kisa patisipan yo te aprann epi idantifye ki pati ki plis bezwen pou yo revize pandan yon lòt fòmasyon.

Si pi fò patisipan yo ta fè yon ti kras pwenn nan Pòs-tès la, sa vle di ke fasilitatè yo ta dwe amelyore teknik fòmasyon yo epi yo fè efò pou fè yon pi bon travay pou fasilite moun yo aprann pi byen.

Fòmasyon an gen ladan l' tou yon sesyon evalyasyon ki fèt pou mete deyo sa patisipan yo panse de fòmasyon an, tankou sa ki te byen pase ak sa ki pat byen pase, ak pwopozisyon pou amelyore lòt fòmasyon kap gen pou fèt. Fomatè yo ka poze kesyon evalyasyon yo nan pale epi ekri repons patisipan an, oswa mande patisipan yo chire nan Liv Patisipan yo epi ranpli fòm evalyasyon an ki nan do nan Manyèl yo a. Fomatè yo ka fè fotokopi fòm evalyasyon an ki nan Manyèl Fomatè a. Fomatè yo dwe rasanble epi fè revizyon evalyasyon patisipan yo ak fason yo te konprann, epi itilize li pou amelyore fòmasyon ki gen pou fèt.

PREPARASYON FOMATÈ

Fomatè yo dwe antyèman abitye avèk modil fòmasyon an anvan jou fòmasyon an rive. Yo dwe li tout sesyon yo, ranpli tout preparasyon, ranmase tout materyèl nesèsè, e vin abitye ak etap sesyon ak kontni modil yo. Si fòmasyon an dire plis pase 1 jou, fasilitatè yo dwe revize materyèl yo ankò nan aswè anvan 2zyèm jou a.

Si gen 2 oubyen plis fasilitatè k'ap fè fòmasyon an ansanm, yo dwe reyini anvan jou fòmasyon an pou detèmine ajanda a epi deside kiyès ki pral fasilite tèl ou tèl sesyon. Yo dwe reyini tou nan fen chak jou fòmasyon an pou diskite sou ki travay ki te fèt byen, ak sa ki pat fèt byen, epi antann yo sou kijan pou kontinye nan lòt jou a.

Fòmasyon sa pa bezwen elabore preparasyon oswa materyèl. Pou anpil sesyon, fasilitatè yo ap bezwen sèlman Manyèl Fomatè a, Liv Patisipan, retropwojektè oswa tablo prezantasyon, papye jeyan, makè, ak tep. Sepandan, **kèk sesyon mande materyèl espesyal ke fasilitatè yo dwe ranmase davans**, pa egzanp, balans MUAC, balans pou peze tibebe, kabann, founiti pou melanje solisyon reyidratasyon Oral (sewòm oral), oswa echantiyon nan metòd pou kontwòl fè pitit (planinn).

LADRÈS ALFABETIK PATISIPAN

Ajan Kore Fanmi yo gen obligasyon pou konn li ak ekri nan lide pou byen akonpli responsablite yo. Men, nivo alfabetizasyon pami Ajan Kore Fanmi yo varye. Se fòmasyon an ki dwe akomode a nivo alfabetizasyon varye sa yo, pou moun ak ladrès alfabetizasyon limite yo ka aprann nòmalman san pwoblèm. Pa egzanp, Liv Patisipan an enprime avèk gwo karaktè, e sèvi avèk langaj ki senp, li gen anpil foto, epi li itilize yon lis kontwòl ki senp pou transmèt enfòmasyon kle yo. Sesyon fòmasyon yo sèvi ak foto, diskisyon, ak istwa tou kout ke yo li byen fò, olye pou yo ta fè yon pakèt travay ekri.

Etap sesyon yo anpil fwa gen ladan yo kèk eksplikasyon klè pou fomatè yo kapab konprann byen kèlkeswa jan li te aprann pale oubyen ekri kreyòl la. Pa egzanp, fasilite yo antrene pou li enfòmasyon yo byen fò pou tout moun nan sal la tandè, mande patisipan yo pou yo travay de pa de oswa an ti gwoup pou travay ekri yo pou youn ka ede lòt, ou dwe sèten ke patisipan ki de pa de yo oswa chak ti gwoup gen omwen yon patisipan ki plis ou mwen konn li, epi eksplike tablo sou LCD oswa bwat imaj yo dousman epi byen klè.

Non sèlman swiv enstriksyon sa yo, fasilite yo dwe toujou pran nòt sou nivo alfabetizasyon ke patisipan yo ap bezwen pandan fòmasyon an epi planifye kòmsadwa. Pa egzanp, si fasilite yo remake ke gen kèk patisipan ki pa ka li, oswa ekri, yo dwe ofri èd yo ak epi sèten ke lòt patisipan yo ede yo tou.

ADAPTE FÒMASYON AN

Aktivite Fòmasyon yo fèt pou gwoup 20 a 30 patisipan konsa, men li reyisi byen tou ak pi piti gwoup tankou 12 a 20 patisipan konsa. Si fasilite yo dwe travay ak pi gwo gwoup patisipan, yo ta dwe adapte sesyon yo kòmsadwa. Pa egzanp, pou aktivite kèk ti gwoup, fasilite yo ka bezwen kreye ti gwoup 10 patisipan yo chak pito pase 5 patisipan yo chak. Pou pyès teyat, fasilite yo ka bezwen limite tan pèfòmans yo.

Pafwa sesyon yo konn gen ladan yo konsèy sou fason pou adapte aktivite yo, pa egzanp, konsèy sou jan yo ka diminye sesyon an si tan an limite oubyen si patisipan yo fatige anpil. Anplis de lekti konsèy sa yo, fasilite yo dwe itilize pwòp jijman pa yo epi adapte sesyon yo kòmsadwa. Pa egzanp, nan kèk sans, fasilite yo ka bezwen adapte kesyon diskisyon, pyès wòl, oubyen istwa yo selon kilti nou oubyen temwayaj sou kwayans yo.

Fasilite yo dwe swiv pi pre enèji patisipan yo ak nivo enterè yo de tanzantan, epi adapte oswa chanje plan si enèji patisipan yo oswa konsantrasyon yo diminye. Si, nan apremidi, patisipan yo gen pwoblèm pou konsantre, fasilite yo ta dwe ajoute plis chalè, bay yon poz an plis, oswa fè yon ti pyès revizyon pou reveye enèji patisipan yo.

DISKISYON

Manyèl la bay kesyon klè ak modèl repons pou tout diskisyon. Echantiyon repons yo parèt an lèt fen ki panche. Fomatè yo dwe eseye pwovoke repons sa yo pandan diskisyon an, olye yo senpleman reponn pou kont yo. Fomatè yo ka repoze yon kesyon plizyè fwa, oswa bay yon egzanp, nan lide pou jwenn repons nan men patisipan yo. Men, fomatè yo ta dwe sèlman bay repons apre patisipan yo te gen ase opòtinite pou reponn, li ta dwe sèlman bay repons ke patisipan yo pat reponn pou kont yo.

PRENSIP POU GRANMOUN APRANN

Fòmasyon sa a baze sou prensip enpòtan pou granmoun aprann, tankou:

- **Respè** – Elèv granmoun yo dwe santi yo respekte epi santi ke yo trete yo egal ego.
- **Afimasyon** – Elèv granmoun yo bezwen resevwa lwanj, menm pou yon efò tou piti.
- **Eksperyans** – Elèv granmoun yo aprann pi byen lè yo sèvi ak konesans epi pwòp eksperyans pa yo.
- **Pètinans** – Aprantisaj la dwe satisfè bezwen nan lavi chak jou moun nan – pou travay yo, fanmi yo, elatriye.
- **Dyalòg** – Anseyman ak Aprantisaj la dwe fèt de fason, pou elèv yo ka antre nan yon dyalòg ak pwofesè a.
- **Angajman** – Elèv granmoun yo dwe alèz nan sijè yo, nan dyalòg ak diskisyon ant kamarad.
- **Imedyat** – Elèv granmoun yo dwe an mezi pou aplike sa yo fèk aprann yo imedyatman.
- **Règ 20–40–80** – Elèv granmoun yo sonje jan yo te aprann nan 20% nan sa yo tandè, 40% nan sa yo tandè epi wè, epi 80% nan sa yo tandè, wè, ak fè.
- **Panse, santi, ak aji** – Aprantisaj fèt pi byen lè li enplike panse, santi (emosyon), ak aji (fè).
- **Sekirite ak konfò** – Elèv granmoun yo bezwen santi yo an sekirite, alèz nan lide pou yo patisipe ak aprann. Yo bezwen konnen ke yo pap pase lide yo ak kontribisyon pa yo a nan pyès b oswa desann valè yo.

METODOLOJI

Pou mete prensip aprantisaj granmoun sa yo an pratik, fòmasyon an itilize plizyè **metòd patisipasyon** tankou gwo ak ti gwoup diskisyon, pyès teyat, istwa, ak istwa. Aktivite sa yo fèt pou moun kap prann sou eksperyans epi konesans patisipan yo, ankouraje diskisyon ak refleksyon sou pwoblèm kle, bay kout men nan pratik sou kontni aprantisaj, epi ede patisipan yo aprann younn nan men lòt.

Gen kèk sesyon ki gen ladan yo ti prezantasyon fasilite tou kout. Men kontrèman ak anpil manyèl fòmasyon, manyèl sa pa itilize prezantasyon fasilite a kòm pwemye metòd ansèyman. Men pito, li itilize aktivite yo kòm metòd patisipasyon ki ankouraje plis konsèvasyon nan sa yo aprann, angaje, ak pou sipòte anviwònman aprantisaj. *Sonje byen, elèv granmoun sonje ekzakteman 20% nan sa yo tandè, 40% nan sa yo tandè epi wè, epi 80% nan sa yo tandè, wè, ak fè. Kondisyon pou* Fòmasyon efikas seke patisipan an nan tandè, wè, ak fè. Si patisipan yo sèlman tandè konferans fasilite yo tout lajounen, yo pa pral aprann oswa konsève enfòmasyon yo tout bon vre.

Metòd patisipatif yo gen ladan yo:

- Aktivite an ti gwoup
- Aktivite an gwo gwoup
- Diskisyon an ti gwoup
- Diskisyon an gwo gwoup
- Reflechi
- Pyès wòl
- Istwa
- Bwase lide
- Demonstrasyon
- Prezantasyon fasilite
- Foto istwa
- Fòmasyon ant kamarad

Metòd yo dekri nan fen Manyèl Fòmasyon a.



Planin



KONTÈKS

Planin nan se pwosesis ki pèmèt fanmi oswa koup yo deside kilè yo vle fè pitit ak konbyen yo vle genyen. Pou fè planin, moun yo ka itilize divès metòd pou kontwole pouvwa fè pitit yo tankou: grenn, piki, pwotèz, enplan anba po, kapòt gason ak kapòt fanm, metòd rete net oswa grenn planin pou ijans tou.

Nan pratike planin epi limite kantite timoun pou chak fanmi, fanm ak gason ka amelyore sante ak sitiyasyon lavi chak fanmi ak kominote yo. Si yon fanmi gen twòp timoun, timoun yo ka pa jwenn ase manje pou yo manje, oswa posiblite ak opòtinite pou ledikasyon ak ekonomi. Avek twòp timoun, resous fanmi ak kominote yo vin twò piti, epi li vin difisil pou yo viv ansante ak amelyore kondisyon lavi yo.

Kèk moun nan kominote nou yo pa vle fè planin, menm si fe planin nan kapab amelyore sante yo. Kilti tradisyonèl yo aprann nou ke li enpòtan pou gen anpil timoun kòm byen malere nan sans pou asire yon demen miyò pou fanmi an. Epi tou, gen kèk moun ki konn tandè ke metòd planin yo koze lòt traka ak pwoblèm, tankou : kansè, oswa lòt maladi ki grav, e se poutèt sa, yo pè sèvi avèk metòd planin yo. Anplis de sa, gen kèk fanm ki konn sibi presyon pou pote yon pitit pou yon gason nan lide pou asire yon sipò ekonomik nan men gason an.

Ajan Kore Fanmi yo responsab pou amelyore sante fanmi ak kominote yo, ankouraje moun pou fè planin se yon nan fason pou fè sa. Men, ankouraje planin yo ka difisil. Nan modil sa, Ajan Kore Fanmi yo ap prepare tèt yo pou kontrekare pwoblèm sa nan diskite sou avantaj ki genyen nan fè planin yo ak kèk nan anpèchman sosyal ak kiltirèl planin nan ka rankontre, epi aprann sou fason pou kontrekare pwoblèm sa yo nan edike fanm ak gason sou kontwòl pouvwa fè pitit ak planin, epi tou aprann metòd pou kontwole pouvwa fè pitit, avantaj yo, sèvi avèk yo kòm sa dwa, epi konnen pwoblèm yo ka bay.

Anplis de sa, Ajan Kore Fanmi yo responsab pou distribye metòd pou kontwòle pouvwa fè pitit yo epi fè swivi ak fanm ak gason ki sèvi avèk metòd sa yo. Sa gen ladan l Depo-Provera (piki 3 mwa) ke fanm ap pran. Nan modil sa, Ajan Kore Fanmi yo pral aprann kijan pou yo distribye metòd planin yo, bay piki chak 3 mwa, fè swivi ak gason ak fanm k' ap itilize metòd pou kontwòle pouvwa fè pitit yo, epi anrejistre kantite planin yo distribye epi sèvi ak fòm ki apwopriye yo.



OBJEKTIF

Nan fèn fòmasyon sa, Ajan Kore Fanmi yo pral kapab:

- a. Defini planin ak kontwòl fè pitit, epi bay egzanp sou metòd planin yo.
- b. Site kèk nan avantaj ke planin ak kontwòl pouvwa fè pitit la gen ladan yo.
- c. Site kèk nan anpèchman sosyal ak kiltirèl ki fè moun yo pa vle sèvi ak metòd pou kontwòle pouvwa fè pitit yo ak pratike planin.
- d. Site 5 Prensip nan Sèvis Planin yo.
- e. Idantifye mit komen ak move lide sou kontwòl pouvwa fè pitit la ak reyalite oswa ajisman ki ka ede chase lide sa yo.
- f. Edike ak konseye manm kominote yo sou avantaj ki genyen nan fè planin ak kontwòl pouvwa fè pitit yo, kontrekare obstak sosyal ak kiltirèl planin nan ap fè fas ak lejand yo epi move lide sou metòd planin yo.
- g. Dekri kouman planin nan gen rapò nan bay jarèt a dwa moun.
- h. Dekri kouman planin nan kapab kontribye nan amelyore sitiyasyon lavi fanmi, kominote yo, ak nasyon an.
- i. Dekri divès metòd planin, tankou jan yo aji, kouman itilize yo kòrèkteman, pwoblem, siy danje, epi ki moun ki ka e ki pa kapab itilize yo.
- j. Demontre kouman pou itilize kapòt gason ak kapòt fanm.
- k. Bay piki Depo-Provera a fanm ki te chwazi metòd piki yo te preskri yo a pou kontwòl pouvwa fè pitit yo, epi swiv ansanm ak anrejistre fanm k ap sèvi avèk piki yo.
- l. Idantifye epi refere fanm ki souffri ak siy danje oswa pwoblem metòd planin yo, ak moun ki te sispann sèvi avèk metòd sa yo akòz de pwoblem yo, nan sant sante a.
- m. Distribiye metòd planin bay fanm ak gason selon pwotokòl sant sante lokal la, epi fè swivi avèk fanm ak gason ki sèvi avèk metòd planin sa yo.
- n. Kenbe dosye yo nan lòd epi fè swivi avèk fanm ak gason ki sèvi avèk metòd planin yo.



TAN NESESÈ: 3 jou (16 èd tan sesyon fomasyon, revizyon, poz, ak manje)



KOU DÈY SOU MODIL LA

Jou 1

6 èd tan sesyon fomasyon

Sesyon	Kontni	Metòd	Tan
1	Entwodiksyon ak Objektif Modil La	Prezantasyon fasilite Briz glas	<i>15 minit</i>
2	Prensip pou Fòmasyon an ak Bwat Kesyon Sekrè Yo	Bwase lide Prezantasyon fomatè	<i>15 minit</i>
3	Pre-tès	Evalyasyon	<i>30 minit</i>
4	Planin nan Kominote Yo	Diskisyon an gwo gwoup Bwase lide	<i>1 èd tan</i>
5	Kontrekare Pwoblèm Planin Yo	Travay an ti gwoup	<i>1 èd tan 0 minit</i>
6	Planin ak Dwa Moun	Diskisyon an gwo gwoup	<i>30 minit</i>
7	Metòd Kontwòl Pouvwa Fè Petit	Prezantasyon fomatè Aktivite an ti gwoup	<i>2 èd tan</i>

Planin

Jou 2

5 èd tans 30 minit sesyon fomasyon ak 30 minit revisyon

Sesyon	Kontni	Metòd	Tan
Revize	Repase enfomasyon Jou 1	Jwèt	30 minit
8	Revize Metòd pou Kontowle Pouvwa Fè Petit	Istwa Aktivite ant Kamarad	30 minit
9	Kapòt Gason ak Kapòt Fanm	Demonstrasyon Fòmasyon ant Kamarad	1 èd tan
10	Lejan ak Move Lide sou Metòd Planin Yo	Bwase lide Diskisyon an gwo gwoup	1 èd tan
11	Revize Etap Echanj ak Etap Konsèy Yo	Diskisyon an gwo gwoup Pyès teyat	1 èd tan
12	Edike ak Konseye Manm Kominote a sou Planin	Diskisyon an gwo gwoup Jwèt wòl	2 èd tan

Jou 3

4 èd tans 30 minit sesyon fomasyon ak 30 minit revizyon

Sesyon	Kontni	Metòd	Tan
Revize	Revizyon enfomasyon dezyem jou	Jwèt	30 minit
13	Pay Piki a Chak 3 Mwa (Depo-Provera)	Demonstrasyon Pratik	1 èd tans 30 minit
14	Distribye Metòd Planin yo ak Rapòte	Prezantasyon fasilite Istwa	1 èd tan
15	Fòm	Prezantasyon fasilite Pratik	1 èd tan
16	Pòs-tès	Evalyasyon	30 minit
17	Evalyasyon ak Bwat Kesyon Sekrè Yo	Evalyasyon	30 minit

Materyèl

Sesyon	Materyèl
Tout sesyon yo	• Manyèl fòmatè • Liv Patisipan • Gwo fèy papye • Makè • Tep
2	• Bwat kesyon sekrè
3	• Kreyon oswa plim • Kopi Pre-tèsyo
4	• Definisyon planin ak kontwòl pouvwa fè pitit ki ekri nan yon gwo fèy papye • Kesyon sou planin ki ekri nan yon gwo fèy papye
5	• Ekri rezon ki fè ke gen moun ki pa vle sèvi ak planin sou gwo fèy papye yo
6	• Ekri definisyon sou dwa moun sa sou yon gwo fèy papye
7	• Enfòmasyon sou kontwòl pouvwa fè pitit ki nan nan Liv Patisipan yo • Keksyon sou metòd planin nan Liv Patisipan yo
8	• Enfòmasyon sou metòd planin yo ki nan Liv Patisipan yo
9	• Kapòt Gason pou chak patisipan. • Kapòt Fanm pou chak patisipan. • Fo pijon gason pou mwatye gwoup la • Fo vajan pou mwatye gwoup la
10	• Gwo fèy papye, makè, tep
11	• Etap echanj yo, konsèy estanda, ak etap konsèy ki nan Liv Patisipan yo
12	• Lis Edikasyon ak Konsèy sou Planin ki nan Liv Patisipan yo • Pyès teyat ki nan Liv Patisipan yo
13	• Fo piki nan flakon • Sereng san zegwi (pou premye pratik la) • Sereng ak zegwi (pou 2zyèm pratik la) • Dlo • Savon likid oswa koton ki tranpe davans nan savon likid • Koton sèch (si koton ki tranpe davans lan pa disponib) • Alkòl • Bwat Sekirite • Mannken oswa moso fwi pou pratike bay piki • Enstriksyon sou piki ki nan Liv Patisipan yo

Sesyon	Materyèl
14	• Fè fotokopi 3 kat planin Istwa ke fasilite a te prepare • Kat planin ki vid nan Liv Patisipan yo • Fè kopi fòm vid pou Etap 7 ki anba a (si nesèsè)
15	• Kopi fòm • Desenn fòm sou yon gwo fey papyè si sa nesèsè
16	• Plim oswa Kreyon • Kopi pòs-tès yo
17	• Kesyon evalyasyon ki ekri sou gwo fey papyè a oswa sou papyè kaye nèt (si w ap planifye pou fè evalyasyon an aloral) • Fòm evalyasyon nan Liv Patisipan an (si w ap planifye pou fè) • patisipan yo fè evalyasyon an alekri)



KONSÈY: Anvan w kòmanse bay piki Depo-Provera nan kominote a, patisipan yo dwe pratike sou moun tout bon. Si sa pa posib pandan fòmasyon sa, ranje avèk yon enfimyè anvan fòmasyon an pou pran yon dat ak yon lè pou chak patisipan ka fè pratik bay piki sou vrè moun anba sipèvizyon yon enfimyè. Fasilite a dwe bay chak patisipan dat randevou pa l la pandan fòmasyon sa, epi ankouraje patisipan yo sonje randevou sa yo.



PATI KI PI ENPÒTAN YO

- Si yon fanmi gen twòp timoun, timoun yo ka pa jwenn ase manje pou yo manje, oswa posiblite ak opòtinite pou ledikasyon ak ekonomi. Avek twòp timoun, resous fanmi ak kominote yo vin twò piti, epi li vin difisil pou yo viv ansante ak amelyore kondisyon lavi yo.
- Gen defi sosyal ak kiltirèl sou planin nan kominote nou yo. Ajan Kore Fanmi an dwe kontrekare defi sa yo epi edike manm kominote a sou avantaj ki genyen nan planin.
- Gen kèk metòd planinn ki gen pwoblem, men efè sa yo anpil fwa ale apre kèk mwa. Si yon metòd bay pwoblem ki difisil pou sipòte, fanm nan ka ale nan sant sante a pou yo ka ede l jere yo, oswa chwazi yon lòt metòd.
- Metòd planinn yo afekte chak fanm yon fason diferan. Pa gen yon nan metòd yo ki aji menm jan pou tout moun.
- Kapòt Gason ak Kapòt Fanm pa bay pwoblem, epi yo se pi bon fason pou anpeche fi vin ansent. Yo pwoteje w tou kont maladi moun ka trape nan fè bagay, tankou SIDA.
- Metòd planin modèn yo pa lakòz kansè oswa lòt maladi grav. Okontrè, kèk metòd planin ka pwoteje w kont sèten kansè kay fanm, e yo ka diminye bouton sou po tou.
- Gen anpil lejand ak move lide sou metòd planin yo. Ajan Kore Fanmi an dwe ede chase move lide sa yo epi bay enfòmasyon ki kòrèk sou metòd planin yo.
- Pa sèvi avèk metòd modèn planin ka gen efè ki pi grav sou sante yon fanm pase pwoblem ki nan metòd planin modèn yo. Fè twòp pitit, fè timoun yo twò pre (mwens pase 2 zan), gen timoun piti (ki poko gen 18 lane) oswa fanm ki gen anpil laj (plis pase 35 lane) kapab yon danje pou sante fanm nan.
- Fanm ki gen SIDA yo riske bay ti bebe yo li pandan yo ansent oswa pandan y ap akouche. Yo ka edike fanm sa yo sou avantaj planin nan.
- Planin pa sèlman konsène medam yo. Mesye yo dwe pataje responsablite sa tou.
- Fanm yo gen dwa pratike planin epi pran desizyon ki kapab afekte kò yo, sante yo, ak sante fanmi yo.
- Metòd pou kontwole pouvwa fè pitit yo pa twò chè, epi gen kèk metòd ki gratis.
- Jèn fanm ka itilize metòd planin yo anvan yo kòmanse antre nan fè bagay. Yo ka toujou vin ansent lè yo pare pou gen timoun. Metòd planin (eksepte metòd rete net) pa lakòz moun pa ka fè pitit apre sa.
- Grenn planin yo ka itilize pou ranje règ medam yo epi soulaje doulè a tou.



PATI KI PI ENPÒTAN YO

Swit

- Planin gen plizye avantaj posib tankou li pemet: fanmi an amelyore kondisyon ekonomik ak sosyal; gen mwens fanm ki mouri nan fe pitit oubyen nan avotman; gen plis timoun ki kapap ale lekòl; gen plis sante nan fanmi an; moun yo viv pi byen e pi lontan; peyi nou devlope; elatriye.

SESYON 1 KÒMANSMAN AK OBJEKTIF MODIL LA



Metòd: Prezantasyon fasilite ak distraksyon



Tan: 15 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Fè prezantasyon yo, epi idantifye objektif modil la.



Preparasyon

- Revize objektif modil la.
- Ekri objektif yo nan yon fèy kaye oswa sou gwo fèy papye a epi kole l nan mi an.



Materyèl yo

- Manyèl Fomatè
- Liv Patisipan
- Fèy papye
- Makè
- Tep



ETAP YO



15 minit

1. Salye patisipan yo epi prezante tèt ou.
2. Eksplike ke nan fòmasyon sa, patisipan yo pral aprann sou planin. Nan fen modil la yo pral gen konesans ak ladrès pou ede moun nan kominote yo konprann avantaj planin nan gen ladan l, ak kouman yo ka itilize planin nan si yo vle.

3. Mande patisipan yo pou prezante tèt yo youn apre lòt pou di:
 - Non yo epi depi konbyen tan yo ap travay kòm yon Ajan kòminote polivalan
 - Sa yo espere oswa sa y ap atann de fòmasyon sa a
 - Pa egzanp: *Non mwen se Klemantin, mwen soti Pelig, mwen espere aprann kijan pou m ankouraje fanmi yo fè planin nan.*
4. Nan fen entwodiksyon an ou ka di patisipan yo ke anpil nan sa yo ap atann yo pral satisfè pandan fòmasyon sa. Atant ki pa konble pandan jou sa pral konble nan kèk lòt fason, swa nan swivi ak chak moun owsa nan yon lòt fòmasyon.
5. Mande yon moun ki vle pou li fò pou tout moun tandè objektif yo ki ekri sou gwo fèy papye a. Di patisipan yo ke fòmasyon jodi a pral kouvri tout objektif sa yo.
6. Mande patisipan yo si yo gen lòt kesyon jiske la epi reponn yo kòm sa dwa.

SESYON 2

PRENSIP POU FÒMASYON AN AK BWAT KESYON SEKRÈ YO



Metòd: Brase-lide ak prezantasyon Fasilitatè



Kantite Tan: 15 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- Kreye prensip pou fòmasyon an ki se kreye yon anviwònman kote tout moun jwenn respè ak konfyans.
- Dekri enpòtans sa genyen pou kenbe an sekre enfòmasyon fanmi yo ak enfòmasyon yo bay pandan fòmasyon an.



Preparasyon

- Prepare Bwat Kesyon Sekre yo, epi mete li yon kote ki toupre nan sal la.



Materyèl yo

- Gwo fèy papyè
- Makè
- Tep



ETAP YO



15 minit

1. Di patisipan yo pou fòmasyon an ka bay bon jan rezilta, gwoup la ap dakò sou kèk prensip pou fòmasyon an. Prensip pou fòmasyon an se règ kap ede fòmasyon an fonksyone san pwoblèm, mete anpil aksan sou fason pou moun aprann lan, ankouraje patisipasyon tout moun, epi fè patisipan yo santi yo alèz epi yo jwenn respè.
2. Mande patisipan yo pou yo brase lide sou yon ti lis prensip pou fòmasyon an. Pandan moun yo ap site règ yo, note yo an gwo lèt sou yon gwo fèy papyè.
3. Asire chak patisipan bay yon sèl lide, epitou tout moun ki vle pale ap jwenn yon chans.

4. Apre brase lide a, ajoute règ sa yo si yo poko sou lis la:

- Vini Alè
- Kenbe Sekrè
- Patisipasyon nan diskisyon ak aktivite yo
- Respè pou opinyon diferan

5. Mete fèy prensip pou fòmasyon an sou miray la pou tout rès fòmasyon an.

6. Esplike poukisa ak ki enpòtans sa genyen pou kenbe enfòmasyon yo an sekre. Di patisipan yo:

Tankou ou konnen, kenbe enfòmasyon an sekre se yon teknik ki enpòtan pou travay Ajan Kore Fanmi yo. Ou dwe kenbe **an sekre** tout sa manm fanmi an di ou, ak tout sa ou konnen sou fason yap viv. Ou ta dwe sèlman di enfòmasyon sa yo bay travayè sosyal ak bay klinisyen yo, lè li nesèsè. **Ou pa dwe di enfòmasyon sa yo menm avèk madanm/mari, frè/sè, oswa pitit moun nan, oswa avèk pwòp madanm/mari, frè/sè, oswa pitit ou.**

Kèk nan nou ka bezwen bay enfòmasyon ki gen rapò ak kay kote yo mete ou pandan fòmasyon an, oswa poze kesyon sou ka espesyal yo. Ou dwe bay enfòmasyon yo nan yon fason ki garanti pou kenbe enfòmasyon yo an sekre. Pa egzanp, pa sèvi ak non moun, pa di kote lap viv, oswa pa bay okenn lòt enfòmasyon ki ta devwale idantite moun nan. Tout moun ki nan sal sa a dwe fè sa. Epitou, ou pa dwe pale osijè enfòmasyon sekre yo andeyò fòmasyon sa a.

7. Mande patisipan yo:

- Kisa ki ta rive si ou te di yon lòt moun enfòmasyon sekre sou moun kap viv lakay ou?
(*Moun nan ta ka pèdi tout vale l oswa li ta ka viktim diskriminasyon.*)
(*Moun nan pa ta fè okenn lòt moun konfyans.*)
(*Moun nan pa ta vle ba ou enfòmasyon prive l oswa enpòtan l ankò, elatriye.*)
- Kijan ou ta santi ou si yon moun te di enfòmasyon konfidansyèl sou ou ba lòt moun?
(*Ou ta santi ou trayi.*)
(*Ou pa ta fè moun sa a konfyans ankò.*)
(*Ou pa ta santi ou alèz pou di moun nan nenpòt lòt bagay, elatriye.*)

8. Di patisipan yo:

Kenbe enfòmasyon an sekre se youn nan kalite ki pi enpòtan lè ou se yon Ajan Kore Fanmi.

9. Di patisipan yo:

Gen 3 sityasyon kote yo ka revoke yon Ajan Kore Fanmi touswit.

- Pa kenbe sekre
- Mande lajan oubyen lot bagay pou bay sèvis
- Move kondwit seksyèl

10. Mande patisipan yo reponn kesyon sa yo epi asepte plizyè repons:

- Nou fin eksplike enpòtans pou kenbe sekre. Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi pa janm mande lajan oubyen lòt bagay pou bay sèvis?
- Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi pa janm gen move kondwit seksyèl?

11. Fè patisipan yo konnen pou ede kenbe enfòmasyon an sekre pandan sesyon fòmasyon sa a, yo kapab sèvi ak Bwat Kesyon Sekre yo. Leve bwat la anlè. Fè patisipan yo konnen nan nenpòt moman pandan jounen an, si yo gen nenpòt kesyon yo pa vle poze pou tout moun tandè, yo ka mete kesyon yo nan bwat Kesyon Sekre yo. Kesyon yo kapab konsène ka patikilye oswa nenpòt lòt pwoblèm. Nan fen jounen an, wap revize ak reponn kesyon ki nan bwat la, swa avèk gwoup la, oswa avèk chak moun apa, jan li nesesè.



KONSÈY: *Al gade Bwat Kesyon Sekre yo pandan repo ak repa a, epitou revize nenpòt kesyon ou jwenn pou w ka pare pou reponn kesyon yo nan fen fòmasyon an.*

SESYON 3 PRE-TÈS



Metòd: Evalyasyon



Kantite tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Evalye konesans patisipan yo te genyen anvan sou sijè fòmasyon an.



Preparasyon

- Revize kesyon pre-tès la.



Materyèl yo

- Kreyon oswa plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi Pre-tès ki nan paj 120 Manyèl Fòmètè



KONSÈY: *Esplike pre-tès la avèk anpil prekosyon sizoka kèk patisipan pa ta abitye pran tès.*



ETAP YO



30 minit

1. Fè patisipan yo konnen yap pran yon “pre-tès” kounye a. Objektif pre-tès sa a se pa pou jije patisipan yo, men pito pou pi byen konprann sa patisipan yo konnen deja, epitou pou asire fòmasyon sa a ap satisfè bezwen yo. Pre-tès la ap ede evalye tou si fòmasyon sa a bay bon jan rezilta, epitou lap rann fòmasyon an vin pi bon pi devan.
2. Bay chak patisipan yon fotokopi pre-tès la.
3. Anvan pre-tès la, mande patisipan yo pou yo mete enfòmasyon anlè chak paj egzamen an, epi pou yo remèt li ba ou. Si yon patisipan pa konnen dat egzat li te vin yon Ajan Kore Fanmi, mande li pou ekri ane li te vin yon Ajan Kore Fanmi, epi note jou a kòm “30” ak mwa a kòm “6” (jen).

4. Fè patisipan yo konnen ou pral li kèk kesyon byen fò ki gen rapò ak sijè fòmasyon an. Patisipan yo ap reponn kesyon yo. Pou fè sa, yap antoure youn nan pi bon repons yo pou chak kesyon ki nan pre-tès yo. Kèk kesyon ap fè patisipan yo deside si yon deklarasyon vrè oswa si li fò, epitou kèk kesyon ap fè patisipan yo chwazi pi bon repons ki posib la nan yon group de repons.
5. Di patisipan yo si yo pa konnen repons pou yon kesyon, yo ta dwe kite kesyon an san repons.
6. Fè patisipan yo konnen wap fè premye kesyon an ansanm.
7. Li premye kesyon an ak repons posib yo byen fò. Mande yon volontè pou reponn, oswa reponn kesyon an poukont ou. Pou reponn kesyon sa a, patisipan yo ta dwe antoure repons ki sou papyè yo.
8. Mache vit nan sal la epi al gade pou asire patisipan yo te make repons pou premye kesyon an kòrèkteman.
9. Li rèss kesyon pre-tès la ak repons posib yo byen fò epi dousman, youn alafwa. Repete kesyon yo ak repons posib yo, jan li nesesè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
10. Esplike nan fen fòmasyon sa a, patisipan yo ap pran egzamen sa a ankò pou wè kisa yo te aprann. Wap revize repons ki kòrèk yo answit.



KONSÈY: *Korije pre-tès yo pandan yon pòz, paske wap bezwen remèt yo bay patisipan yo apre yo fin pran pòs-tès la. Pou nenpòt repons ki pa kòrèk, souliyen repons ki kòrèk la pou patisipan yo ka wè diferans ant move repons yo ak repons ki kòrèk yo.*

PRE-TÈS

Non ou: _____ Dat: _____

Sant sante: _____ ID#: _____

Fòmètè: _____ /
mwa / lane

Kilè ou te vin yon ajan kominotè polivalan? _____

Fè wonn nan “vrè” oswa nan “fo” pou kesyon sa yo:

Fòmètè a se yon nomn.		
	Vrè	Fo
1. Itilizasyon metòd planin modèn pou pa ansent se fason ki pi efikas pou pratike planin famiyal.		
	Vrè	Fo
2. Fanm ki itilize planin kouri gwo danje, paske li kapab vin gen kansè oswa kèk lòt maladi grav, oswa li ka vin pa ka fè pitit ankò.		
	Vrè	Fo
3. Nenpot ti malèz fanm ki sou planin modèn lan genyen li dwe sispann itilize metòd la.		
	Vrè	Fo
4. Metòd planin gason yo fè yo vinn pi gwo, fèb, pa anvi fè bagay, fè bèk atè.		
	Vrè	Fo

Fè wonn nan pi bon repons pou chak kesyon:

5. Chwazi metòd modèn planin yo:
 - a. **Metòd filaman, grenn planin, kapòt.**
 - b. Metòd kalandriye la oswa metòd tanperati.
 - c. Retire pijon nan vajen anvan gason an voye.
 - d. Tout nan sa yo.

6. Efe segondè ou plis jwenn lè wap itilize grenn planin, piki 3 mwa, ak planin 5 an se:
 - a. P ap janm fè pitit ankò.
 - b. **Senyen tanzantan oubyen pa wè règ.**
 - c. Vomisman ak dyare.
 - d. Tout reyaksyon alèjik, tankou po kò vin wouj.

7. Si yon fanm itilize grenn planin pou evite gwosès, li dwe pran:
 - a. **1 grenn chak jou.**
 - b. 1 grenn de (2) fwa pa jou.
 - c. 1 grenn chak jou pandan l ap ovile.
 - d. 1 grenn anvan li fè bagay.

8. Si yon fanm pran piki pou li pa vin ansent, li dwe pran yon piki:
 - a. Chak mwa.
 - b. **Chak 3 mwa.**
 - c. Chak ane.
 - d. Chak 10 zan.

9. Si yon fanm itilize metod filaman pou li pa vin ansent, li dwe ale mete yon lòt :
 - a. Apre 1 ane.
 - b. Apre 5 a 10 zan, selon kalite filaman an.**
 - c. Apre 20 ane.
 - d. Jamè. Filaman an se yon metòd pèmanan pou pa vin ansent.

10. Pratik planing familyal kapab bon ni pou gason, ni fanm, ni fanmi yo, paske:
 - a. Lè yon fanm fè pitit twò dri li kouri gwo danje pou sante li.
 - b. Fanm ak gason ki pa gen anpil pitit plis anmezi pou bay pitit yo manje, pou fè edikasyon yo, epitou pou sipòte tout pitit yo.
 - c. Kapòt gason ak kapòt fanm bay pwoteksyon kont maladi moun ka trape nan fè bagay (STI), tankou VIH.
 - d. Tout repons yo bon.**

11. Sèl metòd planin ki pwoteje kont gwosès ak malady yo trape nan fè bagay tankou VIH se:
 - a. Kapòt.**
 - b. Retire pijon nan vajen anvan gason an voye.
 - c. Grenn planin.
 - d. Piki.

12. Yon fanm ki vinn ansent ap kouri gwo danje si:
 - a. Li poko gen laj 18 tan.
 - b. Li gen laj ki plis pase 35 ane.
 - c. Li te akouche plis pase 5 timoun deja.
 - d. Tout repons sa yo.**

13. Ajan kominotè polivalan yo ta dwe:
- Repwoche fanm ak gason ki pa sèvi ak kapòt.
 - Pale de avantaj ak koman pou yo itilize metod planin yo, epitou ede moun yo pran desizyon yo poukont yo.**
 - Bay konsèy sèlman pou mou ki marye.
 - Pa diskite sou metòd espesifik pou pa ansent paske, metòd yo se zafè prive.
14. Anvan ajan kominotè polivalan an bay yon piki 3 mwa, li ta dwe:
- Bay fanm nan eksplikasyon sou efè segondè yo.
 - Bay fanm nan konsèy sou siy danje yo.
 - Netwaye kote l ap bay fanm nan piki a avèk savon likid ak koton.
 - Tout repons sa yo.**
15. Si yon fanm k ap itilize grenn planin gen maltèt ki grav, ajan kominotè polivalan an ta dwe:
- Fè fanm nan konnen sentòm li yo nòmal. Li ta dwe kontinye itilize metòd pou pa ansent lan.
 - Akonpaye fanm nan pou ale nan sant sante a imedyatman.**
 - Akonpaye fanm nan pou ale nan sant sante a nan yon semèn si sentòm yo pa amelyore.
 - Mande fanm nan pou li kouche ak pran repo.
16. Lè yon gason sèvi ak yon kapòt gason, men sa li dwe fè yonn apre lòt:
- Penche pwent lan, mare li nan yon ne apre li retire, woule desann nan pijon an, epi tcheke dat espirasyon an.
 - Woule li desann nan pijon an, tcheke dat espirasyon an, penche pwent lan, epi mare li nan yon ne apre li retire li.
 - Tcheke dat espirasyon an, gade si sache a pa gen trou, kenbe pwent lan, woule li desann lè pijon an rès, epi mare li apre li retire li.**
 - Tcheke dat espirasyon an, woule li desann nan pijon an, penche pwent lan, epi mare li nan yon ne apre li retire li.

SESYON 4

PLANIN NAN KOMINOTE YO



Metòd: Diskisyon an gwo gwoup ak Bwase lide



Tan: 1 edtan



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Defini planin ak kontwòl fè pitit, epi bay egzanp sou metòd planin yo.
- Site kèk nan avantaj ke planin ak kontwòl pouvwa fè pitit la gen ladan yo.
- Site kèk nan anpèchman sosyal ak kiltirèl ki fè moun yo pa vle sèvi ak metòd pou kontwole pouvwa fè pitit yo ak pratike planin.
- Site 5 Prensip nan Sèvis Planin yo.



Preparasyon

- Ekri definisyon sa yo sou yon fèy kaye oswa yon gwo fèy papye:
 - Planin nan se gen kantite timoun ou vle, lè ou vle yo.
 - Kontwòl pouvwa fè pitit se yon medikaman, yon manyè, oswa pratik ki anpeche w ansent. Gen plizyè kalite metòd kontwòl pouvwa fè pitit. Tout metòd kontwòl pouvwa fè pitit yo sof metòd rete net yo ka anpeche yon fanm vin ansent men se sèlman pandan l ap sèvi ak yo. Si li sispann sèvi ak yo, li ka vin ansent ankò.
- Ekri de kesyon sa yo sou de fèy kaye oswa de gwo fèy papye, youn pou chak kesyon:
 - Bay kèk nan avantaj ki genyen lè yon moun fè planin?
 - Bay kèk rezon ki fè moun pa vle sèvi ak metòd pou kontwole pouvwa fè pitit yo ak pratike planin?



Materyèl yo

- Definisyon planin ak kontwòl pouvwa fè pitit ki ekri nan yon gwo fèy papye
- Kesyon sou planin ki ekri nan yon gwo fèy papye
- Enfòmasyon sou Prensip Sèvis Planin ki nan paj 9–10 nan Liv Patisipan yo
- Enfòmasyon sou Sitiyasyon Planin an Ayiti ki nan paj 5–6 nan Liv Patisipan yo
- Fèy papye
- Makè
- Tep



KONSÈY: Kèk patisipan ka pa alèz pou pale de planin ak kontwòl pouvwa fè pitit. Si patisipan yo ezite, ankouraje yo pandan w ap di ke li enpòtan epi nesesè pou Ajan Kore Fanmi yo pale sou sijè sa yo nan lide pou ankouraje fanmi ak kominote a rete an sante. Fè patisipan yo sonje ke tout moun dwe patisipe avèk respè e ke pèsan pa dwe pè di sa yo panse epi poze kesyon.



ETAP YO



10 minit

1. Di patisipan yo:

Nan modil sa, nou pral pale sou planin ak kontwòl pouvwa fè pitit, enpòtans li, metòd yo, ak pwoblèm yo. Sak pi enpòtan, nou pral pale tou sou kèk nan rezon ki fè kèk moun nan kominote nou yo pa vle fè planin, ak kijan ou menm antanke Ajan Kore Fanmi ka ede moun yo konprann ke planin nan ka amelyore sante ak kondisyon lavi yo.

2. Mande patisipan yo:

- Kisa planin nan ye?
(*Pran repons nan men kèk moun ki vle.*)
- Kisa kontwòl pouvwa fè pitit la ye?
(*Pran repons nan men kèk moun ki vle.*)

3. Afiche gwo fèy papye ki gen definisyon planin ak kontwòl pouvwa fè pitit la. Li definisyon yo byen fò oswa mande yon moun ki vle pou li l byen fò, epi konpare definisyon yo ak lide patisipan yo:

- Planin nan se gen kantite timoun ou vle, lè ou vle yo.
- Kontwòl pouvwa fè pitit se tout mwayen ke fanm ak gason itilize pou anpeche fanm yo ansent. Gen plizyè kalite kontwòl pouvwa fè pitit. Tout metòd kontwòl pouvwa fè pitit yo sof metòd rete nèt ka anpeche yon fanm vin ansent men se sèlman pandan l ap sèvi ak yo. Si li sispann sèvi ak kontwòl pouvwa fè pitit yo, li ka vin ansent ankò.

4. Mande patisipan yo:

- Bay kèk egzanp sou metòd planin yo?

(Kapòt, grenn, piki 3 mwa, metòd flaman, piki 5 kan, metòd rete net, grenn planin pou ijans)



25 minit

5. Di patisipan yo:

Kantite fanm ki rive fè planin an Ayiti se selman 1 sou chak 4 fanm. Sa fè pa ka genyen trop chanjman nan kantite fanm kap mouri nan fè pitit ak kantite timoun kap mouri avan yo rive nan laj 5 an. Nan yon etid yo te fè an Ayiti soti ane 95 rive ane 2003, te genyen plis pase 6000 fanm ki te mouri nan zafè fè pitit ke yo pat deside fè e preske 1000 te rive mouri nan avotman ke yo te fè nan move kondisyon.

6. Mande yon patisipan li enfomasyon swivan sou Sitiyasyon Planin an Ayiti nan paj 5–6 liv patisipan an:

Timoun yo rive victim tou lè paran yo pa rive fè planin paske:

1. Yon ti moun sou 8 te rive mouri avan 5 an
2. Yon ti moun sou 14 te rive mouri avan 1 an
3. 630 sou 100,000 fanm te rive mouri nan bay lavi¹

Pwoblem fanm ki mouri nan fè pitit¹

- a. Manke sèvis matènite pou akouchman nan seri de zòn
- b. Fanm yo ansent twò dri
- c. Twò timoun fèt nan yon fanmi
- d. Avotman ki fèt lakay charlatan ki fèt nan move kondisyon
- e. Gwosès twò bonè oubyen twò ta

7. Kole premye gwo fèy papyè ou te prepare a, poze kesyon an, epi ekri repons patisipan yo sou fèy la:

- Ki kèk nan avantaj ki genyen nan pratike planin?

(Fè twòp timoun youn dèyè lòt, oubyen vin ansent twò jèn oswa twò granmoun, kapab danje pou sante yon fanm, e an menm tan yon danje pou sante tibebe a. Planin nan ede pwoteje fanm ak ti bebe a kont tout danje sa yo paske li pèmet fanm nan rete toujou anfòm, rete an sante, ak matris li poze.)

(Fanmi ki pa gen anpil timoun kapab pi byen manje, voye timoun yo lekòl, epi pi byen sipòte yo.)

(Mari ak madadanm gen chans pou yo jwi lavi yo, yo genyen chans pou yo fè plis ekonomi, genyen plis kè kontan na fwaye a.)

¹ Emmus 4: Enquete Mortalite Maternelle et Utilisation de Services

(Sou plan nasyonal ak sosyal peyi a ka devlope pi byen, ka genyen plis moun kap travay, ka genyen mwens grangou, ka gen mwens mizè.)

(Sou plan endividyèl, moun ki pa fè two pitit gentan pou li pran swenn tet li ak fanmi li, li gentan pou li travay, li gentan pou li fè komès ak lòt aktivite sosyal.)

(Gen pi piti kantite timoun gras a planin nan ka ede nou reyalize pi bon sante ak byennèt ekonomik, epi pote kole nan sante ak byennèt ekonomik kominote yo ak tout peyi a.)

(Fanm ki gen VIH kapab transmèt VIH bay ti bebe yo pandan yo ansent ak pandan y ap akouche. Fanm sa yo ka itilize metòd planin pou anpeche yo ansent si yo vle. Yo kapab aprann tou kijan pou yo pa transmèt VIH bay ti bebe yo pandan yo ansent la, pandan y ap akouche, ak apre akouchman an, nou rele sa PTME (anpeche manman an transmèt bay pitit li).)

(Kapòt fanm ak kapòt gason pwoteje kont enfeksyon moun ka trape nan fè bagay tankou VIH.)

(Pafwa, fanm yo konn mouri pandan y ap akouche epi kite timoun yo òfelen. Sèvi ak kontwòl pouvwa fè pitit ka diminye ris sa.)

(Si jèn fi itilize kontwòl pouvwa fè pitit pou anpeche yo ansent, yap ka rete lekòl pi lontan epi yap pi byen prepare pou sipòte fanmi yo lè yo pi gran. Pa gen okenn nesesite pou kòmanse fè pitit nan laj 15 oswa 16 lane; Fanm ka pote pitit aprè anpil ane.)

(Si fanm sèvi ak metòd planin, yo pap ansent anpil epi yo pap gen pou chèche fè avòtman ilegal. Sa pral redwi kantite fanm ki konn souffri ak konplikasyon oswa mouri nan avòtman ilegal. Avòtman ilegal vini an 3zyèm pozisyon nan lakòz lanmò manman yo an Ayiti.)

(Planin ka diminye risk kèk maladi tankou gwòsès deyò matris; Kansè nan matris; Kys nan ovè; Maladi nan tete; Anpeche san an vin twòp sou fanm lan lè li genyen règ li; ak Doule ak kranp lè fanm lan genyen règ li.)

(Patisipan yo ka site lòt avantaj.)

- 8.** Lè patisipan yo fin site tout rezon ke yo panse, tcheke lis la sou gwo fèy papye a. Si nenpòt nan lide ki anwo yo manke, ajoute yo nan lis la.



25 minit

- 9.** Di patisipan yo:

Nou konnen ke fanm ak gason kapab sèvi ak divès metòd pou kontwòle pouvwa fè pitit yo pou pratike planin epi gen kantite timoun yo vle, lè yo vle. Nou konnen tou ke gen anpil avantaj nan metòd pouvwa fè

pitit yo ak planin yo. Men, gen kèk moun ki pa vle fè planin oswa sèvi ak metòd pou kontwòl pouvwa fè pitit yo menm si sa kapab amelyore sante fanmi yo.

- 10.** Lè patisipan yo fin site tout rezon ke yo panse, tcheke lis la gwo fèy papye a. Si gen nenpòt nan rezon anwo yo ki manke, ajoute yo nan lis la.

- 11.** Di patisipan yo:

Ou sot site anpil avantaj ki genyen nan pratike planin, ak anpil rezon ki fè moun yo pa vle sèvi avèk metòd pou kontwòl pouvwa fè pitit yo ak pratike planin. Rezon sa yo anpeche kèk moun sèvi ak metòd yo, tandi ke kontwòl pouvwa fè pitit la kapab amelyore sante fanmi ak kominote yo. Nan pwochen sesyon an, nou pral pale sou fason, antanke Ajan Kore Fanmi, ou kapab kontrekare rezon sa yo epi ede moun yo konprann enpòtans ak avantaj ki genyen nan planin nan.

- 12.** Afiche gwo fèy papye ki gen avantaj ak rezon yo pou tout rès fòmasyon an.

- 13.** Di patisipan yo ke andan pwogram planin gen 5 gwo prensip.

- 14.** Mande yon patisipan li “Prensip Sèvis Planin” nan paj 9–10 liv patisipan an:

Prensip sèvis Planin

1. **Volontè:** Manm kominote a gen dwa pou deside chwazi nenpòt metod planin. Moun ka ba li sevis la dwe respekte chwazi li.
2. **Chwa enfome:** Manm kominote a met chwazi metod aprè ajan fin ba li tout enfòmasyon sou tout metod planin yo. Manm kominote a dwe jwenn tout espikasyon sou metod li chwazi a.
3. **Konfidansyalite:** Nou dwe kenbe sekre tout sa manm kominote yo di nou.
4. **Vijilans:** Moun kay bay planin lan dwe gen rezilta tès gwosès lan lè moun lan ap fè PF pou premye fwa osinon li te abandone. Li dwe prete anpil atansyon fas a moun ki pi ekspozé pout rape IST/VIH oswa Hb. Pou kelkeswa metòd planin yo chwazi fòk yo toujou ba yo kapòt paske lòt metòd planin yo pa proteje kont IST.
5. **Angajman kominotè:** Angajman kominote a kapab fè plis moun rive fè planin; li kapab ankouraje plis moun nan kominote a chwazi yon metòd pou kontwòl pouvwa fè pitit yo.

- 15.** Mande si patisipan yo gen kempot kesyon sou Prensip Sèvis Planin yo.

SESYON 5

KONTREKARE PWOBLÈM PLANIN YO



Metòd: Travay ant ti gwoup



Tan: 1 èd tan 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- f. Edike ak konseye manm kominote yo sou avantaj ki genyen nan fè planin ak kontwòl pouvwa fè pitit yo, kontrekare obstak sosyal ak kiltirèl planin nan ap fè fas ak lejand yo epi move lide sou metòd planin yo.



Preparasyon

- Ekri 5 rezon ki fè moun yo pa vle fè planin nan sou 5 gwo fèy papye, yon rezon pou chak fèy. Ekri rezon yo nan tèt fèy la pou l ka domine sal la. Si gen lòt rezon ki enpòtan ke patisipan yo pat site nan sesyon anvan an (anplis oswa olye de sa yo), itilize yo pito (youn pou chak fèy). Pwoblem ak laperèz kansè oswa lòt maladi grav, se de rezon enpòtan ki lakoz moun yo pa vle sèvi avèk kontwòl fè pitit, yo pral diskite pi plis de sa nan lòt sesyon yo, kidonk ou pa bezwen mete sa yo la.
 - Yon fanmi ki gen anpil timoun se yon gwo siy lespwa nan tribilasyon.
 - Ti bebe yo mouri souvan, sa vin fè fanmi yo vle gen anpil pitit paske yo konnen yo pral pèdi kèk ladan yo.
 - Moun yo vle gen anpil pitit paske timoun yo kapab sipòte fanmi an nan travay ak fè jaden.
 - Mari a, chèf fanmi an, oswa lòt manm nan fanmi an konn fè presyon sou fanm nan pou l pa sèvi avèk metòd planin.
 - Kèk fanm ka sibi presyon pou pote pitit pou yon gason paske li bezwen asire sipò ekonomik nan men gason an.
- Kole fèy papye yo nan mian, yo chaknan yon zòn diferan nan sal la (fè moun ki vle ede w).



Materyèl yo

- Ekri rezon ki fè ke gen moun ki pa vle sèvi ak planin sou gwo fèy papye yo
- Fèy papye
- Makè
- Tep



KONSÈY: *Pwoblèm sosyal ak kiltirèl sou planin ak kontwòl pouvwa fè pitit ki anba "Preparasyon" ki nan mitan kominote nou an. Si gen lòt rezon enpòtan ke ou santi ou dwe diskite anplis oswa olye de sa yo ki site nan "Preparasyon" itilize yo tou. Pwoblèm ak laperèz kansè oswa lòt maladi grav, se 2 rezon ki trè enpòtan ki lakoz moun yo pa vle sèvi avèk metòd planin yo, nou pral diskite sou yo an detay pi devan nan fòmasyon sa, kidonk ou pa bezwen ekri yo la.*



ETAP YO



5 minit

1. Di patisipan yo:

Nan sesyon anvan an, ou te site kèk nan avantaj ki genyen nan pratike planin nan, avèk kèk nan rezon ki fè ke gen moun ki pa vle pratike planin. Antanke Ajan Kore Fanmi, se ou ki responsab pou amelyore sante fanmi ak kominote yo, epi ankouraje yo fè planin se youn nan fason pou fè sa. Men, akòz de rezon ke nou te diskite yo, ankouraje planin yo ka difisil. Kounyeya, nou pral diskite sou kijan ou kapab fè apwòch pou pale ak fanmi yo epi ba yo enfòmasyon sou planin nan.

2. Lonje dwèt sou rezon ke w te ekri yo ki nan divès pati nan miray nan sal la. Li chak rezon byen fò. Di patisipan yo:

Jan nou te diskite nan sesyon anvan an, sa yo se kèk nan gwo rezon ki fè moun yo pa vle fè planin ak kontwòl pouvwa fè pitit yo. Rezon sa yo soti nan eksperyans moun yo, oswa paske moun yo pa gen ase enfòmasyon sou kontwòl pouvwa fè pitit, yo pòv, oswa sa yo te anseye yo kwayanssa yode jenerasyon an jenerasyon. Nou menm te site tou kèk lòt rezon, men rezon sa yo ki sou mi yo pi dri nan kominote kote w ap travay yo, donk nou pral konsantre nou sou sa yo kounyeya. Nou pral pase yon ti tan ap diskite sou kijan ou kapab pale ak fanmi yo sou bagay sa yo.

Anplis de 5 rezon ki ekri sou miray yo, 2 lòt rezon ki komen anpil ki fè fanm pa vle sèvi avèk kontwòl pouvwa fè pitit yo se:

- Fanm yo panse ke metòd planin pral ba yo kansè oswa lòt maladi grav.
- Fanmki eseye metòd planin ki konn santi pwoblèm yo.

Metòd planin yo pa bay fanm kansè oswa lòt maladi grav. Epi menm si kèk metòd planin gen pwoblèm, sa yo se efè ki souvan pa grav, epi yo ka jere yo. Nou pral pale plis sou laperèz pou maladi grav ak

pwoblem sa yo nan yon lòt sesyon, epi konsantre nou sou 5 lòt rezon yo kounyeya.

- 3.** Divize patisipan yo an 5 ti gwoup (oswa pi plis si w ap sèvi avèk plis rezon) epi voye chak ti gwoup nan youn nan fèy ki afiche yo. Bay chak gwoup yon makè.

- 4.** Eksplike aktivite an ti gwoup la:

- Imajine ke w ap pale ak yon moun sou planin. Imajine ke moun nan di ke li pa vle sèvi avèk kontwòl pouvwa fè pitit ak pratike planin akòz de rezon ki sou fèy ou a.
- Avèk manm nan gwoup ou a, pale sou sa ou ka di moun sa a nan lide pou ankouraje l fè planin.
- Pandan w ap pale, kenbe nan tèt ou avantaj nou te site nan aktivite anvan yo.
- Chwazi yon manm nan gwoup la pou ekri lide w yo sou fèy la.
- Chwazi yon manm nan gwoup la ki pral prezante pou gwo gwoup la.
- Asire w ke tout manm nan gwoup la patisipe nan diskisyon an.
- Ou ap gen 30 minit pou travay.



30 minit

- 5.** Bay ti gwoup yo 30 minit pou yo travay. Pandan tan sa, mache nan sal la epi ede si bezwen.



10 minit

- 6.** Mande ki ti gwoup ki ta renmen prezante an premye. Epi mande lòt patisipan yo pou vin pase nan zòn ke ti gwoup la ye a epi kanpe devan fèy gwoup la.
- 7.** Mande yon reprezantan ti gwoup la pou vin prezante lide gwoup la.
- 8.** Lè reprezantan gwoup la fini, mande lòt patisipan yo:
- Ki kòmantè ouwa lòt lide ou genyen?
- 9.** Si nenpòt moun bay yon lide anplis, mande sekretè gwoup la pou ekri lide sa yo sou fèy gwoup li a. Si nenpòt lòt moun ta bay yon lide ki pa apwopriye, eksplike poukisa epi paekri li sou fèy la (oswa mande gwoup la pou fè yon kwa sou li si l te deja la).



40 minit

- 10.** Repete menm etap sa pou chak ti gwoup, jiskaske tout gwoup yo fin prezante lide yo. Pandan gwoup yo ap pataje lide yo, al gade enfòmasyon ki anba a epi asire w ke li ekri yon kote sou lis gwoup la (ekri paragaf ki kout oswa fraz sèlman):

(Yon fanmi ki gen anpil timoun ka pa kapab ba yoase manje, rad oswa veye yo lekòl kidonk, li ka vin pi pòv, pa pi rich.)

(Gen lòt siy richès ak byennèt ki pa afekte sante yon fanmi jan yon gwo kantite timoun ka fè sa, pa egzanp: yon kay ki byen bati, gen anpil bèt, timoun ki byen manje e ki fini lekòl, anpil tè ki pap gen pou separe bay anpil timoun lè yo pi gran, elatriye.)

(Fanmi ki gen pi piti kantite timoun gen pi bon chans pou kenbe timoun yo an sante konsa yap gen mwens timoun ki mouri.)

(Plis timoun ka bay plis èd nan fè travay jaden oswa lòt travay, men yo bezwen plis manje ak plis resous. Plis timou nan gen ledikasyon plis li ap ka travay pi byen.)

(Planin se pa zafè fanm sèlman. Gason yo dwe pataje responsablite sa a tou.)

(Ajan Kore Fanmi ak travayè sosyal yo kapab ede fanm yo aprann kijan pou yo pale avèk patnè yo sou kontwòl pouvwa fè pitit ak planin nan, pou ke mesye yo ka konprann enpòtans li pou sante fanm nan ak sante fanmi yo.)

(Ajan Kore Fanmi ak travayè sosyal yo kapab konseye koup yo, gason, bèl mè ak rès manm fanmi an sou koman planin nan pral amelyore sante ak byennèt fanmi an.)

(Fanm yo gen dwa pran pwòp desizyon pa yo sou bagay ki gen rapò ak sante epi byennèt yo. Sa vle di fanm yo gen dwa deside kijan ak kilè pou yo fè bagay, epi kilè yo vle ansent.)

(Planin nan pote kole nan sante ak amelyore kondisyon lavi fanm yo ak kominote yo. Si yon fanmi gen anpil timoun, yo ka pa jwenn ase manje pou yo manje, oswa ledikasyon ak opòtinite ekonomik. Ak twòp timoun, resous fanmi ak kominote yo vin twò piti, epi li vin difisil pou yo viv ansante ak amelyore kondisyon lavi.)

(Si Ajan Kore Fanmi yo distribye metòd planin yo regilyèman epi fè swivi avèk moun ki sèvi avèk yo, gason ak fanm ap gen plis anvi pou eseye metòd kontwòl fè pitit yo epi kontinye sèvi avèk yo.)

(Patisipan yo ka bay lòt lide.)



5 minit

11. Di patisipan yo:

Kèk moun nan kominote nou yo pa vle fè planin ak kontwole pouvwa fè pitit yo akòz rezon sa yo ak anpil lòt ankò. Ou jis sot site plizyè lide sou kijan pou pale ak fanmi yo sou rezon ki fè yo pa vle fè planin ak kontwole pouvwa fè pitit yo.

Men, menm lè w ap pale ak fanmi yo pandan w ap sèvi ak lide sa yo, li ka difisil pou ede fanmi yo konprann enpòtans ak avantaj ki genyen nan planin ak kontwòl pouvwa fè pitit yo.

Li enpòtan pou pale fanma k gason sou planin ak kontwòl fè pitit. Planin se pa zafè fanm sèlman. Gason yo dwe pataje responsablite sa a tou.

Edike fanmi ak kominote yo sou planin ka yon pwosesis ki long epi ki lan. Pafwa li difisil pou chanje atitid ak konpòtman moun yo, paske yo te aprann yo atitid ak konpòtman sa yo se depi yo te jèn. Men, chak fwa w ap pale ak yon moun sou planin nan, ou fè yon diferans. Edikasyon se yon fason enpòtan pou chanje atitid moun yo ak amelyore sante kominote yo.

12. Rezime pandan w ap fè patisipan yo sonje:

Planin se yon fason enpòtan pou ede fanm, timoun, fanmi, ak kominote yo amelyore kondisyon lavi yo. Si fanmi yo gen twòp timoun, yo ka pa gen sekirite nan zafè manje oswa nan zafè ledikasyon ak opòtinite ekonomik. Ak twòp timoun, mwayen fanmi ak kominote yo vin twò piti, epi li vin difisil pou yo pou amelyore kondisyon lavi yo. Yon fanmi ki pi piti vle di pi bon kondisyon lavi pou tout moun.

Pita nan fòmasyon sa, ou pral gen chans pratike edike fanmi.

13. Kite fèy ki gen 5 rezon yo kole nan mi an pou rèz fòmasyon an.

SESYON 6

PLANIN AK DWA MOUN



Metòd: Diskisyon an gwo gwoup



Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- g. Dekri kouman planin nan gen rapò nan bay jarèt a dwa moun.
- h. Dekri kouman planin nan kapab kontribye nan amelyore sitiyasyon lavi fanmi, kominote yo, ak nasyon an.



Preparasyon

- Ekri definisyon sou dwa moun sa sou yon gwo fèy papye:
- Ki sa dwa moun nan ye?
- Dwa moun se yon dwa ke TOUT moun genyen, kèlkeswa ras li, orijin li, laj li, relijyon l, ke l fanm ke l gason, opinyon politik li, fè pitit, oswa estati sosyal. Dwa moun tabli kritè ke moun yo bezwen pou viv nan diyite. Dwa moun egal epi inivèsèl pou tout moun.



Materyèl yo

- Fèy papye
- Makè
- Tep



KONSÈY: Sesyon anvan an prezante lide ke planin ka ede pwoteje sante ak byennèt ekonomik fanmi, kominote yo, ak nasyon an. Sesyon sa a pral bay jarèt nan konsèp sa a ki enpòtan epi konekte li nan konsèp dwa moun nan.

Kèk patisipan ka pa abitye avèk koze legal pou dwa moun. Yo ka pa kapab bay yon definisyon ki dwat pou dwa moun an premye oubyen pa kapab bay anpil egzanp sou dwa moun. Lòt patisipan pa gen yon pi bon konprann nan zafè dwa moun. Men antanke yon moun kap viv andeyò kote anpil moun souffri de mankman nan zafè dwa moun, tout patisipan yo pral konprann gen kèk bagay fondamantal ak kondisyon ke moun bezwen pou yo viv lib ak nan diyite. Lesansyèl nan aktivite sa mete aksan sou kijan li gen rapò ak planin, olye pou l konsantre sou definisyon legal la.



ETAP YO



5 minit

1. Di patisipan yo:

Sonje ke w ap travay kòm yon pati nan yon sistèm swen sante ki gen yon apwòch sou dwa moun ki baze sou swen sante. Sa vle di ke yon pati nan travay ou se ede manm kominote yo pou viv nan diyite, reyalize bon jan lasante, ak sekirite sou dwa moun.

An nou rewè lide sa a pandan yon ti tan.

2. Mande patisipan yo:

- Kisa dwa moun nan ye? Kisa sa vle di gen dwa moun?

(Pran repons nan men kèk moun ki vle.)

3. Kole definisyon dwa moun ou te prepare a epi li l byen fò oswa mande yon moun ki vle pou li l:

- Kisa dwa moun nan ye?

(Yon dwa moun se yon dwa ke TOUT moun genyen, kèlkeswa ras li, orijin li, laj li, relijyon l, ke l fanm, ke l gason, opinyon politik li, kote l fèt, oswa kondisyon sosyal li. Dwa moun tabli kritè ke moun yo bezwen pou viv nan diyite. Dwa moun egal epi inivèsèl pou tout moun.)



5 minit

4. Mande patisipan pou sonje fòmasyon anvan yo kote yo te pale de dwa moun ak reflechi sou eksperyans yo tou. Mande:

- Ki kèk egzanp ou ka bay sou dwa moun? Oswa, Ki kèk egzanp nan fason oswa kondisyon tout moun bezwen pou yo viv lib ak nan diyite?

(Envite patisipan yo reflechi sou pwòp vi pa yo ak moun ki nan vwazinaj yo yon fason pou ede yo panse de egzanp sou dwa moun. Si patisipan yo gen difikilte pou site egzanp yo, bay youn oubyen de egzanp pou ka kòmanse bwase lide a.)

(Egzanp dwa moun gen ladan l:

Pèsòn moun pa esklav

Tout moun gen dwa pou reflechi epi di sa yo panse san kè sote

Yo pa gen dwa tòtire oswa maltrete yon moun

Tout moun gen dwa pou patisipe nan gouvènman (pou vote, elatriye)

Tout moun gen dwa pou posede byen

*Tout moun gen dwa pou genyon nivo vi ki nòmal pou lasante ak byennèt yo ak fanmi yo, tankou dwa pou jwenn **bon jan swen lasante***

Dwa a ledikasyon sa vle di pou tout moun al lekòl

Viv lib epi rete san danje kont malè)



15 minit

5. Di patisipan yo:

Nou konnen tout moun gen dwa pou jwenn ase manje, kay pou yo rete, ak lasante. Tout moun gen dwa pou jwenn ledikasyon. Tout moun gen dwa a tout bagay sa yo nan lide pou reyalize lasante ak byennèt yo. Li te mèt se gason, fanm, ti gason, oswa tifi.

Men pafwa nan kominote ak nasyon nou an, dwa moun pase nan rizib. Yo pa gen ase manje, bon kay pou yo rete, ledikasyon, ak swen sante. Yo pa gen lasante ak byennèt.

Epi pafwa, kwayans tradisyonèl ak fason yo trete fanm ak ti fi nan kominote nou yo konn fè fanm ak ti fi neglije dwa pa yo, pi plis pase sante ak byennèt gason ak ti gason yo.

Pa egzanp, pafwa kwayans tradisyonèl yo kwè ke fanm yo pa gen dwa pou pran desizyon sou planin nan. Sa a kapab afekte sante ak byennèt fanm nan, ak fanmi an, epi sa vle di ke yo vyole dwa moun.

Planin nan fe pati de dwa de sante seksyèl. Sa vle di se dwa moun nan pou li gen kontrol appareil reproduktif li. Si moun nan bezwen yon metod planin li pa jwenn li se yon violasyon dwa mou li ye.

6. Mande patisipan yo:

- Ki kwayans tradisyonèl ak fason pou trete fanm ak tifi nan kominote nou yo ki ta ka lakòz yo pa pèmèt fanm yo deside lè yo vle fè bagay ak lè pou yo fè pitit ?

(Pran divès repons. Repons yo ka gen ladan yo:

(Fanm souvan pote pitit gason pou yo jwenn sipò ekonomik paske pa gen anpil opòtinite ekonomik pou fanm yo. Pi fò travay yo se gason ki jwenn yo an premye paske fanmi an te ba yo plis privilèj nan al lekòl ak pran fòmasyon.)

(Yo souvan fòse fanm yo fè bagay kont volonte yo, epi yo menase avèk abi fizik oswa abandone si yo pa respekte yo.)

(Kèk gason kwè ke yo gen dwa pou yo fòse fanm fè bagay lè yo vle, jan yo vle, elatriye.)

(Gen kèk moun ki bay fanm kontwòl sou kò pa yo, pa egzanp: fanm pa gen dwa pratike planin, yo dwe pote valè timoun ke gason an vle, elatriye.)

(Kek fwa le fi yo tonbe ansent papa pitit pa okipe li.)

(Akòz lamizè, fanm konn oblije vann kò yo pou yo ka okipe tèt yo ak fanmi yo.)

(Patisipan yo ka site lòt egzanp.)

- Si yo pa pèmèt fanm pran desizyon sou planin oswa gen kontwòl sou sante sèksyèl yo, kijan sa kapab afekte sante fanmi l, ak aksè nan dwa moun?

(Si yon fanm fè twòp pitit, sante l ka an danje.)

(Si yon fanm mouri nan akouchman, pitit li yo riske mouri tou.)

(Si yon fanm pa gen okenn kontwòl sou kò l oswa sou pouvwa fè pitit li, li kapab trape yon enfeksyon ki transmèt nan fè bagay, tankou VIH, oswa vin ansent lè li pa vle.)

(Si yon fanm ansent san l pa vle epi al chèche fè avòtman ilegal, li riske genyen yon konplikasyon nan sante l, li ka menm mouri.)

(Si yon fanm fè twòp pitit, fanmi an ka pa gen ase manje pou yo manje, oswa aksè a ledikasyon pou paran oswa pitit yo.)

(Si fanm pa gen kontwòl sou kò ak sante sèksyèl li, yo kapab soufri detrès sikolojik enpòtan, pa egzanp laperèz, estrès, elatriye.)

(Patisipan yo ka site lòt lòt lide.)

- Kijan planin nan kapab ede fanm avèk fanmi yo pou yo jwi dwa moun epi reyalize sante ak byennèt yo?

(Fanm yo gen dwa pou pran desizyon ki gen rapò ak kò yo ak sante yo, ak sante fanmi yo.)

(Garanti dwa fanm genyen nan fè planin ede asire ke fanm yo rete an sante, fanm nan, timoun yo ak fanmi an gen ase pou jwenn ase manje, aksè a ledikasyon, ak opòtinite ekonomik.)

(Patisipan yo ka site lòt egzanp.)



5 minit

7. Di patisipan yo:

Kèk Ajan Kore Fanmi ka panse ke fanm pa ta dwe pran desizyon sou planin nan, metòd pou kontwole pouvwa fè pitit oubyen fè bagay.

Men, antanke Ajan sante Kominotè, se travay ou pou w ede tout moun, gason, fanm, ti gason, ak ti fi pou viv nan diyite epi reyalize bon sante ak byennèt. Sa vle di ke fòk ou ede ni gason yo ni fanm yo dwe konprann ke fanm gen dwa fè planin nan pou pwòp sante yo ak sante fanmi yo. Fanm yo dwe gen kontwòl sou pwòp kò yo, epi yo kapab deside kilè ak kijan y ap fè bagay, epi lè yo vle gen pitit.

8. Di patisipan yo:

Planin se pa sèl bagay ki ede fanm, timoun, ak fanmi yo reyalize pi bon sante ak byennèt ekonomik. Anpil lòt rezon ki afekte sante pa pèmèt fanmi yo reyalize sante ak byennèt, tankou jan yo separe tè ak lòt resous yo egal ego. Prejije ak diskriminasyon kont yo pa pèmèt fanmi (si manm nan fanmi an gen VIH, elatriye) kouman gouvènman lokal la oubyen nasyonal yo trete moun; oubyen sitiyasyon politik lokal ou ak nasyonal la (lame, dezakò, lagè). Men, menm si sa yo se lòt faktè ki fè kondisyon lavi yo difisil, aprann ak pratike planin yo kapab ede fanmi yo amelyore byennèt pa yo.

Ou ka gen pwòp dout pa w sou planin ak kontwòl fè pitit. Ou ka pa vle fè li pou tèt ou. Men antanke Ajan Kore Fanmi ou dwe tabli egzanp nan kominote ou. Ou pa kapab mande lòt moun pou fè planin si w pa respekte l pou tèt ou.

Après sa n ap rewè kalite kontwòl pouvwa fè pitit ak pwoblèm yo. Après sa w ap gen chans edike fanmi yo sou kontwòl pouvwa fè pitit ak planin.

SESYON 7

METÒD KONTWÒL POWWA FÈ PITIT



Metòd: Prezantasyon fasilite ak Aktivite an ti gwoup



Tan: 2 èd tan



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- i. Dekri divès metòd planin, tankou jan yo aji, kouman itilize yo kòrèkteman, pwoblem, siy danje, epi ki moun ki ka e ki pa kapab itilize yo.
- l. Idantifye epi refere fanm ki souffri ak siy danje oswa pwoblem metòd planin yo, ak moun ki te sispann sèvi avèk metòd sa yo akòz de pwoblem yo, nan sant sante a.



Preparasyon

- Revize enfòmasyon sou divès metòd pou kontwòl fè pitit.
- Chache konnen ki metòd planin ki disponib nan zòn nan, epi kòman ak ki kote yo ka jwenn li.
- Chèche jwenn echantiyon nan tout kalite metòd planin ki disponib yo (echantiyon plizyè nan chak kalite si sa posib).



Materyèl

- Kesyon sou Metòd Planin nan paj 65 nan Liv Patisipan
- Echantiyon tout metòd pou kontwòl pouvwa fè pitit ki disponib yo (plizyè echantiyon nan chak kalite si posib)
- Kesyon yo ki ekri nan yon gwo fèy papye (gade preparasyon)
- Enfòmasyon sou kontwòl pouvwa fè pitit ki nan paj 19–49 nan Liv Patisipan yo



KONSÈY: Sesyon sa a long epi li gen ladan l anpil enfòmasyon. Bay patiaipan yo ti repo epi ogmante nivo enèji pandan prezantasyon an, planifye ti enèjizè apre 3yèm prezantasyon ti gwoup yo.



ETAP YO



5 minit

1. Di patisipan yo:

Nou sot pale de kèk rezon ki fè ke gen moun ki pa vle sèvi ak kontwòl pouvwa fè pitit epi pratike planin, kèk bagay ke ou kapab di moun pou ede yo batay kont pwoblèm sa a, ak kouman planin kapab ede fanm, fanmi yo, epi kominote yo jwenn byennèt ekonomik ansanm epi jwi de dwa moun.

Anplis pale avèk fanm ak gason sou tout bagay sa yo, ou ta dwe bay fanm ak gason enfòmasyon ki jis sou chak kalite planin ki disponib nan zòn ou an, epi di yo ki kote epi kòman yo ka jwenn kalite metòd planin sa yo. Toutotan moun yo gen plis enfòmasyon, gen pi piti chans pou yo pa vle eseye metòd planin yo, epi yo pral kapab pi byen chwazi metòd ki reponn ak bezwen oswa sitiyasyon yo.

Ou dwe tou distribye kèk nan kalite kontwòl pouvwa fè pitit bay fanm ak gason epi fè swivi avèk yo regilyèman. Nou pral pale de distribisyon ak swivi yo pita nan fòmasyon an.

2. Mande patisipan yo:

- Ki kalite metòd modèn planin ki disponib nan zòn ou an?
(*Kapòt, grenn, piki 3 mwa, piki 5 kan, metòd filaman, metòd rete net, oubyen Grenn Planin Ijans, metòd kolye, metòd alètman matènèl ak pa wè règ, sa pral varye selon zòn nan.*)
- Nan metòd sa yo, ki sa ou panse pi ka fè metòd la pi byen aji?
Poukisa?
(*Kite patisipan yo bay opinyon yo. Yo pral aprann plis sou efikasite ak kalite metòd tradisyonèl yo nan sesyon sa a.*)
- Nan zòn nou an, ki kote moun kapab jwenn kalite metòd planin sa yo?
(*Bay patisipan yo enfòmasyon sou kote yo ka jwenn kalite metòd planin ki disponib nan zòn yo a. W ap mande tout moun enfòmasyon ki nan Manyèl pa yo nan fen sesyon sa a.*)
- Ki metòd planin tradisyonèl (ki pa modèn) ou ka jwenn nan zòn ou an?
(*«Metòd kolye», retrè, metòd alètman matènèl ak pa wè règ, oswa abitud lokal yo.*)
- Nan metòd tradisyonèl sa yo, ki sa ou panse pou metòd la ka byen aji?
Poukisa?
(*Kite patisipan yo bay opinyon yo. Yo pral aprann plis sou efikasite nan sesyon sa a.*)




15 minit

3. Di patisipan yo:

Metòd planin yo pwoteje kont tout gwosès, men chak metòd travay nan youn nan 3 fason, epi ki gen yon degre varye nan efikasite. Konprann ki jan metòd sa yo travay, n ap revize ki jan yon fanm vin ansent.

4. Mande patisipan yo pou gade imaj ki sou paj 19–21 nan Liv Patisipan, epi itilize enfòmasyon ki anba yo pou ka eksplike.
5. Mande yon patisipan li anfòmasyon sou pati jenital yon gason sou paj 19–20 nan Liv Patisipan pandan w'ap montre pati gason yo nan imaj la:

Pati jenital yon gason




- **Testikil** (boul grenn): Se 2 glann ki pwodui espèmatozoyd ak òmon kay gason (testostewòn), li jwe menm wòl ak ovè kay fanm yo. Gen 2 boul grenn, boul grenn goch la pi bak e boul grenn dwat la.
- **Epididim**: Se yon ògan ki genyen yon fòm tib ki chita anlè ak deyè boul grenn yo. Espèmatozoyid janbe kanal epididim lan avan yo rive nan kanal semans lan. Se li menm ki fè espèmatozoyid yo byen devlope.
- **Kanal semans**: Se 2 kanal ki relye epididim yo ak ak vezikil seminal e pwostat.
- **Vezikil seminal**: Li ogmante kantite dlo ki nan semans gason, li pèmèt semans gason an rete anvi, li chita ant kanal semans lan ak pwostat la.
- **Pwostat**: Li gen ladann plizyè glann ki kole ansanm e li bay yon dlo ki ale nan kanal pipi (irèt) gason lè gason an ap fèbagay.

- **Kòk gason:** Pati sa a la pou fè bagay, lè gason anvi fè bagay kòk la rèd paske li chaje ak san.
- **Kanal pipi (Irèt):** Li menm longè ak kòk la li rive nan pwòstat ak blad pipi, li sèvi tou kòm kanal pou gason an ejakile ak kanal pou li pipi.
- **Espèmatozoyid:** Se jèm ke 2 boul grenn yo pwodui ki pèmèt gason an fè pitit lè li kontre ak ze fi a. Yo telman piti se nan mikwoskob pou ta wè yo.

6. Mande yon patisipan li anfomasyon sou pati jenital yon fanm sou paj 20–21 nan Liv Patisipan pandan w'ap montre pati fanm yo nan imaj la:

Pati jenital yon fanm



Gwosès ak akouchman depann de 4 pati ki anndan ak anba ti vant fi a:

- **Ovè (sak ze):** se 2 ti boul ki bay yon pwodui ki rele òmon, se li tou ki pon ze (ovil) nan moman ovilasyon fi a.
- **Tib (tronp):** se yon kanal ke jem ze a pase pou li rive nan matris la.
- **Matris (manman vant):** Se la ti bebe a devlope, se ladan li règ fi a soti, li patisipe nan akouchman tou. Li genyen 3 pati ki se kòl matris la, mitan matis lan, ak kò matris la.
- **Vajen (boubounn):** Se kote fanm lan fè bagay, se kote règ fanm lan koule, se kote timoun lan soti lè akouchman.

7. Mande yon patisipan pou li enfòmasyon sou sik Manstryèl sou paj 21 nan Liv Patisipan.

Sik manstryèl

Se period premye jou règ yon fi jiska avan denye jou lot règ la tounen li divize an 4 faz:

1. **Premye faz:** règ la dire 3 a 5 jou oubyen plis.
2. **Dezyèm faz:** faz folikilè, se yon pati nan sak ze ki vinn pi gwo ki pwodui yon òmon yo rele estrojen.
3. **Twazyèm faz:** se lè sak ze a ponn yon ze.
4. **Katryèm faz:** se faz kote sak ze a pwodui yon kò jon ki genyen ladan'l 2òmòn kise estroje ak pwojesteròn, lè sa a fanm lan prepare pou li tonbe ansent, konsa sik la rekomanse si fanm lan pa tonbe ansent.

Gwosès ak pa wè règ: Depi gwosès la rive règ la ansanm ak ovilasyon an tou kanpe, lè sa nou pale de pa wè règ.

8. **Mande:** Kòman yon fanm vin ansent?

Kite yon patisipan eksplike, epi pandan l ap eksplike, montre zòn yo vizyèl (matris la, ovè, elatriye). Ede epi korije lè sa nesèsè. Asire ke eksplikasyon an gen ladan enfòmasyon sa yo sou fekdasyon:

- Chak mwa, yon **ze** lage nan matris la. Li soti nan **ovè** yo, epi vwayaje desann nan yon tib ki nan vant lan ki rele tronp pou rive nan matris la. Si yon fanm pa vin ansent pandan mwa sa, ze a pral fonn epi soti lè fanm nan gen règ li.
- Lè gason ak fanm fè bagay, dechay soti nan pijon gason an pase monte nan **pati fi a** ak nan matris la.
- Si dechay ki soti nan pijon gason an konekte ak ze a nan sèten fason, ze a tache anndan nan matris la epi kòmanse grandi pou vin tounen tibebe. Sa a vle di fanm nan ansent. Tibebe a ap grandi pou 9 mwa epi lè sa a fèt.

Di: Metòd planin yo travay youn nan 3 fason sa yo:

- Nan anpeche ze ki te lage yo (anpeche ovilasyon)
- Nan anpeche dechay la jwenn ze a
- Nan anpeche ze a kole anndan matris la

Repwodiksyon:

Repwodiksyon an fèt a pati selil seksyèl, yonn lakay gason an e lot la lakay fanm nan. Lakay gason an se 2 boul grenn (testikil) yo ki responsab pou 'l fè sa. Lakay fanm nan se sak ze (se ovè). Men gen lòt pati nan kò fanm ak kò gason ki jwe wòl enpotan nan fè pitit.



10 minit

9. Mande patisipan yo:

Kounyeya nou pral revize enfòmasyon enpòtan sou metòd pou kontwòl pouw fè pitit yo konsa w ap ka reponn kesyon ke moun yo pral gen pou poze w, ankouraje moun pou yo ale nan sant sante a pou jwenn metòdnkontwòl pouw fè pitit yo, epi ede moun yo chwazi metòd ki mache pi byen pou yo a.

10. Separe patisipan yo an 5 ti gwoup (pa menm gwoup ak nan sesyon anvan yo). Eksplike chaj ti gwoup la:

- Mwen pral bay chak ti gwoup kèk kesyon.
- Jwenn repons kesyon yo pa etidye enfòmasyon sou metòd planin sou paj 23–49 nan liv nou yo.
- Asire w ke tout manm gwoup patisipe.
- Chwazi 2 manm gwoup pou prezante repons ou nan gwo gwoup la.
- W ap gen 30 minit nan travay.

11. Mande tout moun jwenn Kesyon sou metòd planin yo sou paj 65 nan liv yo. Bay chak gwoup youn seri kesyon.

30 minit

12. Di gwoup yo kòmanse travay. Pandan gwoup yo ap travay, sikile ak ede si sa nesesè. Bay gwoup avètisman 15, 5, ak 1-minit yo.

10 minit

13. Di gwoup yo sispann travay. Mande reprezantan Gwoup 1 yo pou yo vin devan nan sal la epi prezante kesyon yo ak repons yo. Konfime oswa korije jan sa nesesè.**14. Mande patisipan yo sa ki kesyon oswa kòmantè yo genyen sou enfòmasyon ki prezante a. Mande manm Gwoup 1 oswa lòt patisipan ki gen esperyans yo reponn, oswa reponn pou tèt ou si sa nesesè.**

40 minit

15. Repete menm pwosesis sa (Fè menm bagay la) pou gwoup 2–5.



10 minit

16. Mande patisipan yo:

- Kòm nou fin revize kèk metòd grenn planin lakòz pwoblem. Pwoblem lakòz kèk fanm sispann eseye metòd planin yo apre kèk semèn oswa apre kèk mwa. Ki sa ou ka di fanm sou pwoblem sa yo pou ede soulaje laperèz yo epi ankouraje yo sèvi ak metòd planin modèn yo? Kisa nou fèk sot revize sou pwoblem yo ke ou te ka di fanmi yo?

(Pifò pwoblem nan sèvi ak metòd grenn, enplan oswa piki ale apre kèk mwa epi pwoblem yo ka dezagreyab pandan yon ti tan, men anpil fwa yo pa rete nèt.)

(Pwoblem se pa siy maladi.)

(Fanm nan ka pale avèk doktè oswa enfimye nan sant sante a sou pwoblem sa yo, doktè a oswa enfimye yo ka ede fanm nan jere pwoblem sa yo oswa ede l chanje pou yon lòt metòd planin diferan.)

(Kèk fanm ka santi pwoblem nan yon metòd men pa nan yon lòt, epi kèk fanm ka santi anpil pwoblem nan tout metòd yo. Chak moun diferan.)

(Kapòt gason ak kapòt fanm bay pwoblem tou piti. Gen kèk gason ak fanm ki konn santi yon reyaksyon alèji ak materyèl ki fè kapòt yo men sa pa rive souvan. Si pa gen okenn pwoblem yo ka wè ke kapòt yo vreman efikas nan anpeche gwasos epi pwoteje kont maladi moun ka trape nan fè bagay tankou VIH.)

- Ki konsèy ou ka bay fanm yo pou ede yo fè fas avèk mit sa yo, pwoblem yo an patikilye:

– Senyman de tanzantan:

(Anpil fanm ki te kòmanse itilize òmòn grenn planin vin gen anpil laperèz sou chanjman nan règ yo chak mwa. Konseye fanm yo epi ba yo asirans sou chanjman sa yo youn apre lòt se pi bon fason pou ede yo kontinye itilize metòd planin yo. Ekplike fanm nan ke sa a se yon efè nòmal ke òmòn ki nan metòd planin yo lakòz. Si senyen an vin pi piti pase anvan fanm nan te kòmanse pran planin nan, sa pap yon pwoblèm pou li, san an pa pral «bati» anndan l oubyen lakoz maladi. An reyalyte bay pi piti kantite san pandan règ kapab minimize ris pou fanm nan anemi.)

– Tèt fè mal:

(Fanm nan ka bwè aspirin oswa sèvi ak remèd lokal ki disponib yo; si maltèt yo grav anpil, li dwe chèche wè doktè.)

– Kè plen:

(Si l ap pran grenn planin fanm nan ka eseye pran l pandan l ap manje, touswit apre l fin manje, oswa anvan l al dòmi oubyen li ka eseye pran remèd lokal ki disponib nan lokalite a.)

- Bouton sou po vin pi mal:

(Si bouton sou po yo ap kontinye vin pi mal apre 3 mwa fanm nan kapab mande doktè oswa mis yo pou chanje l pou yon lòt metòd planin.)

17. Di patisipan yo:

Kòm nou konnen kèk fanm ka santi pwoblèm yo lè yo sèvi avèk metòd planin yo, men pifò nan efè sa yo pa grav epi yo ale apre kèk mwa. Pa sèvi avèk metòd planin ka gen efè ki pi grav sou sante yon fanm pase pwoblèm ki nan metòd planin modèn yo pou kontwòl pouvwa fè pitit. Fè anpil pitit lakòz timoun yo fèt twò dri (pi piti ke 2 zan), oswa fè pitit twò jèn (ki poko gen 18 lane) oswa twò granmoun (plis pase 35 lane) kapab yon danje pou sante fanm nan.

18. Mande patisipan yo:

- Kijan fè anpil pitit, fè pitit twò dri, oswa fè pitit twò jèn oswa twò granmoun kapab yon danje pou sante fanm nan?

(Pran repons nan men moun ki vle.)

19. Rezime pandan w ap di patisipan yo:

Fanm ki vin ansent anvan dènye pitit yo gen 2 zan gen plis chans vin anemi sa kapab fè yo fèb epi fè yo malad. Kò fanm nan bezwen tan pou l geri apre l akouche oswa bay tete.

Fanm ki fin fè plis pase 5 timoun gen plis chans gen pwoblèm tankou senyman de tanzantan ki se yon danje pandan planin nan.

Kò yon tifi ak jèn fanm yo (ki poko gen 18 lane) pa pare pou gwosès ak fè pitit e sa kapab yon danje pou yo.

Fanm ki gen plis pase 35 lane kouri ris pou gen yon gwosès ki difisil oswa an danje pandan l ap akouche.

20. Mande patisipan yo kesyon sa yo epi ankouraje yon diskisyon tou kout:

- Ki metòd natirèl oswa tradisyonèl koup yo itilize pou anpeche yon fanm vin ansent?

(“Natirèl” oswa “metòd kolye” metòd bay tete, retrè; patisipan yo ka site non lòt metòd tradisyonèl.)

- Kijan koup sèvi ak “metòd natirèl” oswa “etòd kolye”?

(Si fanm gen règ yo regilye li ka anjeneral prevwa lè li ovile epi evite fè bagay pandan jou sa yo chak mwa.)

- Kilè Bay tete ka anpeche yon fanm vin ansent?

(Si fanm bay tibebe l tete otan ke tibebe a vle si lèt tete se bagay la sèlman tibebe a manje si mwa règ yo fanm nan poko retounen fanm nan an jeneral pa ka ansent pou 6 premye mwa apre li fin akouche a.)

- Kijan koup yo pratike retrè-a?

(Gason an retire pijon li nan vajan fanm nan anvan l voye.)

- Kijan metòd natirèl oswa tradisyonèl sa yo efikas?

(Natirèl oswa metòd tradisyonèl yo PA efikas anpil. Si koup vle anpeche fè pitit, yo dwe sèvi ak metòd planin modèn yo.)

- 21.** Mande patisipan yo ki kòmantè oswa lòt kesyon yo genyen konsènan metòd planin modèn yo. Reponn kesyon si bezwen, oswa mande moun ki vle pou reponn.
- 22.** Mande patisipan yo sa ki rete kòmantè oubyen kesyon yo fin fè sou metòd modèn pou kontwòl pouvwa fè pitit. Reponn kesyon sa nesesè, oswa poze yon volontè kesyon an.
- 23.** Raple patisipan yo ke yo dwe revize enfòmasyon sou metòd planin yo nan paj 19–49 nan Manyèl pa l. Yo pral itilize enfòmasyon sa yo edike fanm ak gason sou metòd pou kontwòl pouvwa fè pitit.
- 24.** Di patisipan yo ki jan ak ki kote kominote a ka jwenn metòd grenn planin ki disponib nan zòn pa yo. Mande tout moun ekri enfòmasyon sa a ki nan paj 54 nan Manyèl yo a.



Planin Grenn



Kòman metòd planin grenn nan aji?

Fanm nan pran yon grenn. Grenn nan degaje **òmòn** (sibstans ki sanble ak sa ki nan kò fanm). Òmòn sa yo anpeche ovilasyon; ki yo menm, anpeche ovè fanm nan pwodwi yon jem ze ki konn nan vant li. Gen kèk grenn ki fè matris la vin ratresi konsa li vin pi difisil pou ze a tache matris la. Si pa gen jem ze nan vant li, yon fanm pa ka ansent. Kèk nan metòd yo fè glè sèvikal ki nan matris la vin pwès konsa dechay paka pase pou ale rankontre ak ze a (jem fi a).

Itilizasyon ki kòrèk: Se doktè oswa mis yo ki dwe preskri grenn planin yo. Yon fanm dwe pran 1 grenn chak jou nan menm lè a pandan jounen an, menm si lap fè oswa pap fè bagay jou sa. Chak grenn dire pou 1 jou. Si yon fanm ta bliye pran yon grenn li dwe pran grenn li te bliye a san pèdi tan epi al wè yon doktè oswa yon mis.

Tan metòd la ap pran pou li aji: 7 jou. Pandan premye 7 jou fanm ap pran grenn yo li ka toujou tonbe ansent. Pou pa tonbe ansent koup la dwe sevi ak kapot pandan premye 7 jou yo

Efikasite: Metòd grenn nan se yon planin ki bon anpil toutotan ke fanm nan pranl chak jou.

Pwoteksyon kont VIH ap lòt maladi moun ka trape nan fè bagay: NON

Pwoblem

Kèk fanm ka santi:

- Chanjman nan règ yo chak mwa tankou ti senyen de tanzantan, senyen tou piti, oswa pa wè règ ditou.
- Chanjman nan ekoulman natirèl vagen l
- Ti senyen tou kout oswa pwolonje de tanzantan ki kontinye pou plis pase 2 semèn oswa ki kòmanse sanzatan apre plizyè mwa
- Tèt fè mal



KONTWÒL POUVWA FÈ PITIT

Swit

- Tèt vire
- Kè plen
- Tete yo vinn lou
- Vin gwo oswa vin piti
- Tanperaman chanje
- Bouton sou po (ka amelyore oswa vin pi mal men pi souvan li amelyore)

Pwoblèm sa yo souvan ale apre kèk mwa.

Siy danje

Yon fanm sèvi ak grenn planin tadwe chèche wè doktè tou swit si:

- Li sispèk li ansent.
- Li devlope migrèn oswa tèt fè mal pi plis pase anvan l te kòmanse pran grenn nan.
- Li montre siy depresyon.
- Gwo doule deye jaret oswa anba kè.
- Li gen senyman tou piti oswa anpil ki dire lontan e ki kontinye pou plis pase 2 semèn.

Kiyès ki ka sèvi avèl

Pifò fanm kapab sèvi ak metòd grenn planin nan san danje, tankou fanm ki genyen oswa ki pa gen pitit, ki marye oswa pa marye, ki gen nenpòt laj, ki fin fè yon avòtman oswa foskouch, ki gen VIH, ki gen varis oswa ki anemi.

Fanm yo ta dwe chwazi metòd grenn planin pou anpeche yo ansent si yo panse yo pral kapab sonje pou pran 1 grenn chak jou menm jan an.

Kiyès ki pa ka sèvi avèl

- Fanm k'ap bay tete pa ka pran kèk kalite metòd grenn planin
- Fanm ki gen plis pase 35 lane ki fimen pa ka pran kèk kalite metòd grenn planin
- Fanm ki gen maladi fwa (lajònis, epatit, siwoz oswa yon timè nan fwa)
- Fanm ki gen tansyon wo
- Fanm ki fè sik (dyabèt)
- Fanm ki gen boul nan kou oubyen nan tet, kriz kadyak oswa lòt pwoblèm kè grav
- Fanm ki genyen oswa ki te gen kansè nan tete
- Fanm ki fe ou ki te fe varis kap senyen ou byen ki te gen ou ki genyen anboli poumon
- Fanm ki gen kèk lòt kondisyon sante ki grav (tèt fè mal migrèn, elatriye)



KONTWÒL POUVWA FÈ PITIT

Swit

- Fanm ki fek akouche dwe pale avek yon dokte pou deside kile yo ka komanse pran grenn
- Fanm ki ap pran kèk medikaman pou kriz malkadi oswa tibèkiloz

Efè sou fètilite: Grenn planin pa fè fanm pa ka fè pitit. Si yon fanm ki sèvi ak metòd grenn planin nan ta vle vin ansent, li ka sispann pran metòd grenn planin nan epi l ap vin ansent san pèdi tan.

Piki 3 mwa



Kòman piki yo aji?

Fanm nan pran yon piki chak 3 mwa ki rele Depo-Provera. Piki a gen òmòn ladan l (sibstans ki sanble ak sa ki nan kò fanm). Òmòn sa yo anpeche ovilasyon; ki yo menm, anpeche ovè fanm nan pwodwi yon ze ki konn nan vant li e ki konn monte nan twonp li. Si yon fanm pa ovile, pa gen jem ze nan matris li, li pap ka ansent.

Itilizasyon ki kòrèk: Se doktè oswa mis ki dwe preskri piki 3 mwa yo. Yon fanm dwe fè sèt gwoès anvan li pran premye piki a, epi yo pa ta dwe fè bagay san pwoteksyon pandan 2 semèn anvan yo pran piki a. Li dwe pran premye piki a nan yon sant sante. Apre sa li dwe pran yon piki chak 3 mwa nan sant sante a oubyen nan men Ajan Kore Fanmi an. Chak piki dire pou 3 mwa.

Tan metòd la ap pran pou li aji: 2 jou. Pandan premye 2 jou apre fanm lan fe piki a li ka toujou tonbe ansent. Pou pa tonbe ansent koup la dwe sevi ak kapot oubyen pa fe bagay pandan premye 2 jou yo.

Efikasite: Metòd piki yo bon anpil, toutotan fanm nan vin pran piki yo chak 3 mwa.

Pwoteksyon kont VIH ak lòt maladi moun ka trape nan fè bagay: NON



Pwoblem

Kèk fanm ka santi:

- Chanjman nan règ yo chak mwa tankou senyman iregilye oswa ki dire lontan pandan 3 premye mwa yo, ak senyen pafwa oswa pa senyen ditou apre 1 lane
- Chanjman nan ekoulman vajinal
- Tèt fè mal
- Tèt vire
- Tete vinn lou ak malalèz
- Vin gwo oswa vinn piti
- Tanperaman chanje
- Mwens anvi fè bagay

Pwoblem sa yo souvan ale apre kèk mwa.

Siy danje

Yon fanm ki sèvi ak metòd piki a ta dwe chèche wè doktè san pèdi tan si:

- Li sispèk li ansent.
- Li devlope gro tèt fè mal ke li pat abitye genyen avan li komanse pran piki yo.
- Li montre siy depresyon.
- Si souf li kout oubyen si li gen pwoblem pou respire.
- L ap bay yon ti kras oswa anpil san ki dire lontan e ki kontinye pou plis pase 2 semèn oswa kòmanse sanzatan apre plizyè mwa.

Kiyès ki ka sèvi avèl

Pifò fanm kapab sèvi ak metòd piki a san danje, tankou fanm ki genyen oswa ki pa gen pitit, ki marye oswa pa marye, ki gen nenpòt laj, ki fin fè yon avòtman oswa foskouch, k ap bay tete, ki fimen sigarèt, oswa ki gen VIH.

Fanm yo ta dwe chwazi metòd piki a pou anpeche yo ansent si yo kapab al pran l chak 3 mwa menm jan an.

Kiyès ki pa ka sèvi avèl

- Fanm ki fèk akouche (yo dwe tann jiska 6 semen aprè yo finn akouche pou yo pran piki a)
- Fanm ki gen maladi fwa (lajònis, epatit, siwoz oswa yon timè nan fwa)
- Fanm ki gen tansyon wo (nan kèk ka)
- Fanm ki fè sik (dyabèt) (nan kèk ka)
- Fanm ki gen gwo kou, kriz kadyak oswa lòt pwoblèm kè grav



KONTWÒL POUVWA FÈ PITIT

Swit

- Fanm ki genyen oswa ki te gen kansè nan tete
- Fanm ki konn abitye senyen yon fason ki pa nòmal (anvan l kòmanse pran piki a)
- Fanm ki gen kèk lòt kondisyon sante ki grav (tèt fè mal migrèn, elatriye)

Efè sou fètilite: Metòd piki a pa fè fanm pa ka fè pitit. Si yon fanm ki sèvi ak metòd piki a ta vle vin ansent epi sispann pran piki a, sa ka pran ant 5 a 12 mwa pou sistèm kò l retounen nan nòmal li epi pou ovilasyon an retounen, epi l ap vin ansent ankò.

Piki 5 kan



Kouman piki 5 kan yo aji?

Yon piki 5 kan (Jadèl), yo mete l anba po nan bra fanm nan oubyen bo kwis li. Li bay **òmòn** fanm (sibstans ki sanble ak sa ki nan kò yon fanm). Li degaje òmòn yo tanzantan pou yo vin dire pou lontan. Òmòn sa yo anpeche ovilasyon; ki yo menm, anpeche ovè fanm nan pwodwi yon ze ki konn nan vant li e ki konn monte nan tromp li. Si yon fanm pa ovile, pa gen jem ze nan matris li, li pap ka ansent.

Itilizasyon ki kòrèk: Se yon doktè oswa yon mis ki dwe preskri metòd piki 5 kan se yon doktè ki resevwa fòmasyon pou sa ki pou mete l. Jadèl la gen 2 baton epi li dire pou 5 an. Enplanon gen 1 baton epi li dire pou 3 zan.

Tan metòd la ap pran pou li aji: 7 jou. Pandan premye 7 jou apre fanm lan fe piki a li ka toujou tonbe ansent. Pou pa tonbe ansent koup la dwe sevi ak kapot oubyen pa fè bagay pandan premye 7 jou yo.

Efikasite: Yon piki 5 kan trè efikas toutotan yon fanm jwenn li chak 3 zan (Enplanon) oswa 5 an (Jadèl).

Pwoteksyon kont VIH ak lòt maladi moun ka trape nan fè bagay: NON



Pwoblem

Kèk fanm ka santi:

- Chanjman nan règ yo chak mwa, senyman iregilye, senyen tou piti oswa pa senyen ditou.
- Vant fè mal
- Tèt fè mal
- Tèt vire
- Anvi vomi
- Tete vinn lou
- Vin gwo oswa vin piti
- Tanperaman chanje
- Bouton sou po (ka amelyore oswa vin pi mal)

Pwoblem sa yo souvan ale apre kèk mwa.

Siy danje

Yon fanm ki sèvi avèk metòd enplan an ta dwe ale kay doktè san pèdi tan si:

- Li sispèk li ansent.
- Li devlope gro tèt fè mal ke li pat abitye genyen avan li komanse pran piki yo
- Li montre siy depresyon.
- L ap bay yon ti kras oswa anpil san ki dire lontan e ki kontinye pou plis pase 2 semèn oswa kòmanse sanzatan apre plizyè mwa.
- Si li gen gwo vant fè mal.
- Plasman kote yo te foute enplan an ta vin enfekte.
- Si souf li kout oubyen si li gen pwoblem pou respire.
- Enplan an kòmanse soti.

Kiyès ki ka sèvi avèl

Pifò fanm kapab sèvi ak metòd enplan an, tankou fanm ki genyen oswa ki pa gen pitit, ki marye oswa pa marye, ki gen nenpòt laj, ki fin fè yon avòtman oswa foscouch, k ap bay tete, ki fimen sigarèt, ki gen VIH, ki gen varisèl, oswa anemi.

Fanm yo chwazi metòd enplan an pou anpeche yo ansent si yo pa vle ansent pandan anpil ane.

Kiyès ki pa ka sèvi avèl

- Fanm ki gen maladi fwa (lajònis, epatit, siwoz oswa yon kansè nan fwa)
- Fanm ki gen san gonfle nan janm yo oswa poumon yo (kounye a oswa anvan sa)




KONTWÒL POUVWA FÈ PITIT

Swit

- Fanm ki genyen oswa ki te gen kansè nan tete
- Fanm ki konn abitye senyen yon fason ki pa nòmal (anvan l ye mete enplan an)
- Fanm ki gen kèk lòt kondisyon sante ki grav (malady tèt fè mal, elatriye)
- Fanm ki ap pran kèk medikaman pou kriz malkadi oswa tibèkiloz

Efè sou fètilite: Metòd piki 5 kan an pa fè fanm pa ka fè pitit. Si yon fanm k ap sèvi ak li ta vle vin ansent, li ka fè retire'l an epi l ap vin ansent tou swit aprè.

Metòd Filaman



Kijan metòd filaman aji?

Metòd filaman la se yon plastik ki gen fòm yon “T” yo mete andedan matris yon fanm nan sant sante a. Li anpeche yon ze soti nan ovè a pou al kole nan matris fanm nan, pou l pa ka ansent. Gen 2 kalite filaman. Yon fèt ak kwiv lòt la fèt an plastik epi li degaje yon ti kantite òmòn ki rele levonòjestrèl chak jou.

Itilizasyon ki kòrèk: Se yon doktè ki dwe preskri Metòd filaman nan epi se yon espesyalis ki resevwa fòmasyon pou sa ki dwe mete l. Yon ‘filaman an kwiv dire pou apeprè 10 zan, sa an plastik la dire apeprè 5 an.

Tan metòd la ap pran pou li aji: 7 jou. Pandan premye 7 jou apre fanm lan fe mete l li ka toujou tonbe ansent. Pou pa tonbe ansent koup la dwe sevi ak kapot pandan premye 7 jou yo.

Efikasite: Yon ‘filaman trè efikas toutotan yon fanm resevwa youn tou nèf chak 5 lane oswa chak 10 zan, sa depann de kalite a.

Pwoteksyon kont VIH ak lòt maladi moun ka trape nan fè bagay: NON



Pwoblem

Kèk fanm yo ka santi:

- Chanjman nan règ yo chak mwa, tankou senyen anpil oswa senyen iregilye
- Plis kranp ak doulè pandan règ yo chak mwa
- Plastik levonorjèstrèl Metòd filamanla ka lakòz: maltèt, vètij, kè plen, tèt fè mal, vin gwo, chanjman tanperaman, oswa bouton sou po (ka amelyore oswa vin pi mal)

Pwoblem sa yo souvan ale apre kèk mwa.

Siy danje

Yon fanm kap sèvi avèk metòd Metòd filamanla dwe chèche wè doktè san pèdi tan si:

- Li senyen anpil oswa bay yon ti san ki kontinye pou plis pase 2 semèn, oswa kòmanse sanzatan apre plizyè mwa.
- Li gen gwo kranp anba vant li pandan li gen règ li chak mwa ki pa janm pase apre 3 a 6 mwa.
- Li gen sentòm anemi (gwo fatig oubyen feblès, zong trè pal oswa anndan po je l.)
- Li gen gwo doulè nan anba vant, pèt vaginal ki pa nòmal, lafyèv oubyen frison, doulè pandan l ap pipi, senyen apre l fin fè bagay, anvi vomi oswa vomisman.
- Li sispèk li ansent.
- Li pa kapab santi kòd 'filaman an.
- Filaman an kòmanse soti oswa soti nèt.

Kiyès ki ka sèvi avèl

Pi fò fanm kapab san danje itilize filaman ki fèt an kwiv la, tankou fanm ki gen oswa pa gen pitit, marye oswa pa marye, nenpòt laj, fanm ki te fè yon avòtman oswa foskouch, fanm kap bay tete, ki fimen sigarèt, ki gen VIH, oswa ki fè travay ki egzije anpil efò fizik.

Fanm yo ta dwe chwazi metòd sa pou anpeche gwasès si yo trè asire ke yo vle anpeche gwasès pandan plizyè ane.

Kiyès ki pa ka sèvi avèl

- Fanm ki fèk akouch (yo dwe tann jiska 4 semen aprè akouchman an avan yo sèvi ak metòd piki 5 kana)
- Fanm ki gen enfeksyon nan vajen yo
- Fanm ki gen kansè nan matris oubyen nan ovè, oswa tibèkiloz nan basen yo
- Fanm ki gen SIDA (nan kèk ka); si fanm yo gen VIH, men se pa SIDA yo kapab itilize filaman



KONTWÒL POUVWA FÈ PITIT

Swit

- Fanm ki anemi
- Fanm ki gen boul nan matris oswa defomasyon nan basen
- Fanm ki gen yon gwo ris pou trape enfeksyon (IST)
- Fanm ki ansent
- Anplis, fanm pa dwe itilize metòd Enplan an plastik la si yo gen boul san nan venn yo, ki nan fon kè, janm yo oswa poumon, gen maladi nan fwa (lajònis, epatit aktif, siwoz, oswa yon timè fwa), ki te gen oswa ki gen kansè nan tete.

Efè sou fètilite: Metòd filaman pa fè fanm pa ka fè pitit. Si yon fanm k ap sèvi ak metòd filaman nan ta vle vin ansent, li pral fè retire filaman nan epi l ap vin ansent ankò. Sa ka pran yon ti tan oswa kèk mwa pou l ka vin ansent ankò.

Kapòt pou Gason



Kouman kapòt pou gason an aji?

Yon gason mete yon kapòt sou pijon l nan sans vètikal anvan rapò. Kapòt la anpeche gwoès paske l anpeche dechay la tonbe andedan fanm nan.

Ki jan pou w byen mete l: Yon gason dwe mete yon kapòt lè pijon l kanpe byen di anvan rantrè l. Kapòt la dwe rete sou li. Li pa dwe gen twou. Yon gason dwe sèvi avèk yon kapòt nèf chak fwa li pral fè bagay obyen fè yon lòt ke.

Lè w ap itilize kapòt, moun pa dwe itilize lòt sibstans ki gen lwil tankou grès. Yo ka domaje kapòt la. Sibstans sa yo gen ladan bagay yo sèvi pou kwit manje, lwil bebe, grès kakawo ak gaz, manba ak konfiti, krèm.

Efikasite: Kapòt gason yo trè bon, men sèlman si yo itilize yo kòrèkteman.

Tan metòd la ap pran pou li aji: Kapòt gason yo aji toutswit.



KONTWÒL POUVWA FÈ PITIT

Swit

Pwoteksyon kont VIH ap lòt maladi moun ka trape nan fè bagay: Kapòt se metòd ki ba nou kontwòl sou fè timoun, ki pwoteje nou kont sida ak lòt enfeksyon (VIH ak IST). Si nou itilize kapòt la kòrèkteman, pou anpeche likid ak mikwòb soti nan yon moun a yon lòt pandan yap fè bagay nap rive pwoteje tèt nou kont VIH ak IST yo epi jere pawòl fè timoun nan.

Pwoblem

- Kapòt gason an jeneral pa lakòz pwoblem.
- Gen kèk gason ak kèk fanm ki fè move eksperyans ak kapòt tankou gratèl, woujè, oswa anflamasyon nan pijon yo, vajen, lenn, oubyen kwis pandan oswa apre yo fin sèvi avèk yon kapòt gason.

Siy danje

Fanm ak gason ki sèvi ak kapòt ta dwe chèche jwenn swen medikal san pèdi tan si:

- Kapòt la chire pandan y ap fè bagay. Yo ta dwe resevwa kontrasepsyon an ijans oubyen fè tès depistaj pou IST ak resevwa tretman bonè si sa nesèsè.
- Yo gen yon move reyaksyon alèji ak kapòt yo (pal oswa gratèl sou tout kò a, vètij, pwoblèm pou respire, oswa pèdi konesans apre yo fin sèvi ak yon kapòt).

Kiyès ki ka sèvi avèl

Prèske tout gason ak fanm ka itilize kapòt pou gason san danje, tankou gason ak fanm ki gen oswa pa gen timoun yo, oswa pa marye, yo nan nenpòt laj, oswa ki gen gwo pwoblèm medikal.

Kiyès ki pa ka sèvi avèl

- Gason ak fanm ki gen alèji ki grav an latèks pa dwe itilize kapòt gason.
- Fanm yo ki itilize sèten medikaman nan vajen nan trete enfeksyon nan vajen pa dwe itilize kapòt pandan tretman an

Efè sou fètilite: Kapòt pou gason an pa fè gason an pa ka fè pitit. Si yon gason sispann sèvi ak kapòt, li ka ansent yon fanm la pou la.



Kapòt pou Fanm



Kouman kapòt pou fanm nan mache?

Yon fanm mete yon kapòt pou fanm nan vajan li anvan la l fè bagay. Kapòt la anpeche l ansent paske li anpeche dechay gason an antre nan kò fanm nan.

Itilizasyon ki kòrèk: Yon fanm dwe mete yon kapòt nan vajan li kòrèkteman anvan lal fè bagay. Kapòt la dwe rete andedan l. Li pa dwe gen twou. Yon fanm dwe itilize yon kapòt ki nèt chak fwa lap fè bagay oubyen yon lòt ke.

Lè yo sèvi ak kapòt fanm, moun yo ka itilize nenpòt ki kalite librifyan. (Kapòt fanm fèt an plastik, pa an lateks, konsa librifyan ki gen lwil pap andomaje kapòt la.)

Tan metòd la ap pran pou li aji: Kapòt pou fanm aji toutswit.

Efikasite: Kapòt fanm yo trè bon, men se sèlman si yo itilize yo kòrèkteman.

Pwoteksyon kont VIH ak lòt maladi moun ka trape nan fè bagay: Kapòt la se SÈL metòd planin ki pwoteje w kont VIH ak lòt maladi moun ka trape nan fè bagay. Si yo itilize l kòrèkteman, kapòt la anpeche likid ak mikwòb soti nan yon moun pou pase a yon lòt moun pandan y ap fè bagay. Se poutèt sa kapòt pwoteje w kont VIH ak lòt enfeksyon moun ka trape nan fè bagay.

Pwoblèm

- Kapòt Fanm anjeneral pa lakòz pwoblèm.
- Gen kèk gason ak fanm ki ka santi yon ti iritasyon, woujè, gratèl oswa anflamasyon nan pijeon oswa vajan yo pandan oswa apre yo fin sèvi avèk yon kapòt fanm.

Siy danje: Pa genyen

Kiyès ki ka sèvi avèl

Tout fanm ka itilize kapòt pou fanm san danje, tankou fanm ki gen oswa ki pa gen pitit, marye oswa pa marye, nenpòt laj, oswa ki gen gwo pwoblèm sante.




KONTWÒL POUVWA FÈ PITIT

Swit

Efè sou fètilite: Kapòt pou fanm pa fè fanm pa ka fè pitit. Si yon fanm sispann sèvi ak kapòt la, li ka vin ansent la pou la. **Kisa Metòd rete net la ye?**

Metòd sa a anpeche yon fanm pou l pa ansent ankò oswa yon gason pou l pa kapab ansent fanm ankò. Sa fèt a pati de yon ti operasyon ki byen senp.

Metòd rete net

Pou gason an, operasyon sa rele yon **vazektomi**. Tiyo yo ki pote dechay gason an nan pijon li yo koupe, pou ke dechay pa ka soti nan pati gason an.

Pou yon fanm, operasyon sa rele **ligati**. Tiyo yo ki konekte ovè fanm nan ak matris li yo fèmen, pou jem ze pa ka vwayaje soti nan ovè yo ale nan matris la. Le yon fanm fin fe ligati li pa dwe fe okenn travay di epi li pa dwe fe bagay pandan 7 jou pou kite ko li repoze.

Demach ki kòrèk: Vazektomi oswa Metòd rete net a se yon operasyon ki dwe fèt pa yon espesyalis ki resevwa fòmasyon pou sa. li ran fanm nan ou gason an vinn esteril. Apre operasyon an, yon gason pap janm ka ansent fanm, epi yon fanm pap janm ka tonbe ansent ankò.

Tan metòd la ap pran pou li aji: Yon vazektomi poko antre an aksyon jiska 3 mwa apre vazektomi an (oubyen 20 dechay nan kapot), pandan tan sa a gason an oswa koup la dwe itilize kapòt oswa yon lòt fòm pou kontwole pouvwa fè pitit yo.

Efikasite: Metòd rete net la trè bon e li se pou tout tan.

Pwoteksyon kont VIH ak lòt maladi moun ka trape nan fè bagay: NON



Pwoblem

- Metòd sa a pa gen okenn pwoblem ki dire lontan.
- Kèk fanm ka santi kèk doulè ak anflamasyon apre operasyon an, ki pral pase aprè yon semèn.
- Kèk fanm ka santi yo fèb apre operasyon an, men yo pral reprann fòs yo aprè yon semèn.
- Kèk gason ka santi yon ti anflamasyon ki pral pase aprè kèk jou.
- Vazektomi an pa afekte kapasite yon moun nan fè bagay oswa nan chanje dechaj gason an. Men, espèm oswa dechaj yo pa pral genyen okenn spèmatozoyid ladan yo.

Siy danje

Yon fanm ki te fè yon metòd rete net dwe ale kay doktè san pèdi tan si:

- Li gen yon enfeksyon nan kote yo te fann li an (sentòm enfeksyon sa yo gen ladan yo: rechofman, woujè, doulè, oswa drenaj nan sikatris la).
- Li sispèk li ansent.
- Li gen gwo doulè nan anba vant li.

Yon gason ki te fè yon vazektomi dwe ale kay doktè san pèdi tan si:

- Li gen yon enfeksyon nan kote yo te fann li an (sentòm enfeksyon sa yo gen ladan yo: rechofman, woujè, doulè, oswa drenaj nan sikatris la).
- Li gen doulè ki dire pandan plizyè semèn oswa plizyè mwa.

Ki moun ki ka fè operasyon an

Nenpòt fanm ka fè yon metòd rete net, tankou fanm ki gen oswa pa gen pitit, marye oswa pa marye, nenpòt laj, ki fèk fè yon avòtman oswa yon foskouch, ki fèk akouche, k ap bay tete, oswa ki gen VIH, ki gen pwoblèm kè, oswa lòt pwoblèm sante ki grav.

Nenpòt gason ka fè yon vazektomi, gason ki genyen oswa pa gen pitit, marye oswa pa marye, nenpòt laj, ki gen VIH, ki gen pwoblèm kè, oswa lòt pwoblèm sante ki grav.

Menm si yon fanm oswa yon gason gen pwoblèm sante ki grav, yo ka toujou sibi yon operasyon rete net. Yon espesyalis pral poze l kesyon epi egzaminen fanm nan oswa gason an epi deside si li dwe rete tann epi resevwa lòt tretman anvan operasyon an, oswa si chirijyen an ap bezwen pran prekosyon espesyal.

Fanm ak gason yo ta dwe chwazi metòd Metòd rete net a si yo panse ke yo vrèman pa vle fè pitit ankò. Metòd sa a rann fanm ou gason esteril pou tout lavi yo.

Efè sou fètilite: Metòd sa a rann fanm ou gason esteril pou tout lavi yo.



Grenn Planin Ijans (GPI)



«Postinor®-2», se yon grenn planin ke w bwè an ka ijans. Ou ka pran l pandan premye 72 zè apre ou fin fè bagay san kapòt. Pake a gen 2 grenn blan tou won. Chak grenn sa yo genyen 750 mikwogram de yon medikaman ki rele levonorgestrel.

© 2003 David Alexander, Koutwazi Photoshare

Kouman Grenn Planin Ijans lan aji?

Si yon fanm pa vle vin ansent apre li te fin fè bagay san pwoteksyon, li ka pran Grenn Planin Ijans la. Grenn nan lage **òmòn** (sibstans ki sanble ak sa ki nan kò fanm). Òmòn sa yo anpeche ovilasyon; ki yo menm, anpeche ovè fanm nan pwodwi yon ze ki konn nan vant li e ki konn monte nan twonp li. Si yon fanm pa ovile, pa gen jem ze nan matris li, li pap ka ansent.

Itilizasyon kòrèk: Se yon doktè oswa yon mis ki dwe preskri Grenn Planin Ijans la. Yon fanm dwe pran Grenn sa le pli vit posib aprè li fin fè bagay san pwoteksyon, jiska 5 jou aprè. Li dwe pran tout Grenn Planin Ijan yo preskri l la (dòz la gen plizyè grenn ladan l). Grenn Planin Ijan yo pa pral anpeche l ansent, si li pran l plis pase 5 jou apre li te fin fè bagay. Si yo pran Grenn Planin Ijans yo pi bonè, y ap pi byen travay.

Grenn Planin Ijans yo pap anpeche fanm nan vin ansent si li pran l anvan li fè bagay san pwoteksyon. Grenn Planin Ijans yo sèlman kapab itilize apre li fin fè bagay san pwoteksyon. Pa ezanp: sa ka mache le kapot ou chire pandan wap fè bagay, en ka kadejak, le ou fe yon ere nan pratike yon lot metod ki ka vin pemet ou ansent, elatriye. Kidonk metod pa ranplase metod planin yo.

Tan metòd la ap pran pou li aji: Grenn Planin Ijans lan aji toutswit.

Efikasite: Grenn Planin Ijans lan se yon metòd ki bon anpil toutotan ke fanm nan ap pran grenn yo nan delè yo di l la; toutotan fanm nan pran grenn yo pi bonè, lap pi efikas.



Pwoteksyon kont VIH ak lòt maladi moun ka trape nan fè bagay: NON

Pwoblem

Kèk fanm ka santi:

- Chanjman nan règ yo chak mwa tankou senyman iregilye oswa yon ti senyman lejè oswa pa senyen ditou.

Nan semèn apre l fin pran Grenn Planin Ijans la:

- Maltèt
- Toudisman
- Kè plen
- Vomisman
- Vant fè mal
- Fatig

Siy danje: Pa genyen

Kiyès ki ka sèvi avèl

Tout fanm ka sèvi avèk metòd Grenn Planin Ijans la san danje, tankou fanm ki pa ka sèvi avèk grenn regilye pou kontwòl pouvwa fè pitit yo oswa lòt metòd òmonal yo (piki, enplan), fanm ki gen VIH oswa yon lòt maladi grav, fanm ki genyen oswa ki pa gen pitit, marye oswa pa marye, oswa nenpòt laj.

Fanm ka chwazi Grenn Planin Ijans la pou anpeche yo ansent si yo pat kapab pwoteje tèt yo pandan y ap fè bagay epi yo pa ta vle vin ansent, pa egzanp: apre nenpòt ki bagay san pwoteksyon, apre vyòl, apre yon kapòt ki chire, si gen yon Piki 5 kanki soti nan bra yon fanm, elatriye.

Efè sou fètilite: Grenn Planin Ijans yo pa fè yon fanm pa ka fè pitit. Si yon fanm sèvi ak Grenn Planin Ijans yo, li ka toujou vin ansent imedyatman apre li fin pran Grenn Planin Ijans la.



Metòd kolye



Metòd kolye, yon metòd ke moun nan Enstiti pou Sante Repwodiktif nan Inivèsite Georgetown te devlope. Yon kolye ki gen koulè kode pou swiv sik manstriyèl yon fanm.

© 2006 David Alexander, Koutwazi Photoshare

Kòman metòd kolye nan aji?

Yo rele tou metòd jou fiks, se yon metòd natirèl planin ki senp e ki bon anpil, li pèmèt fanm lan wè kilè li ka tonbe ansent ant 8yèm a 19 yèm jou aprè règ. Metòd sa pa genyen pyès ti malèz, epi avek metòd sa le gen dialog ant patnè yo moun deyo pap bezwen konn zafè yo. Metòd sa se selman pou fanm ki genyen sik manstriyèl nòmal, sa vle di ant 26 a 32 jou.

Itilizasyon ki kòrèk: Kolye a prezante avèk 32 grennn ak koulè diferan plis yon ti bag an kawoutchou, koulè yo ape de ou konnen jou fanm lan ka tonbe ansent li gen yon almanak ki mache avèk li.

- Fèch la ap montre ou nan ki direksyon ou dwe deplase ti bag kawoutchou a.
- Fanm nan ap mete ti bagay la sou grenn rouj la pandan premye jou règ la apre sa lap pran almanak la pou li make dat premye jou reg la.
- Fanm lan dwe deplase ti bagay la chak jou.
- Lè ti bagay la rive sou grenn blanch yo fanm lan pa dwe fè bagay san li pa mete kapòt paske nan jou sa li kapab tonbe ansent.
- Lè bagay la rive sou premye grenn maron se lè sa fanm lan ka fè bagay san kapòt men sa ka rive li tonbe ansent.
- Lap rekòmansa ak menm mouvman lòt mwa lè règ la vini.

Tan metòd la ap pran pou li aji: Metòd Kolye a aji toutswit le nou respekte jou nou ka tonbe ansent.



KONTWÒL POUVWA FÈ PITIT

Swit

Efikasite: Metòd Kolye mwens efikas pase metòd modèn yo. Sou chak 100 fanm se 5 ki ka tonbe ansent.

Pwoteksyon kont VIH ap lòt maladi moun ka trape nan fè bagay: NON

Pwoblem

- Li pa pwoteje kont malady moun trape nan fè bagay
- Metòd sa ka selman itilize pou fanm ki genyen sik manstryèl ant 26 a 32 jou
- Si nou respekte jou yo fanm nan ka tonbe ansent

Siy danje: Pa genyen

Kiyès ki ka sèvi avèl

- Fanm ki genyen sik manstryèl nòmal ant 26 a 32 jou
- Gason ak fanm kap byen viv ki aksepte pa fè bagay nan peryòd ke fi a ka tonbe ansent
- Koup ki fidèl pou yo pa trape maladi moun trape nan fè bagay

Kiyès ki pa ka sèvi avèl

- Fanm ki pa genyen sik manstryèl nòmal ant 26 a 32 jou
- Gason ak fanm ki paka aksepte pa fè bagay nan peryòd ke fi a ka tonbe ansent
- Koup ki pa fidèl ak lòt

Efè sou fètilite: Fanm nan konnen kilè li ka tonbe ansent paske li konnen tèt li byen epi li komprann sik manstryèl.

Metòd Alètman matènèl ak pa wè règ

Kòman metòd alètman matènèl ak pa wè règ la aji?

Metòd bay tete a se lè manman an bay timoun lan tete selman pandan 6 premye mwa yo, lè sa a fanm lan pa kapab bay ze a. Metòd sa pa genyen efè segondè

Itilizasyon ki kòrèk: Li genyen 3 prensip ladan li: bay tete selman li pa dwe bay lòt manje ni dlo sòf medikaman; li pa dwe depase 6 mwa; li pa dwe wè règ li.

Tan metòd la ap pran pou li aji: Metòd alètman matènèl ak pa wè règ la aji toutswit.

Efikasite: Sou chak 100 fanm ki fè metòd bay tete a 2 ka tonbe ansent si yo pa fè metòd la.

Pwoteksyon kont VIH ap lòt maladi moun ka trape nan fè bagay: NON



KONTWÒL POUVWA FÈ PITIT

Swit

Pwoblem

- Aprè 6 mwa akouchman li pa efikas
- Li pa pwoteje kont maladi ou trape nan fè bagay
- Si manman genyen viris sida a nan san li timoun lan gen posibilite pou li pran viris la pandan lap tete

Siy danje: Pa genyen**Kiyès ki ka sèvi avèl**

- Fanm ki pa gen règ pandan 6 premye mwa akouchman yo
- Fanm ki bay timoun li tete selman pandan 6 premye mwa aprè akouchman (san dlo, san lòk, san manje, san te, san lòt lèt)
- Fanm ki bay timoun tete chak 3 èd tan lannwuit kon lajounen

Kiyès ki pa ka sèvi avèl

- Fanm ki pa fèk akouche
- Fanm ki gen règ pandan 6 premye mwa akouchman yo
- Fanm ki bay timoun lot bagay pou manje tankou dlo, lòk, manje, te, lòt lèt, elatriye

Efè sou fètillite: Metòd alètman matènèl ak pa wè règ pa fè fanm lan pa ka fè pitit. Si yon fanm sispann bay tete oubyen si li we reg li, li ka tonbe ansent. Metòd sa fasil pou itilize e ou ka kanpe metòd la fasil.

Source: World Health Organization Department of Reproductive Health and Research (WHO/RHR) and Johns Hopkins Bloomberg School of Public Health/Center for Communication Programs (CCP), INFO Project. *Family Planning: A Global Handbook for Providers*. Baltimore and Geneva: CCP and WHO, 2007.



KESYON SOU METÒD PLANIN

sou paj 65 nan Liv Patisipan

Kouman Metòd Planin Travay

1. Ki metòd planin lage òmòn nan kò fanm lan ki anpeche ovè li pa pwodwi yon ze, pou li pa vin ansent?
2. Ki metòd planin anpeche yon ze pa kole ak mi matris fanm nan?
3. Ki metòd planin anpeche espèm nan pa antre nan kò fanm nan?
4. Ki metòd planin konte sou fanm ak gason pa fè sèks pandan kèk tan?

Kouman Metòd Planin Yo Itilize

1. Ki metòd planin fèt pou sèvi oswa sonje chak jou?
2. Ki metòd planin fèt pou sèvi chak fwa yon fanm ak yon gason fè sèks?
3. Ki metòd planin dwe ranplase:
 - Chak 3 mwa?
 - Chak 3–5 an?
 - Chak 5–10 an?
4. Ki metòd planin ki pèmanan?
5. Ki kapab metòd planin kapab sèvi apre fin fè sèks?

Efè Segondè

1. Ki efè segondè komen ki kapab swiv grenn, piki, ak enplan?
2. Ki efè segondè komen ki kapab swiv esterilè?
3. Ki metòd planin pa gen anpil oswa okenn efè segondè menm?

Siy Danje

1. Kilè yon fanm ki sèvi avèk grenn, piki, oubyen enplan ta dwe chèche swen medikal imedyatman?
2. Kilè yon fanm ki sèvi ak yon esterilè ta dwe chèche swen medikal imedyatman?
3. Ki metòd planin pa gen anpil oswa okenn siy danje?

Ki Moun Ki Ka Sèvi Ak Planin

1. Anpil fanm kapab sèvi ak grenn, piki, ak enplan san danje. Ki fanm pa ta dwe sèvi ak grenn, piki, oubyen enplan?
2. Anpil fanm kapab sèvi ak esterilè san danje. Ki fanm PA TA DWE sèvi ak esterilè?
3. Prèske tout fanm ak gason ka sèvi ak kapòt. Ki fanm ak gason pa ta dwe sèvi ak kapòt gason?
4. Ki lòt metòd planin prèske tout fanm ka sèvi?
5. Ki metòd planin ka fè fanm ak gason pèdi kapasite pou fè pitit?

SESYON 8

REVIZE METÒD POU KONTWOLE POUVWA FÈ PITIT



Metòd: Istwa ak aktivite ant kamarad



Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- i. Dekri divès metòd planin, tankou jan yo aji, kouman itilize yo kòrèkteman, pwoblem, siy danje, epi ki moun ki ka e ki pa kapab itilize yo.
- l. Idantifye epi refere fanm ki souffri ak siy danje oswa pwoblem metòd planin yo, ak moun ki te sispann sèvi avèk metòd sa yo akòz de pwoblem yo, nan sant sante a.



Preparasyon

- Rewè pyès teyat ki anba yo. Ou ka chanje pyès teyat yo oswa kreye yon nouvo si sa nesèsè.



Materyèl

- Enfòmasyon sou metòd planin yo ki nan paj 23–49 nan Liv Patisipan yo.



KONSÈY: Si ou manke tan nan premye jou a, ou ka itilize sesyon sa kòm yon revizyon nan kòmansman dezyèm jou a.



ETAP YO



20 minit

1. Divize patisipan yo de pa de.
2. Di patisipan yo ke w ap li byen fò yon seri de istwa tou kout sou metòd planin yo, youn aprè lòt. Pou chak istwa, gwoup de pa de yo pral gen yon ti moman pou diskite sou repons la. Aprè sa a, youn nan gwoup yo pral bay repons la.
3. Li premye istwa la byen fò. Bay ti gwoup de pa de yo yon ti tan pou diskite sou repons la.

4. Mande de moun ki vle pou bay repons la. Mande lòt patisipan yo pou ede ak korije si sa nesèsè.

5. Repete menm etap sa pou tout istwa yo.

Istwa

1. Yon fanm nan vwazinaj ou vle kòmanse sèvi avèk youn nan metòd planin yo, men li pè paske li gen tansyon wo. Kouzen li di l ke metòd planin yo se yon danje pou fanm ki fè tansyon. Ki sa ou ta dwe di li?

(Fanm ki gen tansyon wo pa dwe itilize kèk nan metòd planin yo (grenn, piki nan kèk ka), men yo kapab itilize kèk lòt kalite, tankou enplan, Enplan anba po, ak kapòt.)

2. Ou vizite yon fanm ki fèk akouche 7yèm pitit li. Li di ou ke li menm ak mari l te deside ke yo pa vle fè okenn pitit ankò. Ki sa ou ta dwe di li?

(Fanm nan ka fè yon metòd rete net oswa mari l kapab fè yon vazektomi. Sa se rete nèt. Si yo pa vle yon solisyon rete nèt, fanm nan ka chwazi metòd enplan an 6 semèn aprè akouchman an, piki, oswa yon 'piki 5 kan. Fanm kap bay tete pa ka sèvi avèk grenn planin; grenn yo kapab yon chwa pi devan.)

3. Ou vizite yon fanm ki pòv, ki jèn, e ki pa marye kap viv nan yon ti vilaj ki lwen anpil. Li pa vle vin ansent. Lakay li trè lwen sant sante a epi li pè sèvi ak metòd planin yo paske li pap ka ale nan sant sante fasilman. Ki sa ou ta dwe di li?

(Si fanm nan ka jere pou yo ale nan sant sante a yon fwa, yon espesyalis kapab preskri yon metòd pou kontwòl pouvwa fè pitit li ki pap mande l pou l ale nan sant sante a souvan. Pa egzanp, ou menm (Ajan Kore Fanmi li) kapab al chèche grenn oswa piki planin nan pou pote ba li. Oubyen fanm nan te ka fè yon enplan, ki dire pou 3 oswa 5 an, oswa yon piki 5 kan.)

4. Ou vizite yon jèn gason ki ou konnen ki gen anpil ti menaj. Menm ou mande li si l sèvi avèk kapòt. Li di ou li pa fè sa paske sèvi ak kapòt ap fè l pa gason. Ki sa ou ta dwe di l?

(Kapòt pa fè moun pa gason. Gason an dwe sèvi avèk kapòt la pou evite pran oswa transmèt enfeksyon ki transmèt nan fè bagay (IST).)

5. Ou vizite yon fanm ki gen mari l ki retounen sot travay nan kapital la apre plizyè mwa. Li di ou ke li panse ke mari l te gentan gen lòt fanm pandan li pat la a. Li pè pou li pa gen VIH oswa kèk lòt maladi. Li tandè ke gen grenn ki pwoteje kont VIH. Ki sa ou ta dwe di li?

(Konseye fanm nan pou pale avèk mari l sou sèvi ak kapòt. Kapòt se sèl nan metòd planin ki pwoteje kont VIH ak lòt enfeksyon moun ka trape nan fè bagay. Fanm nan ak mari l dwe fè tès pou VIH.)

6. Ou vizite yon fanm ki te kòmanse pran grenn planin depi kèk semèn de sa. Li rakonte w ke li vle sispann pran grenn yo paske yo toudi li ak anvi vomi. Ki sa ou ta dwe di li?

(Pifò pwoblem nan pran grenn planin yo ale apre kèk mwa. Konseye fanm nan pou kontinye pran grenn yo ak manje pou ede l ak anvi vomi an.)

7. Ou vizite yon fanm ki te resevwa piki depi apeprè 4 mwa. Lè w mande l kijan li santi l, li di ou li pè anpil paske li kòmanse gen gwo maltèt pandan kèk tan. Ki sa ou ta dwe di li?

(Fanm nan dwe ale nan sant sante a san pèdi tan. Ale avèk li si sa nesesè. Gwo tèt fè mal se yon siy danje epi li bezwen al wè doktè.)

8. Ou vizite yon fanm ki te mete protèz depi apeprè 6 mwa de sa. Li rakonte w li di w li pè paske dènye règ li mwa sa li senyen anpil epi li te dire lontan. Ki sa ou ta dwe di li?

(Fanm nan dwe ale nan sant sante a san pèdi tan. Ale avèk li si sa nesesè. Senyen anpil ki dire pou yon tan long se yon siy danje epi li bezwen al wè doktè.)

9. Yon ti fi ki gen 16 zan konfye w ou ke li pa ta vle vin ansent. Li vle fini lekòl anvan, paske li konnen si li vin ansent, li pral oblije kite lekòl la. Li tandè ke metòd planin yo se sèlman fanm ki marye ki dwe sèvi avèk yo. Ki sa ou ta dwe di li?

(Nenpòt fanm ka itilize metòd planin yo, marye oswa selibatè, avèk timoun oswa san timoun, elatriye. Ankouraje ti fi a pou l sèvi avèk kapòt oswa yon lòt metòd planin si sa nesesè, pou ke li ka fini lekòl la.)

10. Ou rive pou yon vizit regilye epi ou jwenn fanm nan nan kay la mètri epi l ap kriye. Lè w mande l sa ki te rive, li admèt ke ansyen menaj li te fè kadejak sou li yè swa, mysye te antre nan vil la byen ta nan mitan lannwit, tou fache epi tou sou. Ki sa ou ta dwe fè?

(Trete fanm nan dousman ak respè. Di l ke li ta dwe ale nan sant sante a san pèdi tan pou jwenn swen medikal. Ale avè l si sa nesesè. Di li ke si li pa ta vle ansent, yon doktè oswa yon mis ka ba li grenn planin ijans la (GPI).)

6. Di patisipan yo:

Anplis bay fanmi enfòmasyon espesifik sou metòd kontwòl pouvwa fè pitit yo, ou pral konseye ak edike fanm ak gason sou planin nan jeneral. Jiske la nan fòmasyon sa, nou te diskite sou avantaj jeneral ak sou obstak planin nan ap fè fas, ak detay sou metòd pou kontwòl pouvwa fè pitit yo. Pita nan fòmasyon sa a, w ap gen pou w pratike fè edikasyon ak bay konsèy.



KONSÈY: *Pyès teyat sa yo konsantre sou ki moun ki ka itilize dives metòd planin yo, pwoblem, ak siy danje yo. Patisipan yo pral gen chans pratike konsèy ak manyen mit ak move lide pita nan fòmasyon sa.*

SESYON 9

KAPÒT GASON AK KAPÒT FANM



Metòd: Demonstrasyon ak fòmasyon ant kamarad



Tan: 1 èd tan



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

j. Demontre kouman pou itilize kapòt gason ak kapòt fanm.



Preparasyon

- Fè aranjman avèk yon Ajan kominotè ki gen eksperyans, yon doktè oswa yon mis, travayè sosyal, oswa yon lòt fasilite pou ede w ak sesyon sa a.
- Rasanble ase kapòt gason pou chak patisipan.
- Rasanble ase kapòt fanm pou chak patisipan.
- Rasanble fo pijon gason ase pou chak mwatye gwoup (ranplasman ki posib: fo pijon an bwa, fig, kouryèt, konkonm, tib papyè twalèt, de dwèt).
- Rasanble fo vajan ase pou chak mwatye gwoup (ranplasman ki posib: tib papyè twalèt, elastik cheve, gwo pous ak dwèt ki fèt an fòm yon vajan).



Materyèl yo

- Kapòt Gason pou chak patisipan.
- Kapòt Fanm pou chak patisipan.
- Fo pijon gason pou mwatye gwoup la
- Fo vajan pou mwatye gwoup la



KONSÈY: Si kapòt fanm yo pa disponib nan zòn ou an, fè aktivite kapòt pou gason yo sèlman (pa separe gwoup la an de). Di patisipan yo ke kapòt fanm yo pa disponib kounyeya, men gen enfòmasyonnan Liv patisipan yo sou kapòt gason ak kapòt fanm, nan ka kapòt fanm vin kèk pwèn ki disponib.



ETAP YO



30 minit

1. Eksplike ke nan sesyon sa a, patisipan yo pral revize ki jan pou sèvi ak kapòt gason ak kapòt fanm. Montre kapòt yo epi eksplike kisa yo ye. Eksplike ke ni kapòt gason ni kapòt fanm ka mete yon baryè ant moun ap fè bagay konsa ni dechay, sekresyon nan vajen, viris SIDA a oswa lòt maladi moun ka trape nan fè bagay pap ka pase nan mitan yo.
2. Mande patisipan yo:
 - Pou yo pa ansent, kilè moun yo dwe sèvi ak kapòt?
(*Chak fwa y ap fè bagay.*)
 - Kibò ou ka jwen kapòt?
(*Nan sant sante a.*)
3. Divize patisipan yo an 2 gwoup nan konte yo 2 pa 2. Premye ti gwoup la ta dwe ale avèk ou nan yon zòn nan sal pou aprann sou kapòt fanm, dezyèm gwoup la ta dwe ale avèk lòt fasilite a nan yon lòt zòn nan sal pou aprann sou kapòt gason.
4. Nan gwoup ou a, montre foto fanm, demontre etap yo, epi kite ti gwoup la pratike mete ak retire kapòt fanm sou fo vajen an. (Genyen yon kopi postè sa a pou aprè sesyon an).
5. An menm tan, fè lòt fomatè a anseye lòt gwoup la ki jan pou sèvi ak yon kapòt gason, ekspozè postè ak demontre etap yo. Patisipan yo ta dwe pratike avèk fo pijon gason. (Genyen yon kopi postè sa a pou aprè sesyon an).








30 minit

6. Retounen nan sal la avèk gwoup ou a.
7. Divize gwoup yo an de: chak gwoup dwe gen ladan l yonn nan patisipan ki te aprann kouman sèvi ak kapòt gason ak yon patisipan ki te aprann kouman sèvi ak yon kapòt fanm. Asire ou ke postè ak enstriksyon kijan pou sèvi ak kapòt gason ak fanm nan parèt.

8. Eksplike ke chak ti gwoup yo pral anseye lòt kouman pou sèvi ak kapòt yo te aprann sou li a. Manm gwoup kapòt fanm nan pral anseye lòt yo kouman pou sèvi ak kapòt fanm epi ede yo pratike. Aprè sa a, manm gwoup kapòt gason an pral anseye lòt yo kouman pou sèvi ak kapòt gason epi ede yo pratike. Bay ti gwoup yo 15 minit pou yo travay.
9. Pandan ti gwoup de pa de yo ap travay, mache nan sal la epi ede oswa reponn kesyon si bezwen.
10. Apre tout moun fini, revize etap sou kòman pou sèvi ak kapòt gason ak fanm itilize postè yo. Reponn nenpòt kesyon. Fè patisipan yo sonje ke yo pral gen pou anseye manm kominote yo sou kijan pou yo sèvi ak kapòt.

Koman pou itilize yon kapòt pou gason



Kapòt Gason ak Kapòt Fanm

Kapòt gason oubyen kapòt fanm nan mete yon baryè nan mitan de moun k ap fè bagay konsa, yon fanm pap ka ansent pandan lap fè bagay.


Pou anpeche ansent, moun yo ta dwe itilize kapòt chak fwa y ap fè bagay. Kapòt yo evite transmisyon VIH ak lòt maladi moun ka trape nan fè bagay.

Nenpòt moun ka jwenn kapòt nan sant sante a. Ajan Kore Fanmi yo dwe mache avèk kapòt nan valiz yo pouka montre manm kominote yo kouman sèvi ak kapòt pandan vizit li lakay yo, epi yo ta dwe fè tout moun sonje ke yap jwenn kapòt yonan sant sante a.

Kòman pou itilize yon kapòt pou Gason

- Lave men w.
- Verifye dat ekspirasyon ki sou bwat la avan w sèvi ak kapòt la. Pa sèvi ak yon kapòt ki ekspire.
- Ouvri bwat la (Piga sèvi avèk dan oswa zong, paske yo kapab fè yon twou nan kapòt la).
- Jwenn pwent kapòt la epi kenbe l konsa wonn nan ap pandye desann tankou yon ti chapo.
- Kenbe tèt la ak gwo dwèt pous ou pandan w ap mete kapòt la nan pijon gason an, fè wonn nan bay sou deyò. Woule kapòt la desann nan dèyè pijon gason an. Verifye e asire w ke ou mete l kòrèkteman.
- Apre w fin fè bagay, kenbe kapòt la nan dèyè pijon patnè w la epi rale l soti. Pa vide okenn kras likid sou patnè ou.
- Glise kapòt la soti san ou pa ranvèse likid ki anndan l lan.
- Mare kapòt la ak yon ne epi jete li.
- Jete kapòt la nan fatra ki pral boule oswa antere l. Pa kite kapòt la blayi sou tè oswa nenpòt kote timoun ka jwenn li.

Koman pou itilize yon kapòt pou fanm



Kouman pou itilize yon Kapòt pou Fanm

- Lave men w.
- Verifye dat ekspirasyon ki sou bwatla. Pa sèvi ak yon kapòt ki ekspire.
- Nan flèch ki sou bwat la, chire l desann.
- Retire kapòt la nan bwat la.
- Kenbe wonn ki anndan l la ak de dwèt, lepous ou ak endèks ou.
- Peze mitan wonn nan pou yo kole ansanm, konsa li vin long epi dwat, kenbe l byen fèm.
- Jwenn yon pozisyon ou alèz pou mete kapòt la. Eseye chita, akroupi, oubyen kouche.
- Pouse wonn nan monte nan vajan an osi lwen ke posib. Foure endèks ou oswa mitan dwèt ou nan kapòt la.
- Yon pous nan djenn, tankou zanno a deyò, yo pral rete deyò vajan fanm nan. Lè pijon gason an antre nan vajan fanm nan, move fòm nan pral ranje.
- Wonn nan dwe rete deyò vajan an, pou pwoteje pati ki deyò yo.
- Lè li antre nan vajan an, pijon gason an ka pouse wonn nan soti deyò vajan an oswa pijon gason an ka antre nan pati ki ant kapòt la ak antre vajan an. Si bagay sa ta rive, **KANPE!** Retire pijon gason an. Ranje wonn nan ki te deyò a jiskaske li antre ankò nan vajan fanm nan epi kontinye.
- Pou retire kapòt la, kenbe wonn ki te deyò a, tòde kapòt la pou likid la pa tonbe, epi retire li tou dousman.
- Mete kapòt la nan yon klinèks oubyen nan bwat kapòt ki vid la epi jete li nan fatra. Jete kapòt la nan fatra ki pral boule oswa antere l. Pa kite kapòt la blayi atè oswa nenpòt ki kote timoun ka jwenn li.

SESYON 10

LEJAN AK MOVE LIDE SOU METÒD PLANIN YO



Metòd: Bwase lide ak Diskisyon an gwo gwoup



Tan: 1 èd tan



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- e. Idantifye mit komen ak move lide sou kontwòl pouvwa fè pitit la ak reyalite oswa ajisman ki ka ede chase lide sa yo.



Preparasyon

- Rewè lis lejand ak move lide yo.



Materyèl yo

- Fèy papye
- Makè
- Tep



KONSÈY: Patisipan yo ka kwè nan kèk nan lejand ak move lide sa yo sou kontwòl pouvwa fè pitit yo. Sesyon sa a se yon opòtinite pou korije lejand ak move lide pou ke patisipan yo ka pi byen konprann, konseye ak edike manm kominote yo.



ETAP YO



30 minit

1. Di patisipan yo:

Jiske la pandan fòmasyon sa, nou te diskite sou kèk nan obstak sosyal ak kiltirèl sou planin ak fason ou kapab kontrekare obstak sa yo tankou pale avèk fanm ak gason sou planin nan.

Nou te tou revize enfòmasyon espesifik sou metòd pou kontwòl pouvwa fè pitit yo. Ou pral sèvi avèk enfòmasyon sa yo pou w edike epi konseye gason ak fanm sou chwa pou kontwòl pouvwa fè pitit yo.

Anplis, kontrekare obstak sosyal ak kiltirèl espesifik epi bay enfòmasyon sou metòd pou kontwole pouvwa fè pitit, ou dwe travay pou chase kèk nan mit ki komen sa yo ak move lide sou metòd planin nan kominote nou an.

Lejand ak move lide yo se bagay ke moun yo kwè e ki pa vre. Pa egzanp, yon move konprann ki komen sou planin se ke li fè fanm pa ka fè pitit ankò, menm si fanm nan ta sispann sèvi avèk li. Men nou konnen ke sa se pa vre. Sof pou Metòd rete net yo, metòd planin pa fè fanm pa ka fè pitit ankò.

2. Afiche epi poze patisipan yo kesyon ki vini apre a epi ankouraje yon bwase lide. Pandan patisipan yo ap reponn, ekri repons yo sou yon gwo fèy papye. Lè patisipan yo fin reponn, tcheke lis ki anba a epi ajoute nenpòt bagay ki manke sou gwo fèy papye a si yo komen nan kominote patisipan yo:

- Ki kèk nan lejand ki komen yo oswa move lide sou kontwòl pouvwa fè pitit yo nan kominote kote w travay epi ou rete?

(Metòd planin:

(Fè fanm ak gason pa ka fè pitit ankò)

(Lakòz timoun fèt tou domaje oswa fè yo marasa)

(Lakòz kansè oswa lòt maladi grav)

(Chanjman nan konpòtman seksyèl oswa anvi fè bagay kay medam yo)

(Fè fanm imoral)

(Andomaje yon gwosès ki deja egziste)

(Lakòz foskouch)

(Lakòz doulè oswa malèz pandan yap fè bagay)

(Metòd planin yo pa fè san gonfle al fè fanm nan malad lè fanm nan pa we reg li pandan li sou planin.)

(Fè mesye yo an bès nan fonksyon seksyèl yo epi fè yo pa gason)

(Fè gasonenpwisan, fèb, gra, oswa mwens pwodiktif)

(Se sèlman pou fanm ki marye, li kapab bay jèn tifi ak fanm ki poko marye pwoblèm)

(Se pa pou gason)

(Kapòt yo kite VIH la pase)

(Patisipan yo ka site lòt lejand ak move lide.))

- Metòd rete net pa lakòz chanjman nan règ medam yo chak mwa, tanperaman, gwosè, anvi, oswa kapasite pou fè bagay.



30 minit

3. Mande yon moun ki vle pou l li lis la byen fò.
4. Mande patisipan yo pou idantifye 5 nan lejand oswa move lide ki pi komen yo (oswa pi plis, si w gen ase tan) nan lis la. Ekri yon «X» bò kote yo chak sou yon gwo fèy papyè a.
5. Pou chak kesyon ki gen yon «X» bò kote l sou lis la, mande patisipan yo ki sa Ajan Kore Fanmi-an te ka di oswa fè lè lap konseye manm kominote yo pou chase mit a oswa move lide, epi ankouraje yon ti diskisyon tou kout. Rezime pandan w ap di patisipan yo:

Chanje kwayans ak konpòtman moun yo se pa yon travay ki fasil episa ka pran tan. Men, konnen enfòmasyon ki kòrèk sou metòd pou kontwòl pouvwa fè pitit ak korije lejand ak move lide sou kontwòl pouvwa fè pitit se yon etap ki enpòtan nan ede gason ak fanm pou pratike planin.
6. Mande patisipan yo pou chèche enfòmasyon sou kòman konbat lejand ak move lide oubyen sou kontwòl pouvwa fè pitit ki nan paj 48 nan Liv patisipan yo. Mande yo pou ekri nenpòt lide anplis ke yo ta genyen pandan aktivite a nan pati anba nan lis la. Di yo ke lis sa a ka sèvi kòm yon rapèl sou lejand ak move lide yo ke Ajan Kore Fanmi yo dwe ede chase nan edike ak konseye manm kominote yo sou planin nan.

SESYON 11

REVIZE ETAP CHANJMAN AK ETAP KONSÈY YO



Metòd: Diskisyon an gwo gwoup ak Pyès Teyat



Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- f. Edike ak konseye manm kominote yo sou avantaj ki genyen nan fè planin ak kontwòl pouvwa fè pitit yo, kontrekare obstak sosyal ak kiltirèl planin nan ap fè fas ak lejand yo epi move lide sou metòd planin yo.



Preparasyon

- Revize etap echanj, konsèy estanda, ak etap konsèy ki anba yo.



Materyèl

- Etap echanj yo, konsèy estanda, ak etap konsèy ki nan paj 59–60 nan Liv Patisipan yo.



KONSÈY: Sesyon sa se yon revizyon sou materyèl ki kouvri Kominikasyon ak Mobilizasyon sou konpòtman manm kominote yo. Si patisipan yo poko resevwa fòmasyon sa, ou ka bezwen pou bay kèk egzanp ak eksplikasyon anplis.



ETAP YO



10 minit

1. Mande patisipan yo pou yo sonje fòmasyon yo te resevwa sou kominikasyon ak echanj konpòtman. Mande yo pou yo chèche etap echanj yo ki nan paj 59 nan Liv patisipan yo epi mande yon moun ki vle pou li etap yo byen fò:

Etap Echanj

Chanje yon ansyen abitud oswa yon konpòtman pou adopte youn tou nèf kapab pran tan. Chanjman sa a anjeneral rive nan etap:

- Pat okouran
- Vin okouran
- Prepare pou ka chanje konpòtman an

- Fè aksyon epi adopte yon konpòtman tou nèf
- Kontinye ak yon konpòtman tou nèf kòm yon abitud ki nòminal chak jou

2. Mande patisipan yo: Antanke Ajan Kore Fanmi, ki sa ou ka fè pou ede fanm ak gason deplase atravè yon etap chanjman epi adopte epi pratike planin ki apwopriye pou yo? Sitou, ki sa ou ka fè pou ede manm kominote yo:

- Vin okouran de avantaj planin nan ak kontwòl pouvwa fè pitit la.
(Mande fanm ak gason kisa yo panse oswa sa yo konn tande sou planin ak kontwòl pouvwa fè pitit la, pataje enfòmasyon ki kòrèk la sou metòd planin yo, koute avèk atansyon epi respè laperèz fanm ak gason yo, elatriye)
- Preparepou ka chanje konpòtman an?
(Diskite sou avantaj ki genyen nan planin nan, soulaje laperèz ak chase mit, bay ankourajman, epi bay sipò, pa egzanp, di moun yo ke ou pral pote kapòt oswa grenn ba yo lakay yo epi fè swivi ak yo, di moun yo kijan ak kilè yap gen randevou nan sant sante a, elatriye)
- Kòmanse sèvi avèk metòd kontwòl pouvwa fè pitit yo (fè aksyon ak adopte yon konpòtman tou nèf)?
(Akonpaye moun yon an sant sante a oswa ede yo konnen kòman yo kapab ale la, bay kapòt, elatriye)
- Kontinye sèvi avèk kontwòl pouvwa fè pitit kòm yon konpòtman tou nèf nan abitud ki nòminal chak jou?
(Pran kontak avèk moun ki sèvi avèk metòd planin yo regilyèman, poze kesyon sou pwoblèm epi refere fanm ki soufri ak pwoblèm yo nan sant sante a, gade siy danje yo, kontinye bay ankourajman, elatriye)



10 minit

3. Raple patisipan yo ke nan lide pou ede moun chanje konpòtman pou sante yo tankou pratike planin, Ajan Kore Fanmi yo dwe bay moun yo konsèy toutbon. Mande patisipan yo pou chèche etap konsèy ki nan paj 59 nan Liv patisipan yo epi mande yon lòt moun ki vle pou li yo byen fò:

Kalite yon bon Konseye

Kenbe sekre – Tou de pati yo dakò ke enfòmasyon ki diskite yo pa pral pataje ak moun nan kominotea.

Rete san patipri – Konseye a pa gen dwa pou bay panse l oswa pwòp konviksyon pa l epi jije opinyon oswa konpòtman lòt moun yo.

Konprann santiman – Konseye a dwe eseye konprann lide moun nan objektivman, san yo pa plenyen oswa deplore sitiyasyon l.

Rete sensè – Konseye a dwe toujou di laverite, epi bay plis enfòmasyon.

Respè pou chwa kliyan an – Konseye a pa ta dwe bay konsèy oswa di moun nan sa pou l fè, men pito li ta dwe ranfòse kapasite moun nan pou l fè chwa kap bon pou li a.

4. Mande patisipan yo: Lè w ap pale ak yon moun sou kontwòl pouvwa fè pitit yo, poukisa li enpòtan pou:

- Kenbe sekre?

(Planin nan se yon pwoblèm ki sansib epi pafwa tabou, kenbe sekre a pral mete moun yo an konfyans pou aprann sou planin san yo pa pè pou reyaksyon negatif oswa jijman kominote a, elatriye.)

- Rete san patipri?

(Si konseye a ekspriye opinyon pèsònèl, moun yo ka pa santi yo pi alèz pou poze kesyon, ak ekspriye enkyetid yo, elatriye.)

- Konprann santiman?

(Jantiyès ak senpati yo pral fè moun nan santi li pi alèz pou konfese ak pataje enkyetid, elatriye.)

- Rete sensè?

(Onètete ede bati yon relasyon konfyans, elatriye.)

- Respekte chwa kliyan an?

(Moun yo fasil pou eseye yon nouvo bagay, sitou yon bagay ki ka pa fè yo byen, si yo santi yap oblije yo; si konseye a ede moun yo pran pwòp desizyon pa yo olye pou di yo sa pou yo fè, moun yo gen plis chans pote kole ak chwa sa yo, elatriye.)



20 minit

5. Mande patisipan yo pou chèche etap konsèy ki nan paj 60 nan Liv patisipan yo. Fè yo sonje ke sa yo, se etap debaz yo ke Ajan Kore Fanmi an dwe itilize lè y ap bay konsèy a nenpòt ki manm nan kominote a sou sijè sante, tankou kontwòl pouvwa fè pitit ak planin. Mande twa moun ki vle pou li etap yo byen fò:

Etap pou bay Konsèy (BERCER)

1. **Byen vini:** Salye, fè konesans, mete moun nan alèz
2. **Entretyen:** Poze kesyon epi koute avèk atansyon
3. **Ransèyman:** Pale klè epi bay enfòmasyon ak egzanp
4. **Chwa:** moun nan pran desizyon epi ajan refòmile li
5. **Eksplikasyon:** Bay bon jan enfòmasyon sou desizyon ki te pran

6. **Randevou:** Bay pwochen randevou ak remesye moun nan

6. Divize patisipan yo de pa de. Li pyès teyat sa ap enstriksyon yo byen fò:

Pyès teyat Konsèy

Imajine ke w ap vizite kay yon jèn manman ki poko marye epi ki gen 3 timoun piti. Pandan yon vizit, manman an di ou tou dousman ke li te tande ke Ajan Kore Fanmi-an ka bay fanm yo grenn pou yo pa vin ansent. Li mande ou si sa a se vre.

Ak kanmanrad ou a, pou chak etap konsèy yo, diskite sou 1 bagay ou ta dwe di oswa fè pou sa ede manman jèn an aprann sou kontwòl pouvwa fè pitit la epi konsidere chwa li. Ou kapab pran nòt tou kout oswa senpleman sonje ide w yo. W ap gen 10 minit pou w travay.

7. Mande ti gwoup yo pou kòmanse travay. Pandan tan sa, mache epi ede si bezwen.



20 minit

8. Mande ti gwoup yo pou sispann travay. Mande de moun ki vle pou pataje yon bagay yo ta di oswa fè pou premye etap konsèy la. Apre ti gwoup la fin pataje lide l, mande patisipan yo pou pataje nenpòt ki lòt lide yo ta genyen sou etap sa.

9. Repete pwosesis sa a pou chak etap yo konsèy, rele yon ti gwoup diferan a chak fwa. Konsilte echantyon repons ki anba yo epi konfime, korije, oswa ajoute nan repons ti gwoup yo jan sa nesèsè:

- **Kòmansman**

(Remèsye fanm nan paske li te mande w enfòmasyon sou kontwòl pouvwa fè pitit yo; asire l ke w ap kenbe chita pale sa sekrè, elatriye)

- **Rasanble enfòmasyon**

(Mande fanm nan kisa li te tande sou grenn planin, poukisa se li ki enterese l, ki kesyon li genyen sou kontwòl pouvwa fè pitit, elatriye)

- Bay enfòmasyon

(Eksplike kijan grenn planin yo aji, tankou itilizasyon ki kòrèk, pwoblem, ki moun ki ka oswa ki pa ka sèvi avèl, bay enfòmasyon sou lòt metòd planin yo, chase move lide yo, elatriye)

- Diskite sou chwa

(Ede fanm nan konprann ki sa chwa li a ye ak ki sa chak chwa gen ladan yo, pa egzanp, li dwe ale nan sant sante a, wè yon doktè, jwenn yon preskripsyon, grenn Ajan kominotè yo bay la yo dwe pran l chak jou, epi piki a se chak 3 mwa, elatriye)

- Plan daksyon

(Ede fanm nan deside kisa li pral fè; si li deside eseye metòd grenn yo, eksplike l ki jan pou li ale nan sant sante a, mande li kilè li prale, mande l kisa li pral bezwen pou l ale la (yon moun pou veye timoun yo, elatriye); ede l planifye, elatriye)

- Ranfòsman

(Fèl konnen kilè w ap gen pou w retounen pou fè swivi avèl, elatriye)

- 10.** Mande patisipan yo ki kesyon yo genyen sou etap chanjman yo, kritè konsèy, oswa etap konsèy, epi reponn kòmsadwa oswa mande yon patisipan repons la.

SESYON 12

EDIKE AK KONSEYE MANM KOMINOTE A SOU PLANIN



Metòd: Diskisyon an gwo gwoup ak Jwèt wòl



Tan: 2 èd tan



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- f. Edike ak konseye manm kominote yo sou avantaj ki genyen nan fè planin ak kontwòl pouvwa fè pitit yo, kontrekare obstak sosyal ak kiltirèl planin nan ap fè fas ak lejand yo epi move lide sou metòd planin yo.



Preparasyon

- Rewè Lis Edikasyon Planin ak pyès teyat yo.



Materyèl yo

- Lis Edikasyon ak Konsèy sou Planin ki nan paj 17–18 nan Liv Patisipan yo.
- Pyès teyat ki nan paj 66 nan Liv Patisipan yo
- Fèy papye
- Makè
- Tep



KONSÈY: *Ou ka chanje wòl yo si w vle pou ka reflete reyalyte ki genyen nan kominote patisipan yo.*



ETAP YO



15 minit

1. Di patisipan yo:

Jiske la, nou sot diskite sou pwoblèm sosyal ak kiltirèl planin ak kontwòl pouvwa fè pitit, mit epi move lide sou kontwòl pouvwa fè pitit, ak kouman kontrekare pwoblèm ak lejand sa yo. Nou te revize etap echanj ak etap konsèy yo. Nou te revize tou enfòmasyon espesifik sou metòd pou kontwòl pouvwa fè pitit yo. Kounye a se moman pou mete enfòmasyon sa yo an Pratik pou edike epi konseyemanm

kominote a sou planin ak kontwòl pouvwa fè pitit. Ou pral pratike nan fè ti pyès teyat tou kout.

Ou pral travay de pa de pou fè pyès teyat yo. Youn nan manm gwoup la pral jwe wòl Ajan Kore Fanmi an, epi lòt moun yo pral jwe wòl manm kominote a. Siw ap jwe wòl manm kominote a, ou ka itilize kèknan pwoblèm sosyal ak kiltirèl, mit ak move lide ke nou te diskite deja yo pandan wap jwe wòl ou a.

Siw ap jwe wòl Ajan Kore Fanmi an, ou ka itilize lide ke ti gwoup la te bay pou rezoud pwoblèm yo ki sou fèy papyè ki sou miray yo (depi premye jou a). Ou kapab tou sèvi ak enfòmasyon sou metòd pou kontwòl pouvwa fè pitit ki nan paj 19–49 nan Liv Patisipan yo. Ou dwe swiv kritè konsèy ak etap yo.

2. Mande patisipan yo pou jwenn Lis Edikasyon ak Konsèy sou Planin ki nan paj 17–18 nan liv yo.

3. Di patisipan yo:

Anplis de itilize enfòmasyon ki kòrèk sou metòd pou kontwòl pouvwa fè pitit ak kritè konsèy ak etap yo, ou ka itilize lis sa pou ede w sonje sa ki enpòtan pou w fè lè w ap edike ak konseye manm kominote a sou kontwòl pouvwa fè pitit ak planin. Lis la gen pati ki pi enpòtan yo sou planin ak kontwòl pouvwa fè pitit ke nou te diskite pandan fòmasyon sa. Ou kapab itilize pwòp lide pa w tou.

4. Mande youn oswa de moun ki vle pou li lis la byen fò:

Planin ak Ekonomi

- ☐ Si yon fanmi gen twòp timoun, timoun yo ka pa jwenn ase manje, oswa ledikasyon ak opòtinite ekonomik.
- ☐ Planin kontribye nan sante ekonomik ak byennèt fanmi ak kominote yo. Ak twòp timoun, resous fanmi ak kominote yo vin twò piti, epi li vin difisil pou yo reyalize byennèt ekonomik yo.
- ☐ Metòd planin yo vrèman PA chè, epi gen kèk nan metòd yo ki gratis.

Planin ak Lasante

- ☐ Atravè ledikasyon ak aksè nan swen sante, fanmi yo ka aprann ki jan pwoteje timoun yo kont maladi ki konn abitye touye timoun sitoun nan fanmi pòv yo, pa egzanp, malnitrisyon, dyare, malarya, elatriye.
- ☐ Planin ka amelyore sante fanm nan paske lap anpeche l ansent twò souvan, ansent youn dèyè lòt, oswa ansent twò bonè oswa twò granmoun.

- ☐ Fanm ki gen VIH yo ka bay ti bebe a li pandan yo ansent oswa pandan yap akouche. Fanm sa yo ka jwenn anpil avantaj lè yo aprann sou planin nan.

Planin ak dwa moun

- ☐ Planin se pa zafè fanm sèlman. Gason yo dwe pataje responsablite sa a tou.
- ☐ Tout fanm yo gen dwa pratike planin ak pran desizyon ki afekte kò yo, sante yo, ak sante nan fanmi yo.
- ☐ Ajan Kore Fanmi yo ak travayè sosyal yo ka ede fanm yo aprann kijan pale avèk mari yo sou kontwòl pouvwa fè pitit ak planin nan, konsa moun yo ap rive konprann enpòtans li pou sante fanmi yo. Ajan Kore Fanmi yo ta dwe pale ak mesye yo tou.
- ☐ Fanm yo ka pa vle fè planin si yo santi ke se fòse yap fòse yo. Ajan Kore Fanmi yo dwe koute sa medam yo gen pou yo di sou planin nan, pale de sijè sa avèk anpil atansyon ak franchiz, epi montre yo ke ou konprann laperèz fanm lan.

Pwoblèm metòd planin yo

- ☐ Tout fanm ka sèvi avèk kèk metòd planin san danje, tankou fanm ki genyen oswa ki pa gen pitit, marye oswa pa marye, nenpòt laj, fanm ki te fè yon avòtman oswa yon foskouch, fanm ki gen VIH oswa yon lòt maladi grav.
- ☐ Gen kèk metòd kontwòl pouvwa fè pitit ki gen pwoblèm, men efè sa yo souvan ale apre kèk mwa.
- ☐ Si yon fanm santi pwoblèm oswa siy danje yo, li dwe ale nan sant sante a. Doktè oswa enfimye yo kapab ede fanm nan jere pwoblèm sa yo oswa chanje metòd planin nan.
- ☐ Kapòt Gason ak Kapòt Fanm pa bay okenn pwoblèm, epi yo se pi bon fason pou anpeche w vin ansent. Yo pwoteje w tou kont maladi moun ka trape nan fè bagay, tankou SIDA.
- ☐ Metòd planin modèn yo PA lakòz kansè oswa Lòt maladi grav.
- ☐ Pa sèvi avèk metòd modèn planin ka gen efè ki pi grav sou sante yon fanm pase pwoblèm ki nan metòd planin modèn yo. Fè twòp pitit, fè timoun yo twò pre (mwens pase 2 zan), gen timoun piti (ki poko gen 18 lane) oswa fanm ki gen anpil laj (plis pase 35 lane) kapab yon danje pou sante fanm nan.
- ☐ Gen anpil mit ak move lide sou pwoblèm metòd planin yo. Ajan Kore Fanmi yo dwe ede chase move lide sa yo epi pataje enfòmasyon ki kòrèk yo sou metòd planin yo ak manm kominote.

5. Di patisipan yo:

Sonje, ou pa oblije li 'lis tout sa Ajan Kore Fanmi an dwe fè bay manm kominote a oswa di yo tout bagay ki sou lis la; se sèlman yon gid. Itilize li pou ede w sonje sa ou dwe di lè w ap edike ak konseye manm kominote yo. Ou kapab itilize pwòp lide pa w tou.

6. Mande patisipan yo ki kesyon yo genyen sou lis pou tcheke a epi reponn, oswa mande moun ki vle pou reponn, si bezwen.



15 minit

7. Mande pou tout moun kanpe. Apre sa, separe gwoup la an de. Eksplike ke mwatye nan gwoup la pral pratike jwe wòl, epi lòt mwatye a, ap gen pou jwe wòl an dezyèm.

8. Mande gwoup yo pou rete apa, konsa yo pa pral distrè nan jwèt wòl youn a lòt.

9. Divize premye gwoup la an de ankò, bay chak mwatye yo yon sèl wòl: mwatye nan premye gwoup la pral jwe wòl Mari Jwèt 1, epi lòt mwatye a pral jwe wòl Ajan Kore Fanmi-an.

10. Li Jwèt Wòl 1 an byen fò pou premye gwoup la.

11. Aprè sa a, mande moun ki ap jwe wòl Ajan Kore Fanmi an mete ansanm ak moun kap jwe wòl Mari a. Mande pou tout moun pote Liv yo avèk yo.

12. Fè menm bagay la pou dezyèm gwoup la ak Jwèt wòl 2.

13. Epi di patisipan yo:

- Ajan Kore Fanmi an dwe pale avèk Mari oswa Jan sou planin ak kontwòl pouvwa fè pitit la.
- Mari(s) ak Jan (s) ta dwe poze kesyon, di laperèz, ak move lide yo genyen.
- Ou gen 10 minit pou pratike.
- Apre 10 minit la, mwen pral chwazi 2 moun nan chak gwoup (Jwèt Wòl 1 ak Jwèt wòl 2) pou vin pèfòme devan tout moun.



20 minit

- 14.** Mande ti gwoup de moun yo pou kòmanse ap jwe pyès teyat. Pandan yap pratike, mache nan sal la epi koute jwèt wòl yo tou dousman. Ede oswa bay konsèy sèlman si ou wè ke yogen difikilte pou fè travay la. Chwazi 2 moun ankò pou prezante devan tout moun, youn pou jwèt wòl 1 ak yon lòt pou jwèt wòl 2.



15 minit

- 15.** Mande tout moun pou yo sispann fè pyès teyat epi retounen nan plas yo.
- 16.** Poze patisipan yo kesyon ki annapre yo pou Jwèt wòl yo epi ankouraje yon ti diskisyon tou kout. Lide a se pa pou kritike ladrès ak ajisman patisipan yo, men se pou diskite sou sa ki difisil nan fè edikasyon sou planin ak kijan nou ka jere pwoblèm sa yo:
- Ajan Kore Fanmi an: lè ou tap jwe wòl Ajan Kore Fanmi an, ki sa ki te pi difisil pou ou? Kijan ou panse ou ka jere difikilte sa yo?
(*Pran plizyè repons.*)
 - Mari: lè ou tap jwe wòl Mari a, ki sa ou te santi? Ki sa Ajan Kore Fanmi-an te fè pi byen?
(*Pran plizyè repons.*)
 - Tout moun: Ki sa nou panse ki pral travay pi byen lè w ap edike fanmi yo?
(*Pran plizyè repons.*)



15 minit

- 17.** Envite ti gwoup ou te chwazi pou jwèt wòl 1 an pou vin devan nan sal la pou jwe pyès teyat yo.
- 18.** Apre pèfòmans la, mande pou yo bat bravo epi mande aktè yo pou yal chita.

19. Poze kesyon sa yo epi ankouraje yon ti diskisyon tou kout. Ankouraje patisipan yo pou yo bay filbak ki konstriktif, positif ak sijesyon ki itil (pa negatif oswa filbak ki twò kritik).

- Kisa Ajan Kore Fanmi an te fè byen?
(*Pran plizyè repons.*)
- Kisa Ajan Kore Fanmi an ka fè pi byen yon pwochèn fwa?
(*Pran plizyè repons.*)



30 minit

20. Repete menm pwosesis la pou jwèt wòl 2: an premye fè yon ti pale sou eksperyans patisipan kap fè jwèt wòl, aprè sa envite ti gwoup Jwèt Wòl 2 ke ou te chwazi pou avanse epi fè jwèt wòl yo, aprè sa a envite patisipan yo pale sou pèfòmans lan.



10 minit

21. Mande patisipan yo:

- Ki sa w panse ki pral pi difisil nan edike fanm ak gason sou planin ak kontwòl pouvwa fè pitit yo?
(*Pran plizyè repons.*)
- Kouman ou kapab kontrekare pwoblèm sa yo?
(*Pran plizyè repons.*)

22. Di patisipan yo:

Edike epi konseye fanm ak gason sou kontwòl pouvwa fè pitit ak planin nan pa fasil. Se ka apre anpil chita pale ou ka resi jwenn pwèn sansib pou w fè yon fanm oswa yon gason vle eseye metòd pou kontwole pouvwa fè pitit yo ak pratike planin. Lè yo fin aksepte fè yon metòd planin, yo pral bezwen ankourajman ak sipò. Kèk fanm oswa gason pa janm pratike planin, menm si li ka amelyore sante fanmi yo. Men avèk ledikasyon epi chita pale, anpil fanm ak gason ap vin konprann enpòtans ki genyen nan fè planin e ke yo dwe sèvi avèk li. Edike manm kominote yo chak jou ak chak mwa yon fason pou yo travay pou amelyore sante kominote nou yo.



PYÈS TEYAT SOU PLANIN

paj 66 nan Liv Patisipan yo

PYÈS TEYAT 1

Mari: Ou se manman 7 timoun. Ou pòv anpil epi pafwa fanmi w konn pa gen ase manje pou yo manje. Timoun ou yo mèt anpil epi yo malad detanzantan. Ou konn tandè pale de planin ak kontwòl pouvwa fè pitit yo, epi w ap mande tèt ou eske lap yon bon lide, paske ou pè eseye li. Ou konn tandè y ap di ke metòd planin yo konn fè fanm yo malad. Ou doute tou ke papa timoun ou yo, Jan, ta ka dakò avèk lide pou fè planin nan.

Ajan Kore Fanmi an: Ou te vizite Jan ak Mari pandan yon ti tan kounyeya. Mari di ou ke li pè paske pitit li yo pafwa pa gen ase manje pou yo manje, epi yo malad detanzantan. Lè ou vizite l jodi a, Jan pa la. Ou deside ke se yon bon moman pou w pale avèk Mari sou planin ak kontwòl pouvwa fè pitit li.

PYÈS TEYAT 2

Jan: Ou se papa 7 timoun. Ou pòv anpil epi pafwa fanmi w pa gen ase manje pou yo manje. Timoun ou yo mèt anpil epi yo malad detanzantan. Menm si ou gen 7 timoun deja, ou vle gen pi plis toujou. Ou konn tandè Ajan Kore Fanmi yo ap pale de planin avèk lòt fanmi nan vilaj la, epi ou kont bagay sa. Ou pako janm pale de sa avèk Mari, manman pitit ou yo.

Ajan Kore Fanmi an: Ou te vizite Jan ak Mari pandan yon ti tan kounyeya. Mari te di ou ke li pè paske pitit li yo pafwa pa gen ase yo manje, epi yo malad detanzantan. Lè ou vizite yo jodi a, Mari pa la, men Jan ki la. Ou deside ke se yon bon moman pou pale ak Jan sou planin ak kontwòl pouvwa fè pitit yo.

SESYON 13

BAY PIKI CHAK 3 MWA A (DEPO-PROVERA)



Metòd: Demonstrasyon ak Pratik



Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- k. Bay piki Depo-Provera a fanm ki te chwazi metòd piki yo te preskri yo a pou kontwòl pouvwa fè pitit yo, epi swiv ansanm ak anrejistre fanm k ap sèvi avèk piki yo.



Preparasyon

- Rasanble pwovizyon ki nan lis anba 'materyèl' la, ase pou gwoup pè yo oubyen ti gwoup pratik yo.
- Si ou pa antrene pou w bay piki, mande pou pi piti 2 enfimyè ki resevwa fòmasyon pou sa, pou mennen sesyon sa a.



Materyèl yo

- Fo piki nan flakon
- Sereng san zegwi (pou premye pratik la)
- Sereng ak zegwi (pou 2zyèm pratik la)
- Dlo
- Savon likid oswa koton ki tranpe davans nan savon likid
- Koton sèch (si koton ki tranpe davans lan pa disponib)
- Alkòl
- Bwat Sekirite
- Mannken oswa moso fwi pou pratike bay piki
- Enstriksyon sou piki ki nan paj 62 nan Liv Patisipan yo



KONSÈY: Patisipan yo dwe pratike bay piki reyèl youn ak lòt nan sal klas la oswa sou volontè nan sant sante a epi sèvi ak fo piki. Asire ou ke planifye ase tan pou pratik sa. Si patisipan yo pral pratike sou volontè nan sant sante a, ou ka bezwen plis pase inèdtan.



ETAP YO



15 minit

1. Di patisipan yo:

Si yon fanm ki sou responsablite w chwazi sèvi ak piki 3 mwa (Depo-Provera) pou kontwòl pouvwa fè pitit li gen preskripsyon, se ou kap responsab pou ba l yon piki chak 3 mwa.

2. Mande patisipan yo:

- Si yon fanm ki ap pran swen nan men w ba ou yon preskripsyon pou pran piki, kisa ou ta dwe mande oswa di li anvan ou ba li piki a?
(*Esplike ankò pou di l ke ou pral ba li yon piki yon fwa chak 3 mwa, raple li pwoblem posib yo epi eksplike l ke pwoblem sa yo prale aprè kèk mwa, eksplike ke li kapab jwenn èd nan sant sante a pou pwoblem ki dire lontan yo oswa chanje nan yon nouvo metòd si li pa ka tolere pwoblem yo, eksplike siy danje yo.*)
- Ki pwoblem ou ka jwenn nan metòd piki a?
(*Chanjman nan règ yo chak mwa tankou senyman iregilye oswa ki dire lontan pandan 3 premye mwa yo, ak senyen pafwa oswa pa senyen ditou apre 1 lane*)
(*Chanjman nan ekoulman vajinal*)
(*Tèt fè mal*)
(*Tèt vire*)
(*Gonfleman ak malalèz*)
(*Vin gwo*)
(*Tanperaman chanje*)
(*Mwens anvi fè bagay*)
- Ki konsèy ou ka bay pou ede fanm kap fè fas a pwoblem sa yo?
(*Anpil fanm ki sèvi ak metòd piki sispann gen règ yo chak mwa apre yon tan, men se pa danje, san an pa bati andedan fanm nan, okontrè li redwi ris pou anemi; fanm nan ka itilize grenn pou soulaje doulè oswa lòt remèd lokal pou soulaje maltèt, elatriye.*)
- Ki siy danje yo?
(*Li sispèk li ansent.*)
(*Li devlope migrèn oswa maltèt ki plis pase anvan l te kòmanse pran piki a.*)

(Li montre siy depresyon.)

(Li senyen anpil oswa kontinye senyen pandan plis pase 2 semèn oswa kòmanse senyen sanzatann apre plizyè mwa.)

- Si yon fanm ta santi nenpòt nan siy danje sa yo, kisa li dwe fè?
(Ale nan sant sante a san pèdi tan pou jwenn èd doktè.)



15 minit

3. Mande patisipan yo pou leve men yo si yo konn abitye bay piki deja.
Chwazi 2 patisipan ki gen eksperyans pou vin devan sal la pou demontre.
Mande yo pote ti Liv Patisipanan avèk yo.
4. Mande tout moun pou jwenn eksplikasyon sou piki Depo-Provera a ki nan paj 62–63 nan Liv patisipan yo.
5. Eksplike ke kounyeya 2 patisipan ki gen eksperyans yo pral montre kouman pou bay yon piki Depo-Provera. Yon patisipan dwe li eksplikasyon yo byen fò pandan ke lòt laap demontre epi sèvi avèk bra premye patisipan an. Yo ka fè sa san zegwi an premye, oswa sèvi ak yon ti moso fwi pou pike zegwi yo:
 1. Jwenn 1 dòz piki, yon zegwi, ak yon sereng (150 miligram dòz, yon sereng 2 mililit, ak yon zegwi pou misk 21–23 kalib). Ouvè sachè sereng lan nan fant ki fèt pou sa, men pa kole ni sou piston ni sou egwi la.
 2. Verifye dat ekspirasyon ki sou flakon an.
 3. Lave men w avèk savon ak dlo.
 4. Lave kote ou pral bay piki a avèk savon likid ak yon boulèt pwop koton (hanch fanm nan / mis ventrogliteyal, anlè bra / mis dèltoyidyèn oswa dèyè / mis fesye, nenpòt kote fanm nan pito). Netwayaj sa rele asepsi. Li pèmèt ou pwoteje moun wap bay piki oubyen vaksen kont abse ak lòt jèm ki ka bay enfeksyon.
 5. Prepare flakon an nan souke li dousman. (Si flakon an frèt, chofe l ak men ou anvan ou bay piki a.)
 6. Ranpli sereng lan nan pèsè tèt flakon an ak zegwi esteril la epi ranpli sereng lan ak dòz ki kòrèk la.
 7. Antre zegwi esteril la fon nan anlè bra fanm nan (oswa yon lòt kote) nan yon ang 90 degre ak yon mouvman ki rapid, epi enjekte sa ki nan sereng la.
 8. Pa fè masaj nan plasman ou sot bay pikia.

9. Jete sereng ak zegwi a nan yon Bwat Sekirite. Pa rebouche l, pliye l, oswa kraze zegwi a anvan w mete l nan Bwat Sekirite a. Itilize yon sereng pou chak manm kominote. Pa janm sèvi ak yon sereng 2 fwa.

6. Remèsye 2 patisipan yo pou prezantasyon yo epi mande yo pou y al chita.



45 minit

7. Divize patisipan yo de pa de oswa an ti gwoup epi bay chak pè oswa ti gwoup yo materyèl: sereng ak zegwi, flakon, koton, savon likid, epi fwi.
8. Mande pè oubyen ti gwoup yo pou pratike bay piki epi swiv etap yo ki nan Liv yo a. Yo ka pratike ak fwi anvan, epi youn ak lòt oswa yon moun ki vle nan sant sante a. Chak patisipan yo ta dwe pratike bay piki sou yon moun reyèl, sou sipèvizyon enfimyè yo.
9. Pandan patisipan yo ap travay, ou menm avèk mis yo dwe mache nan sal la epi ede si bezwen.



15 minit

10. Mande patisipan yo pou pote pwovizyon yo tounen devan nan sal epi retounen nan plas yo.
11. Mande patisipan yo pou poze kesyon yo genyen sou bay piki Depo-Provera a, epi reponn kòmsadwa oswa mande yon patisipan ki gen eksperyans pou reponn.

Source: World Health Organization Department of Reproductive Health and Research (WHO/RHR) and Johns Hopkins Bloomberg School of Public Health/Center for Communication Programs (CCP), INFO Project. *Family Planning: A Global Handbook for Providers*. Baltimore and Geneva: CCP and WHO, 2007.

SESYON 14

DISTRIBYE METÒD PLANIN YO AK FÈ RAPÒ



Metòd: Prezantasyon fasilite ak istwa



Tan: 1 èd tan



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- m.** Distribiye metòd planin bay fanm ak gason selon pwotokòl sant sante lokal la, epi fè swivi avèk fanm ak gason ki sèvi avèk metòd planin sa yo.
- n.** Kenbe dosye yo nan lòd epi fè swivi avèk fanm ak gason ki sèvi avèk metòd planin yo.



Preparasyon

- Revize kat planin ki nan Liv Patisipan yo.
- Fè fotokopi nenpòt lòt fòm yokonn itilize nan sit ou a ki nan Liv Patisipan yo (kanè pasyan an ki nan sant sante a, elatriye).
- Prepare 3 kat planin kòm istwa, tankou non, dat preskripsyon, elatriye. Chak kat / istwa yo ta dwe reprezante yon metòd planin diferan.
- Fè fotokopi 3 kat planin istwa, yon kopi pou chak patisipan.
- Si ou vle itilize kat planin vid pou Etap 7 anba a, fè fotokopi dokiman ase pou 2 pou chak patisipan.



Materyèl yo

- Fotokopi 3 kat planin istwa ke fasilite a te prepare (gade Preparasyon)
- Fòmilè planin ki vid
- Fotokopi fòm vid pou Etap 7 ki anba a (si nesèsè)



ETAP YO



10 minit

1. Di patisipan yo:

Se ou ki responsab pou distribiye kèk metòd pou kontwòl pouvwa fè pitit bay manm kominote yo, epi fè swivi ak manm kominote yo ki sèvi avèk metòd pou kontwòl pouvwa fè pitit yo. Pou fè sa, w ap

konsève dosye yo. Kounyeya, nou pral revize kijan pou anrejistre epi konsève dosye sa yo.

Sonje byen, ou pa gen dwa preskri oswa chanje metòd planin yo poukont ou. Fanm ki vle sèvi ak grenn planin, enplan, oswa Enplan anba po, oswa ki vle chanje yon metòd pou yon lòt, yo dwe wè yon doktè oubyen yon mis ki nan sant sante a kap ba yo yon preskripsyon.

2. Eksplike tout detay ke patisipan yo pral bezwen konnen sou distribisyon metòd pou kontwòle pouvwa fè pitit nan zòn yo epi reponn kesyon yo jan sa nesèsè, pa egzanp:

- Kilè ak ki kote Ajan Kore Fanmi yo ta dwe al chèche kapòt yo epi konbyen fwa yo dwe distribye yo (pandan vizit nan kay, elatriye).
- Kilè ak ki kote Ajan Kominotè yo dwe al chèche grenn planin oswa Depo-Provera epi distribye materyèl pou bay piki nan sit yo (pou sit kote Ajan kominotè yo pral distribye grenn ak / oswa piki), epi kilè ak kijan yo pral bezwen planifye avèk enfimyè ki responsab planin ak famasyen an pou al chèche yo.
- Konbyen fwa yo dwe rapòte fanm ki an swivi e kap sèvi avèk metòd planin yo te preskri yo a nan sant sante a (chak 3 mwa, elatriye).



10 minit

3. Distribye kopi kat planin. Eksplike ke tout fanm ke yo preskri epi ki sèvi avèk metòd planin yo (grenn planin, enplan, ak Enplan anndan matris) pral resevwa kat sa a nan men yon doktè oswa yon mis ki nan sant sante a.

4. Eksplike tout sa ki sou kat la youn pa youn fè patisipan yo swiv ansanm, oswa mande yon patisipan ki gen eksperyans pou eksplike.



10 minit

5. Di patisipan yo ke kounyeya yo pral pratike sou kijan pou yo sèvi avèk kat la. Bay chak patisipan yo yon kopi premye istwa ou te prepare a. Li enfòmasyon istwa a byen fò. Pou chak kesyon, mande patisipanyo kisa sitiyasyon sa vle di, epi kisa Ajan Kore Fanmi an dwe fè avèk enfòmasyon sa a. Apre sa montre patisipan yo ki enfòmasyon mis, doktè, oswa Ajan Kore Fanmi an pral gen pou yo ajoute nan kat sa detanzantan.



20 minit

6. Pou 2zyèm ak 3zyèm istwa yo, ou ka refè menm pwosesis ki anwo a, oswa ou ka bay patisipan yo yon kopi kat la ki vid, li enfòmasyon sou istwa a byen fò, epi mande patisipan yo pou yo ranpli enfòmasyon yo, ekri sou gwo fèy papyè a jan sa nesesè epi montre patisipan yo kisa pou yo ekri.



10 minit

7. Si patisipan yo ta swete kew tcheke yon dosye pasyan pou yo nan sant sante a, bay patisipan yo yon fotokopi paj dosye a epi analize li avèk yo.
8. Reponn nenpòt kesyon patisipan ta poze sou kijan pou sèvi epi konsève dosye planin yo.

SESYON 15

FOM YO



Metòd: Prezantasyon fasilite ak pratik a de



Tan: 1 èdtan



Objektif

Patisipan-yo pral kapab:

- Ranpli nenpòt fòm ki bezwen pou jwenn enfòmasyon sou metòd planin nan fanmi yo responsab.



Preparasyon

- Fè fotokopi nenpòt fòm Ajan Kore Fanmi yo pral sèvi pou metòd planin nan fanmi yo responsab yo. Fè ase pou pratik ki dekri anba la.
- Si sa nesesè, trase atik yo sou yon gwo fèy papye.



Materyèl yo

- Fotokopi fòm yo
- Atik yo ki trase sou gwo fèy papye si sa nesesè



KONSÈY: Kreye 3 istwa senp, yonn chak pou 3 fanm diferan. Mete tout enfòmasyon ki pral ekri sou fòm nan. Si Ajan Kore Fanmi yo dwe ranpli fòm la pa mande yon manm fanmi a kesyon, mande chak de patisipan yo fè sa a pa poze kesyon youn ak lòt pandan travay a de a.



ETAP YO



15 minit

1. Bay chak moun yon fotokopi fòm nan. Li chak atik nan fòm lan byen fò pou tout moun ka tande (oswa mande yon volontè li byen fò) epi eksplike pou ki li ye.

2. Eksplike ke kounye a patisipan yo pral pratike ranpli fòm nan. Sèvi ak premye istwa a. Pou chak kesyon istwa a:
 - Li kesyon istwa a byen fò.
 - Mande patisipan yo ki kote atik la ta dwe ekri sou fòm lan.
 - Konfime repons ki kòrèk la epi ekri li sou gwo fèy papye tablo pou tout moun ka wè.
 - Di patisipan yo ekri enfòmasyon yo sou fòm yo.
3. Lè ou fini ak istwa a, sikile nan sal la pou voye sou travay patisipan yo. Si yon moun te gen anpil difikilte avèk kek atik, revize atik sa yo ak gwoup la.



30 minit

4. Separe patisipan yo de pa de epi di yo travay ansanm pou ranpli atik fòm ki kòrèk yo pou rès istwa yo.
5. Bay chak de patisipan 30 minit pou travay. Pandan gwoup a de yo ap travay, sikile ak ede jan sa nesesè. Bay yo avètisman 15, 5, ak 1-minit.



15 minit

6. Sikile pou voye je sou travay tout moun yo. Remake nenpòt difikilte patisipan yo te genyen avèk nenpòt atik nan fòm lan. Revize bagay sa yo ak gwoup la ak bay plis egzanp pou patisipan yo fè.
7. Mande ki kesyon patisipan yo gen sou fòm yo epi reponn nan fason ki kòrèk, oswa mande patisipan yo ki gen eksperyans reponn.



KONSÈY: Apre fòmasyon an, egzamine rezilta pre-tès la ak pòs-tès la pou wè domèn kote patisipan yo te fè pi move nòt yo. Enfòmasyon sa yo ap ede w fè fòmasyon pi devan yo bay pi bon rezilta. Pa egzanp, si anpil patisipan te jwenn yon kesyon patikilye pa bon nan pòs-tès la, ou ka bezwen esplike yo sijè a nan plis detay pwochèn fwa ou gen pou fè fòmasyon an.

SESYON 16

PÒS-TÈS



Metòd: Evalyasyon



Kantite Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Evalye sa yo te aprann yo pandan fòmasyon an.



Preparasyon

- Koriye pre-tès yo nan kòmansman fòmasyon sa a.



Materyèl yo

- Kreyon oswa plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi Pòs-tès la



ETAP YO



30 minit

1. Fè patisipan yo konnen yap pran yon “pòs-tès” kounye a. Objektif pòs-tès la se pa pou jije patisipan yo, men pito pou asire fòmasyon sa a te satisfè bezwen yo. Pòs-tès la ap ede evalye tou si fòmasyon sa a bay bon jan rezilta, epitou lap fè li vin pi bon pou fòmasyon pi devan yo.
2. Bay chak patisipan yon fotokopi pòs-tès la.
3. Anvan pòs-tès la, mande patisipan yo pou yo mete enfòmasyon anlè chak paj egzamen an, epi pou yo remèt li ba ou. Si yon patisipan pa konnen dat egzat li te vin yon Ajan Kore Fanmi, mande li pou ekri ane li te vin yon Ajan Kore Fanmi, epi note jou a kòm “30” ak mwa a kòm “6” (jen). Enfòmasyon sa yo ta dwe annamoni avèk sa yo te ekri nan pre-tès la.
4. Fè patisipan yo konnen ou pral li kèk kesyon byen fò ki gen rapò ak sijè fòmasyon an. Patisipan yo ap reponn kesyon yo. Pou fè sa, yap antoure nan pi bon repons lan pou chak kesyon ki nan pòs-tès yo.

- 5.** Di patisipan yo si yo pa konnen repons pou yon kesyon, yo ta dwe kite kesyon an san repons.
- 6.** Esplike wap fè premye kesyon an ansanm. Fè patisipan yo konnen kesyon sa a pa nan egzamen an; se sèlman pou pratik.
- 7.** Li premye kesyon an ak repons posib yo byen fò. Mande yon volontè pou reponn, oswa reponn kesyon an poukont ou. Pou reponn kesyon sa a, patisipan yo ta dwe antoure repons ki sou papye yo.
- 8.** Li règ kesyon pòs-tès la ak repons posib yo byen fò epi dousman, youn alafwa. Repete kesyon yo ak repons posib yo, jan li nesèsè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
- 9.** Fè patisipan yo konnen ou pral konpare pòs-tès ak pre-tès yo te pran nan kòmansman fòmasyon sa a. Separe chak pre-tès ki korije ba chak patisipan.
- 10.** Mande patisipan yo pou yo gade pre-tès korije yo ak dènye pòs-tès yo pou wè kote yo fè ki vin pi bon ak sa yo aprann nan. Fè patisipan yo konnen yo pa ta dwe fè okenn chanjman nan pòs-tès yo. Sa trè enpòtan.
- 11.** Mande patisipan yo si yo gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak egzamen yo, epi bay eksplikasyon yo, si li nesèsè.
- 12.** Ranmase pre-tès yo ak pòs-tès yo.

POS-TÈS

Non ou: _____ Dat: _____

Sant sante: _____ ID#: _____

Fòmètè: _____ /
mwa / lane

Kilè ou te vin yon ajan kominotè polivalan? _____

Fè wonn nan “vrè” oswa nan “fo” pou kesyon sa yo:

Fòmètè a se yon nomn.



Vrè

Fo

1. Itilizasyon metòd planin modèn pou pa ansent se fason ki pi efikas pou pratike planin familyal.



Vrè

Fo

2. Fanm ki itilize planin kouri gwo danje, paske li kapab vin gen kansè oswa kèk lòt maladi grav, oswa li ka vin pa ka fè pitit ankò.



Vrè

Fo

3. Nenpot ti malz fanm ki sou planin modèn lan genyen li dwe sispann itilize metòd la.



Vrè

Fo

4. Metòd planin gason yo fè yo vinn pi gwo, fèb, pa anvi fè bagay, fè bèk atè.



Vrè

Fo

Fè wonn nan pi bon repons pou chak kesyon:

5. Chwazi metòd modèn planin yo:
 - a. **Metòd filaman, grenn planin, kapòt.**
 - b. Metòd kalandriye la oswa metòd tanperati.
 - c. Retire pijon nan vajen anvan gason an voye.
 - d. Tout nan sa yo.
6. Efè segondè ou plis jwenn lè wap itilize grenn planin, piki 3 mwa, ak planin 5 an se:
 - a. P ap janm fè pitit ankò.
 - b. **Senyen tanzantan oubyen pa wè règ.**
 - c. Vomisman ak dyare.
 - d. Tout reyaksyon alèjik, tankou po kò vin wouj.
7. Si yon fanm itilize grenn planin pou evite gwosès, li dwe pran:
 - a. **1 grenn chak jou.**
 - b. 1 grenn de (2) fwa pa jou.
 - c. 1 grenn chak jou pandan l ap ovile.
 - d. 1 grenn anvan li fè bagay.
8. Si yon fanm pran piki pou li pa vin ansent, li dwe pran yon piki:
 - a. Chak mwa.
 - b. **Chak 3 mwa.**
 - c. Chak ane.
 - d. Chak 10 zan.

9. Si yon fanm itilize metod filaman pou li pa vin ansent, li dwe ale mete yon lòt:
 - a. Apre 1 ane.
 - b. Apre 5 a 10 zan, selon kalite filaman an.**
 - c. Apre 20 ane.
 - d. Jamè. Filaman an se yon metòd pèmanan pou pa vin ansent.

10. Pratik planing familyal kapab bon ni pou gason, ni fanm, ni fanmi yo, paske:
 - a. Lè yon fanm fè pitit twò dri li kouri gwo danje pou sante li.
 - b. Fanm ak gason ki pa gen anpil pitit plis anmezi pou bay pitit yo manje, pou fè edikasyon yo, epitou pou sipòte tout pitit yo.
 - c. Kapòt gason ak kapòt fanm bay pwoteksyon kont maladi moun ka trape nan fè bagay (STI), tankou VIH.
 - d. Tout repons yo bon.**

11. Sèl metòd planin ki pwoteje kont gwosès ak malady yo trape nan fè bagay tankou VIH se:
 - a. Kapòt.**
 - b. Retire pijon nan vajan anvan gason an voye.
 - c. Grenn planin.
 - d. Piki.

12. Yon fanm ki vinn ansent ap kouri gwo danje si:
 - a. Li poko gen laj 18 tan.
 - b. Li gen laj ki plis pase 35 ane.
 - c. Li te akouche plis pase 5 timoun deja.
 - d. Tout repons sa yo.**

13. Ajan kominotè polivalan yo ta dwe:
- Repwoche fanm ak gason ki pa sèvi ak kapòt.
 - Pale osijè avantaj ki genyen nan itilizasyon metòd pou pa ansent, epitou ede moun yo pran desizyon yo poukont yo.**
 - Bay konsèy sèlman pou mou ki marye.
 - Pa diskite sou metòd espesifik pou pa ansent paske, metòd yo se zafè prive.
14. Anvan ajan kominotè polivalan an bay yon piki 3 mwa, li ta dwe:
- Bay fanm nan eksplikasyon sou efè segondè yo.
 - Bay fanm nan konsèy sou siy danjere yo.
 - Netwaye kote l ap bay fanm nan piki a avèk savon likid ak koton.
 - Tout repons sa yo.**
15. Si yon fanm k ap itilize grenn planin gen maltèt ki grav, ajan kominotè polivalan an ta dwe:
- Fè fanm nan konnen sentòm li yo nòmal. Li ta dwe kontinye itilize metòd pou pa ansent lan.
 - Akonpaye fanm nan pou ale nan sant sante a imedyatman.**
 - Akonpaye fanm nan pou ale nan sant sante a nan yon semèn si sentòm yo pa amelyore.
 - Mande fanm nan pou li kouche ak pran repo.
16. Lè yon gason sèvi ak yon kapòt gason, men sa li dwe fè yonn apre lòt:
- Penche pwent lan, mare li nan yon ne apre li retire, woule desann nan pijon an, epi tcheke dat espirasyon an.
 - Woule li desann nan pijon an, tcheke dat espirasyon an, penche pwent lan, epi mare li nan yon ne apre li retire li.
 - Tcheke dat espirasyon an, gade si sache a pa gen trou, kenbe pwent lan, woule li desann lè pijon an rèd, epi mare li apre li retire li.**
 - Tcheke dat espirasyon an, woule li desann nan pijon an, penche pwent lan, epi mare li nan yon ne apre li retire li.

SESYON 17

EVALYAYSON AK BWAT KESYON SEKRÈ



Metòd: Diskisyon an gwo gwoup ak evalyasyon a lekri



Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Bay remak sou fòmasyon an.



Preparasyon

- Si ou chwazi pou fè evalyasyon an nan bouch, ekri kesyon evalyasyon yo nan etap 3 sou gwo fèy papye oswa fèy kaye. Kite espas apre chak kesyon konsa wap ka ekri repons patisipan yo.
- Mete Bwat Kesyon sekre a prè.



Materyèl

- Kesyon evalyasyon ki ekri sou gwo fèy papye oswa kaye (si ou planifye pou w fè evalyasyon an nan bouch)
- Fòm evalyasyon ki nan paj 73 nan Liv Patisipan yo (si ou planifye pou w fè patisipan yo pou fè evalyasyon an a lekri)
- Lis tout sa Ajan Sante Polivalanan dwe fè nan paj 67–68 nan Liv Patisipan
- Gwo fèy papye oswa fèy kaye
- Makè



KONSÈY: Ou ka fè evalyasyon an nan bouch (etap 1–3), oswa mande patisipan yo pou retire epi ranpli fòm evalyasyon an ki nan Liv Patisipan yo.

Avantaj ki genyen nan fè yon evalyasyon nan bouch se: menm patisipan avèk ladrès alfabetik trè limite yo ka patisipe fasil; poze kesyon yo nan bouch kapab debouche sou diskisyon ki itil; evalyasyon a an nan bouch la ka pran pi piti tan pase evalyasyon nan ekri a.

Avantaj ki genyen nan mande patisipan yo konplete yon evalyasyon ekri se: patisipan ki timid yo gen plis chans pou di sa yo panse si yap ekri pase si yo tap pale; patisipan yo ka bay fidbak ki pi onèt si yo reponn an prive nan ekri, olye pou yo pale devan tout gwoup la.



ETAP YO



15 minit

1. Remèsye patisipan yo pou angajman ak patisipasyon yo nan aktivite jodi a.
2. Di patisipan yo ke ou ta renmen konnen sa yo panse de fòmasyon sa a. Ou pral sèvi avèk kòmantè epi fidbak yo pou bay jarèt, revize, ak amelyore lòt fòmasyon kap gen pou fèt yo si sa nesèsè.
3. Si ou te chwazi fè evalyasyon an nan bouch, mande patisipan yo kesyon sa yo epi ekri yo sou gwo fèy papye (oswa fèy kaye) a:
 - Ki aktivite nan fòmasyon sa ou te pi renmen? Poukisa?
 - Ki aktivite ou pat twò renmen? Poukisa?
 - Kisa ou te aprann ki gen valè e ki pral ede w nan travay wap fèa?
 - Eske gen yon bagay ke ou pat konprann? Bay yon egzanp ki klè sou li.
 - Ki bon lide ou ka bay pou amelyore fòmasyon sa a? Kisa ou tap chanje? (pa egzanp, ki aktivite, ilustrasyon, elatriye ou tap chanje?)
 - Ki kòmantè an plis ou genyen?
4. Si ou te chwazi fè patisipan yo fè evalyasyon an a lekri, mande patisipan yo pou jwenn fòm evalyasyon an nan paj 70 nan Liv patisipan yo epi retire li. Li kesyon evalyasyon yo awotvwa. Mande patisipan yo pou fini evalyasyon an. Pandan patisipan yo ap travay, mache nan sal la epi ede si sa nesèsè.
5. Desann epi anrejistre repons evalyasyon nan bouch yo, oswa kolekte epi ramase fòm evalyasyon ekri yo.



5 minit

6. Felisite patisipan yo paske yo te konplete sesyon fòmasyon sa a.
7. Mande patisipan yo pou jwenn Lis tout sa Ajan Kore Fanmi yo dwe fè ki nan paj 67–68 nan Liv patisipan yo, mande yo ki kesyon yo genyen sou responsablite yo epi reponn kòm sadwa oswa fè patisipan ki gen eksperyans yo reponn.



10 minit

8. Pran kesyon yo ki nan Bwat Kesyon sekre an epi reponn yo kòmsadwa swa ak gwoup la an antye oubyen avèk yon moun apre fòmasyon an.
9. Remèsye patisipan yo paske yo te patisipe nan fòmasyon an. Remèsye yo pou travay enpòtan ke yo pral gen pou yo fè chak jou.



LIS TOUT SA AJAN KORE FANMI AN DWE FÈ

- ☐ Edike manm kominote yo sou kijan gen pi piti kantite timoun atravè planin ka ede yo reyalize pi bon sante epi byennèt ekonomik, epi kontribye nan sante ak byennèt ekonomik kominote yo epi tout peyi an antye.
- ☐ Lè w ap edike manm kominote a sou avantaj ki genyen nan planin, kontrekare pwoblèm sosyal ak kiltirèl planin nan ap fè fas epi chase mit ak move lide sou metòd planin yo.
- ☐ Edike fanm ak gason, eksplike yo ke planin pa sèlman konsène medam yo. Mesye yo dwe pataje responsablite sa tou.
- ☐ Eksplike ke fanm yo gen dwa pratike planin epi pran desizyon ki kapab afekte kò yo, sante yo, ak sante nan fanmi yo.
- ☐ Edike manm kominote yo sou metòd planin yo, avantaj yo, sèvi avèk yo kòrèkteman, ak pwoblèm ki gen nan chak metòd.
- ☐ Di manm kominote ki kote epi kijan yo ka resevwa metòd ki pou kontwòl nesans.
- ☐ Di fanm ki gen pwoblèm yo, souvan efè sa yo ale apre kèk mwa. Si yon fanm gen pwoblèm, li ta dwe ale nan sant sante a pou ede l jere pwoblèm sa yo, oswa pou jwenn èd pou chanje metòd la.
- ☐ Di fanm ak gason ke kapòt gason ak kapòt fanm pa bay okenn pwoblèm, epi yo se pi bon mwayen pou anpeche yon fanm vin ansent. Kapòt pwoteje w kont maladi moun ka trape nan fè bagay, tankou VIH.
- ☐ Eksplike ke pa sèvi avèk metòd modèn planin ka gen efè ki pi grav sou sante yon fanm pase pwoblèm ki nan metòd planin modèn yo. Fè twòp pitit, fè timoun yo twò pre (mwens pase 2 zan), gen timoun piti (ki poko gen 18 lane) oswa fanm ki gen anpil laj (plis pase 35 lane) kapab yon danje pou sante fanm nan.
- ☐ Eksplike ke fanm ki gen SIDA yo riske bay ti bebe yo li pandan yo ansent oswa pandan y ap akouche. Yo ka edike fanm sa yo sou avantaj planin nan.
- ☐ Distribye metòd planin yo bay fanm ak gason, ki gen ladan bay fanm piki Depo-Provera lè sa apwopriye, epi fè swivi avèk fanm ak gason ki sèvi avèk metòd pou kontwòl pouvwa fè pitit yo.
- ☐ Ranpli dosye yo nan lòd epi swiv avèk fanm ak gason ki sèvi avèk metòd ki pou kontwòl pouvwa fè pitit yo.

YON MODÈL SOU KIJAN POU REVIZE TRAVAY KI FÈT NAN SESYON AN



Metòd: Jwèt



Kantite tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Revize tout objektif modil la.



Preparation

- Li kesyon jwèt la davans.
- Si wap fè chwa 2 a, kreye yon boul lè ou woule yon gwo fèy papye. Ekri chak kesyon revizyon sou yon ti kat oswa sou yon bout papye. Kole kat yo oswa bout papye yo sou boul la avèk Tep.



Materyèl yo

- Kesyon revizyon
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



KONSÈY: Pou divèsite, ou ka sèvi ak lòt kalite jwèt pou revize olye sa ki anwo a. Pa egzanp: mande patisipan yo pou fè konpetisyon an de (2) alapas ekip; olye yo poze ekip yo kesyon youn apre lòt, bay lis kesyon yo pou ekip yo, epi wè konbyen kesyon yo kapab reponn kòrèkteman lè yo bay repons yo pou yon moun ki deziyen nan yon sèten kantite tan; ekri kesyon yo sou kat yo, mete yo nan yon sache oswa nan yon bwat, pase sache a oswa bwat la, epi mande patisipan yo pou chwazi kesyon yo, epi pou reponn yo, elatriye.



CHWA JWÈT 1

1. Separe patisipan yo an 4 ekip. Pou fè sa, fè yo konte tèt yo pa gwoup 4 (1, 2, 3, 4, elatriye).
2. Mande patisipan yo pou re-òganize tèt yo pou tout moun ki gen nimewo 1 yo chita ansanm, tout moun ki gen nimewo 2 yo chita ansanm, epi tout moun ki gen nimewo 3 yo chita ansanm, elatriye.
3. Esplike règ jwèt la:
 - M ap fè chanjman ant ekip yo, pou poze chak ekip yon kesyon alafwa.
 - Ekip yo ap gen 30 segonn pou diskite sou repons yo.
 - Si ekip la reponn nan fason ki korek, lap resevwa yon pwen.
 - Si repons premye ekip la pa kòrèk, lòt ekip la gen yon chans pou reponn kesyon an.
 - Si lòt ekip la reponn fason ki korek, l ap resevwa yon pwen.
 - Si repons tout ekip yo pa kòrèk, pèsòn pap resevwa pwen, epi fòmatè a ap bay repons lan.
 - Pwochen kesyon an ap pou pwochen ekip la.
 - Lè jwèt la fini, ekip ki gen plis pwen yo se li ki genyen jwèt la.
4. Kòmanse jwèt la epi jwe jouk lè ekip yo fin reponn tout kesyon yo (oswa jouk lè ou jwe pandan 30 minit konsa).
5. Mete nòt la sou yon gwo fèy papye. Nan fen jwèt la, anonse ekip ki genyen an.
6. Nan dènye jou fòmasyon an, make pwen chak ekip, epi anonse ekip ki genyen an.

CHWA JWÈT 2

1. Mande patisipan yo pou kanpe pou fòme yon sèk.
2. Montre boul ou te prepare a, epi esplike règ jwèt la:
 - Nap fè pas avèk boul la jouk lè yon moun lage li atè. Moun ki lage boul la atè dwe pran yonn nan kesyon yo, li kesyon li pran an byen fò, epi reponn kesyon an.

- Si moun nan gen pwoblèm pou reponn, li kapab mande lòt yo èd.
 - Nap kontinye fè pas avèk boul la jouk lè nou poze tout kesyon yo, epi jwenn repons kòrèk pou yo.
- 3.** Kòmanse jwèt la epi jwe jouk lè ou jwenn repons kòrèk pou tout kesyon yo (oswa jouk lè ou jwe pandan 30 minit oswa mwens).

KESYON REVISYON

1. Ki kèk nan avantaj ki genyen nan pratike planin?

(Ka gen plizye repons)

2. Ki kèk rezon ki fè moun yo pa vle fè pitit yo ak pratike planin?

(Ka gen plizye repons)

3. Koman nou ka ankouraje gason ak fanm fè planin?

(Ka gen plizye repons)

4. Ki metòd ki pwoteje w kont VIH ak lòt maladi moun ka trape nan fè bagay si yo sèvi avèk li kòrèkteman?

(Kapòt Gason ap Kapòt Fanm)

5. Ki metòd ki gen pwoblem?

(Grenn, piki 5 kan, metòd filaman)

6. Ki metòd dire pou plis ke yon lane?

(Piki 5 kan, metòd filaman, metòd rete net)

7. Ki metòd ou dwe itilize chak fwa wap fè bagay?

(Kapòt Gason ak kapòt Fanm)

8. Ki metòd ki mande pou w ale nan sant sante a pou yon preskripsyon?

(Piki 3 mwa, grenn, metòd filaman, piki 5 kan, grenn planin pou ijans)

9. Ki metòd w ta dwe itilize sèlman apre w fin konsilte yon doktè?

(Grenn, metòd filaman, piki 3 mwa, piki 5 kan, metòd rete net, GPI)

10. Ki metòd ki pa gen okenn pwoblem?

(Kapòt Gason ap Kapòt Fanm, metòd Kalandrye, Bay tete)

11. Ki metòd ki itilize òmòn pou anpeche w ansent?

(Grenn, piki 3 mwa, piki 5 kan, GPI)

12. Ki metòd ki pa twò efikas?

(Metòd Kalandrye, Bay tete)

13. Ki metòd ki dire pi lontan?

(Metòd rete net)

14. Ki metòd ki apiye sou lè moun sonje sèvi avèk yo?

(Grenn, Kapòt pou Gason ak Kapòt pou Fanm, GPI)

15. Ki metòd ke fanm kontwole epi ki pwoteje l kont VIH ak lòt malady moun ka trape nan fè bagay?

(Kapòt pou Fanm)

16. Ki metòd ke gason kontwole?

(Kapòt pou Gason; Diskite de lòt repons ki posib yo avèk gwoup la)

17. Ki metòd ki gratis yo kapab jwenn nan sant sante a?

(Sa depann de sitiyasyon zòn nan)

18. Ki metòd ki anpeche dechay soti nan gason pou antre nan kò yon fanm?

(Kapòt Gason ak Kapòt pou Fanm)

19. Ki metòd yo dwe pran li chak jou?

(Grenn)

20. Ki metòd ki dire pou 3 mwa?

(Piki 3 mwa)

21. Ki metòd ki dire pou 3–5 lane?

(Metòd filaman)

22. Ki metòd ki dire pou 5–10 lane?

(Piki 5 kan)

23. Ki metòd ki se rete nèt?

(Metòd rete net)

- 24.** Ki ta kapab pi bon metòd pou yon fanm ki an sante ki pa vle fè okenn timoun ankò epi ki rete byen lwen yon sant sante?

(Piki 5 kan oswa Metòd rete net)

- 25.** Ki metòd ki ta bon pou yon koup ki vle fè yon timoun nan kèk mwa, men pa anvan?

(Kapòt Gason ak Kapòt Fanm)

- 26.** Ki kèk nan lejand ki komen yo oswa move lide sou kontwòl pouvwa fè pitit yo nan kominote kote w travay epi ou rete?

(Ka gen plizye repons)

- 27.** Ki sa Ajan Kore Fanmi an te ka di oswa fè lè lap konseye manm kominote yo pou chase mit a oswa move lide?

(Ka gen plizye repons)

- 28.** Ki 5 etap chanjman yo?

1) Pat okouran; 2) vin okouran; 3) prepare pou ka chanje konpòtman an; 4) Fè aksyon epi adopte yon konpòtman tou nèt; 5) Kontinye ak yon konpòtman tou nèt kòm yon abitud ki nòmal chak jou

 CHAN SOU PLANIN

Fanm yo, fanm yo
Nou bouke pouse pitit yo
(2 fois)

Nou bouke pouse pitit O
(2 fois)

Gras a Zanmi Lasante
Nou fon w poze

Gras avèk planin kapot
Nou fon w poze

Gras avèk planin grenn nan
Nou fon w poze

Gras avèk planin 3 mwa
Nou fon w poze

Gras avèk planin 5 kan
Nou fon w poze

Gras ak planin filaman
Nou fon w poze

Gras ak planin ligati
Nou rete net

CENTER DE SANTE SAINT-MICHEL

PROJECT SANTE FANM

Planing commence													
NOM: _____													
AGE: _____ DATE: _____ NBRE ENF: _____													
ZONE: _____ PARITE: _____													
Date	J	F	M	A	M	J	J	A	S	O	N	D	

EN UNION OUI ☐ AVORTEMENT ☐
 NON ☐ EDUC: IVG ☐
 REF:

[illegible]

Akseptan/Nouvo itilizatè - Se yon moun ki itilize yon metòd planin modèn premye fwa nan vi li.

Itilizate - Se yon moun kap itilize yon metòd modèn planin.

Abandon - Se lè yon moun kanpe pran planin pandan 3 mwa pou pi piti.



FÒM EVALIASYON

Ki aktivite nan Fòmasyon an ke ou te plis renmen? Poukisa?

Ki aktivite nan Fòmasyon an ke ou pat twò renmen? Poukisa?

Kisa ou te aprann ki te enpòtan anpil, ke ou ka itilize nan travay ou?

Eske te gen yon bagay ke ou pat konprann? Bay yon ekzanp sou sa ou pat konprann nan.

**Ki konsèy ou ka bay pou fòmasyon an ka vin pi bon? Kisa ou t-ap chanje?
(Pa ekzanp, ki aktivite, desen elatriye ou t-ap chanje?)**

Ki lòt kòmantè ou genyen?

Mèsi paske ou te ranpli evaliasyon sa-a.

PRE-TÈS

Non ou: _____

Dat: _____

Sant sante: _____

ID#: _____

Fòmàtè: _____

Kilè ou te vin yon ajan kominotè polivalan? _____

Fè wonn nan “vrè” oswa nan “fo” pou kesyon sa yo:

Fòmàtè a se yon nomn.



Vrè

Fo

1. Itilizasyon metòd planin modèn pou pa ansent se fason ki pi efikas pou pratike planin famiyal.



Vrè

Fo

2. Fanm ki itilize planin kouri gwo danje, paske li kapab vin gen kansè oswa kèk lòt maladi grav, oswa li ka vin pa ka fè pitit ankò.



Vrè

Fo

3. Nenpot ti malèz fanm ki sou planin modèn lan genyen li dwe sispann itilize metòd la.



Vrè

Fo

4. Metòd planin gason yo fè yo vinn pi gwo, fèb, pa anvi fè bagay, fè bèk atè.



Vrè

Fo

Fè wonn nan pi bon repons pou chak kesyon:

5. Chwazi metòd modèn plannin yo:
 - a. Metòd filaman, grenn planin, kapòt.
 - b. Metòd kalandriye la oswa metòd tanperati.
 - c. Retire pijon nan vajen anvan gason an voye.
 - d. Tout nan sa yo.

6. Efe segondè ou plis jwenn lè wap itilize grenn planin, piki 3 mwa, ak planin 5 an se:
 - a. P ap janm fè pitit ankò.
 - b. Senyen tanzantan oubyen pa wè règ.
 - c. Vomisman ak dyare.
 - d. Tout reyaksyon alèjik, tankou po kò vin wouj.

7. Si yon fanm itilize grenn planin pou evite gwosès, li dwe pran:
 - a. 1 grenn chak jou.
 - b. 1 grenn de (2) fwa pa jou.
 - c. 1 grenn chak jou pandan l ap ovile.
 - d. 1 grenn anvan li fè bagay.

8. Si yon fanm pran piki pou li pa vin ansent, li dwe pran yon piki:
 - a. Chak mwa.
 - b. Chak 3 mwa.
 - c. Chak ane.
 - d. Chak 10 zan.

- 9.** Si yon fanm itilize metod filaman pou li pa vin ansent, li dwe ale mete yon lòt:
- a.** Apre 1 ane.
 - b.** Apre 5 a 10 zan, selon kalite filaman an.
 - c.** Apre 20 ane.
 - d.** Jamè. Filaman an se yon metòd pèmanan pou pa vin ansent.
- 10.** Pratik planing familyal kapab bon ni pou gason, ni fanm, fanmi yo, paske:
- a.** Lè yon fanm fè pitit twò dri li kouri gwo danje pou sante li.
 - b.** Fanm ak gason ki pa gen anpil pitit plis anmezi pou bay pitit yo manje, pou fè edikasyon yo, epitou pou sipòte tout pitit yo.
 - c.** Kapòt gason ak kapòt fanm bay pwoteksyon kont maladi moun ka trape nan fè bagay (STI), tankou VIH.
 - d.** Tout repons yo bon.
- 11.** Sèl metòd planin ki pwoteje kont gwosès ak malady yo trape nan fè bagay tankou VIH se:
- a.** Kapòt.
 - b.** Retire pijon nan vajen anvan gason an voye.
 - c.** Grenn planin.
 - d.** Piki.
- 12.** Yon fanm ki vinn ansent ap kouri gwo danje si:
- a.** Li poko gen laj 18 tan.
 - b.** Li gen laj ki plis pase 35 ane.
 - c.** Li te akouche plis pase 5 timoun deja.
 - d.** Tout repons sa yo.

- 13.** Ajan kominotè polivalan yo ta dwe:
- a.** Repwoche fanm ak gason ki pa sèvi ak kapòt.
 - b.** Pale de avantaj ak koman pou yo itilize metod planin yo, epitou ede moun yo pran desizyon yo poukont yo.
 - c.** Bay konsèy sèlman pou mou ki marye.
 - d.** Pa diskite sou metòd espesifik pou pa ansent paske, metòd yo se zafè prive.
- 14.** Anvan ajan kominotè polivalan an bay yon piki 3 mwa, li ta dwe:
- a.** Bay fanm nan eksplikasyon sou efè segondè yo.
 - b.** Bay fanm nan konsèy sou siy danje yo.
 - c.** Netwaye kote l ap bay fanm nan piki a avèk savon likid ak koton.
 - d.** Tout repons sa yo.
- 15.** Si yon fanm k ap itilize grenn planin gen maltèt ki grav, ajan kominotè polivalan an ta dwe:
- a.** Fè fanm nan konnen sentòm li yo nòmal. Li ta dwe kontinye itilize metòd pou pa ansent lan.
 - b.** Akonpaye fanm nan pou ale nan sant sante a imedyatman.
 - c.** Akonpaye fanm nan pou ale nan sant sante a nan yon semèn si sentòm yo pa amelyore.
 - d.** Mande fanm nan pou li kouche ak pran repo.
- 16.** Lè yon gason sèvi ak yon kapòt gason, men sa li dwe fè yonn apre lòt:
- a.** Penche pwent lan, mare li nan yon ne apre li retire, woule desann nan pijon an, epi tcheke dat espirasyon an.
 - b.** Woule li desann nan pijon an, tcheke dat espirasyon an, penche pwent lan, epi mare li nan yon ne apre li retire li.
 - c.** Tcheke dat espirasyon an, gade si sache a pa gen trou, kenbe pwent lan, woule li desann lè pijon an rèd, epi mare li apre li retire li.
 - d.** Tcheke dat espirasyon an, woule li desann nan pijon an, penche pwent lan, epi mare li nan yon ne apre li retire li.

POS-TÈS

Non ou: _____

Dat: _____

Sant sante: _____

ID#: _____

Fòmàtè: _____

Kilè ou te vin yon ajan kominotè polivalan? _____

Fè wonn nan “vrè” oswa nan “fo” pou kesyon sa yo:

Fòmàtè a se yon nomn.		
	Vrè	Fo
1. Itilizasyon metòd planin modèn pou pa ansent se fason ki pi efikas pou pratike planin familyal.		
	Vrè	Fo
2. Fanm ki itilize planin kouri gwo danje, paske li kapab vin gen kansè oswa kèk lòt maladi grav, oswa li ka vin pa ka fè pitit ankò.		
	Vrè	Fo
3. Nenpot ti malèz fanm ki sou planin modèn lan genyen li dwe sispann itilize metòd la.		
	Vrè	Fo
4. Metòd planin gason yo fè yo vinn pi gwo, fèb, pa anvè fè bagay, fè bèk atè.		
	Vrè	Fo

Fè wonn nan pi bon repons pou chak kesyon:

5. Chwazi metòd modèn plannin yo:
 - a. Metòd filaman, grenn planin, kapòt.
 - b. Metòd kalandriye la oswa metòd tanperati.
 - c. Retire pijon nan vajen anvan gason an voye.
 - d. Tout nan sa yo.

6. Efe segondè ou plis jwenn lè wap itilize grenn planin, piki 3 mwa, ak planin 5 an se:
 - a. P ap janm fè pitit ankò.
 - b. Senyen tanzantan oubyen pa wè règ.
 - c. Vomisman ak dyare.
 - d. Tout reyaksyon alèjik, tankou po kò vin wouj.

7. Si yon fanm itilize grenn planin pou evite gwosès, li dwe pran:
 - a. 1 grenn chak jou.
 - b. 1 grenn de (2) fwa pa jou.
 - c. 1 grenn chak jou pandan l ap ovile.
 - d. 1 grenn anvan li fè bagay.

8. Si yon fanm pran piki pou li pa vin ansent, li dwe pran yon piki:
 - a. Chak mwa.
 - b. Chak 3 mwa.
 - c. Chak ane.
 - a. Chak 10 zan.

- 9.** Si yon fanm itilize metod filaman pou li pa vin ansent, li dwe ale mete yon lòt:
- a.** Apre 1 ane.
 - b.** Apre 5 a 10 zan, selon kalite filaman an.
 - c.** Apre 20 ane.
 - d.** Jamè. Filaman an se yon metòd pèmanan pou pa vin ansent.
- 10.** Pratik planing familyal kapab bon ni pou gason, ni fanm, fanmi yo, paske:
- a.** Lè yon fanm fè pitit twò dri li kouri gwo danje pou sante li.
 - b.** Fanm ak gason ki pa gen anpil pitit plis anmezi pou bay pitit yo manje, pou fè edikasyon yo, epitou pou sipòte tout pitit yo.
 - c.** Kapòt gason ak kapòt fanm bay pwoteksyon kont maladi moun ka trape nan fè bagay (STI), tankou VIH.
 - d.** Tout repons yo bon.
- 11.** Sèl metòd planin ki pwoteje kont gwosès ak malady yo trape nan fè bagay tankou VIH se:
- a.** Kapòt.
 - b.** Retire pijon nan vajan anvan gason an voye.
 - c.** Grenn planin.
 - d.** Piki.
- 12.** Yon fanm ki vinn ansent ap kouri gwo danje si:
- a.** Li poko gen laj 18 tan.
 - b.** Li gen laj ki plis pase 35 ane.
 - c.** Li te akouche plis pase 5 timoun deja.
 - d.** Tout repons sa yo.

- 13.** Ajan kominotè polivalan yo ta dwe:
- a.** Repwoche fanm ak gason ki pa sèvi ak kapòt.
 - b.** Pale de avantaj ak koman pou yo itilize metod planin yo, epitou ede moun yo pran desizyon yo poukont yo.
 - c.** Bay konsèy sèlman pou mou ki marye.
 - d.** Pa diskite sou metòd espesifik pou pa ansent paske, metòd yo se zafè prive.
- 14.** Anvan ajan kominotè polivalan an bay yon piki 3 mwa, li ta dwe:
- a.** Bay fanm nan eksplikasyon sou efè segondè yo.
 - b.** Bay fanm nan konsèy sou siy danje yo.
 - c.** Netwaye kote l ap bay fanm nan piki a avèk savon likid ak koton.
 - d.** Tout repons sa yo.
- 15.** Si yon fanm k ap itilize grenn planin gen maltèt ki grav, ajan kominotè polivalan an ta dwe:
- a.** Fè fanm nan konnen sentòm li yo nòmal. Li ta dwe kontinye itilize metòd pou pa ansent lan.
 - b.** Akonpaye fanm nan pou ale nan sant sante a imedyatman.
 - c.** Akonpaye fanm nan pou ale nan sant sante a nan yon semèn si sentòm yo pa amelyore.
 - d.** Mande fanm nan pou li kouche ak pran repo.
- 16.** Lè yon gason sèvi ak yon kapòt gason, men sa li dwe fè yonn apre lòt:
- a.** Penche pwent lan, mare li nan yon ne apre li retire, woule desann nan pijon an, epi tcheke dat espirasyon an.
 - b.** Woule li desann nan pijon an, tcheke dat espirasyon an, penche pwent lan, epi mare li nan yon ne apre li retire li.
 - c.** Tcheke dat espirasyon an, gade si sache a pa gen trou, kenbe pwent lan, woule li desann lè pijon an rèd, epi mare li apre li retire li.
 - d.** Tcheke dat espirasyon an, woule li desann nan pijon an, penche pwent lan, epi mare li nan yon ne apre li retire li.



NÒT

[illegible]

METÒD PATISIPATIF

DISKISYON AN GWO GWROUP

Yon diskisyon an gwo gwoup se yon dyalòg ant fomatè a ak tout gwoup patisipan yo, ak repons patisipan yo sou kesyon ke fomatè a te prepare alavans. Pandan diskisyon an, nouvo kesyon ka parèt tou. Pou kòmanse diskisyon an, fomatè a dwe bay enstriksyon yo klè. Pandan diskisyon an, fomatè a dwe kontrole diskisyon an, tankou kenbe patisipan yo konsantre, ankouraje repons patisipan yo, epi limite patisipan ki renmen pale anpil yo.

Pou fasilite yon diskisyon gwo gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Mete yon tan limit epi kenbe peryòd tan sa.
- Eksplike patisipan yo ke si yon moun ta vle pale se pou li leve men l'.
- Kenbe diskisyon an sou sijè a.
- Si patisipan ta soulve yon pwèn ki enpotan men ki pa nan sijè a fomatè a dwe felisite patisipan epi di li yo ap touche pwèn sa a apre fomasyon an.
- Kenbe diskisyon an san lage.
- Ankouraje tout moun patisipe.
- Gade nan sal la, epi sèten ke ou bay tout moun ki te leve men pou mande lapawòl yo pale.
- Limite patisipan ki renmen pale anpil yo.
- Kontrole chenn diskisyon san rete yo.
- Si patisipan yo pa reponn yon kesyon, eseye poze kesyon an yon lòt fason.
- Poze kesyon ankouraje plis repons pou yon kesyon, pa egzanp: “Ki lòt bagay?” “Ki lòt lide nou genyen?”
- Mete fen a diskisyon an; repete epi fè rezime pwèn enpòtan yo.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak diskisyon gwo gwoup?

- Tout moun gen chans pou yo patisipe.
- Tout moun tande lide tout lòt moun.
- Tande anpil lide ka ankouraje plis diskisyon.
- Patisipan ki pa santi li alèz pou pale nan yon gwo gwoup kapab patisipe nan koute pito.

Ki sa ki defi lèw sèvi ak diskisyon gwo gwoup?

- Patisipan ki renmen pale anpil yo ka gen tandans domine diskisyon gwo gwoup la.
- Patisipan ki timid oswa san eksperyans ka santi yo mal alèz pou yo pale nan yon diskisyon gwo gwoup.
- Diskisyon gwo gwoup ka vin yon baz gwo kesyon? si gen anpil lide ki an konpetisyon.

DISKISYON AN TI GWROUP

Yon diskisyon an ti gwoup se yon dyalòg nan mitan yon ti gwoup patisipan (an jeneral 3–6 patisipan pou chak gwoup), kote ke patisipan yo reponn kesyon ke fomatè a te prepare alavans. Pandan diskisyon an, nouvo kesyon ka parèt. Pou kòmanse diskisyon an, fomatè a dwe bay enstriksyon ki klè anvan li divize patisipan yo an ti gwoup. Pandan ti gwoup yo ap diskite, fomatè a dwe sikile nan mitan gwoup yo pou li sèten ke yo kenbe diskisyon an sou sijè a ak ankouraje patisipasyon tout mamb nan gwoup la.

Pou fasilite yon diskisyon ti gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Anvan w divize patisipan yo an ti gwoup, bay enstriksyon ki klè sou ki sa patisipan yo dwe diskite. Alekri epi afiche enstriksyon yo sou Gwo fèy papye an se yon bon fason pou fè sa.
- Enstwi ti gwoup la pou asire w ke tout mamb nan gwoup la patisipe.
- Mande ti gwoup yo pou chwazi yon fasilite ak yon moun ki pou kontwòlè lè pou gwoup yo a.
- Kenbe espas tan an epi bay ti gwoup yo mwatye tan, 5-minit, ak 1-minit avètisman.
- Pandan ti gwoup yo ap travay, pase de gwoup an gwoup pou asire w ke patisipan yo gen bon konprann sou travay la, ke yap fè pwogrè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak diskisyon ti gwoup?

- Anpil moun santi yo pi alèz pale ak patisipe nan ti gwoup pase nan yon gwo gwoup, kidonk ti gwoup yo gen tandans pwovoke plis lide ak patisipasyon tout moun.
- Pou sijè ki sansib yo, patisipan yo ka plis pataje lide nan yon ti gwoup men yo t'ap ezite pataje l' si yo te nan yon gwo gwoup.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak diskisyon ti gwoup?

- Pèfòmans diskisyon ti gwoup yo depann de mamb nan gwoup la k'ap fasilite epi k'ap patisipe, kèk ti gwoup ka fè sa pi byen pase yon lòt.
- Diskisyon ti gwoup la ka dejenere si mamb gwoup pa kontrole diskisyon an byen.

PAKOU REFLEKSYON

Se yon vwayaj refleksyon ki gide panse ak refleksyon sou eksperyans pèsònèl. Fomatè yo itilize pakou refleksyon an pou pèmèt patisipan yo reflechi sou eksperyans nan tan pase oubyen evènman nan tan prezan, sitiyaasyon, moun yo, oswa santiman yo ki konekte ak sijè fòmasyon an. Pakou Refleksyon travay pi byen, lè patisipan yo santi yo alèz ak an sekirite epi mete konfyans youn nan lòt ak nan fasilite a.

Pou fasilite yon Pakou refleksyon, ki sa ou ta dwe fè?

- Mande patisipan yo pou yo rilaks epi fèmen je yo.
- Sèvi ak yon seri de deklarasyon tou kout, kesyon, oswa yon istwa kout pou gide pakou refleksyon an.
- Li chak deklarasyon oubyen kesyon dousman epi byen klè, epi fè yon ti poz pou plizyè segonn ant chak deklarasyon, pou patisipan yo ka gen tan panse ak reflechi.
- Tou depan de sijè a, yon pakou refleksyon kapab okazyone reyaksyon emosyonèl ki fò. fasilite a dwe okouran de sa a epi reponn avèk sansibilite.
- Pafwa apre yon pakou refleksyon, patisipan yo kapab vle ekri panse yo oswa pataje panse yo avèk yon patnè oswa yon gwoup moun.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak pakou refleksyon?

- Patisipan yo aprann pi byen si yo kapab konekte nouvo enfòmasyon avèk eksperyans pa yo.
- Pakou Refleksyon pèmèt patisipan yo reflechi sou eksperyans yo nan yon fason òganize.
- Pakou Refleksyon kapab itilize pou rantre yon sijè, idantifye pwoblèm oswa defi, oswa pou vini nouvo lide.

Ki sa ki defi yo nan sèvi ak pakou refleksyon?

- Pakou Refleksyon ka okazyone emosyon ki fò. Li enpòtan pou fasilite yo okouran de sa epi reponn avèk sansibilite.
- Patisipan ki te renmen pale anpil yo ka trouve li difisil pou yo rete trankil pandan plizyè minit.

PREZANTASYON FASILITATÈ

Fomatè a ap prezante enfòmasyon nan pale ak tout gwoup la, pafwa li sèvi avèk materyèl tankou retropwojektè, afich, foto, oswa yon tablo prezantasyon. Prezantasyon Fasilitatè a se yon ansèyman ak yon metòd tradisyonèl pou fòmasyon. Pifò moun ki al lekòl yo abitye anpil ak prezantasyon fasilite paske pifò pwofesè nan klas primè, segondè, ak nivo inivèsitè yo anseye nan fason sa. Prezantasyon sèvi byen pou entwodwi nouvo enfòmasyon yo, men yo dwe kout epi akonpaye ak sa moun ka wè epi diskisyon.

Pou fè yon prezantasyon fasilite, ki sa ou ta dwe fè?

- Prepare epi òganize prezantasyon ou davans konsa lap pi klè epi fasil pou swiv.
- Tcheke tout ekipman (retropwojektè, bwat imaj) davans pou asire w ke yo travay byen.
- Fè prezantasyon an kout, ant 5 ak 15 minit si sa posib.
- Sèvi ak yon langaj ki senp, klè ke patisipan yo ka konprann byen.
- Itilize kesyon pandan prezantasyon an pou ka gen patisipasyon nan sa wap prezante a.
- Fè jès epi itilize yon langaj ak yon ton vwa ki klè.
- Gade patisipan yo pandan prezantasyon an; siw ta remake ke yo pa sousa oswa raz, poze kesyon oswa fè pi rapid.
- Deplase toutotou sal la pandan wap prezante a (si sa posib).
- Gade patisipan yo lè w ap eksplike yon imaj (se pa imaj la pouw ap gade).
- Fini prezantasyon-an, rezime epi repete pwèn enpòtan yo.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk prezantasyon fasilite?

- Prezantasyon sèvi byen pou entwodwi nouvo enfòmasyon byen vit.
- Pafwa patisipan yo bezwen gen nouvo enfòmasyon yo prezante yo anvan yo ka itilize oswa pratike li.
- Pifò nan patisipan ki te ale nan lekòl yo abitye epi santi yo alèz ak prezantasyon.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak prezantasyon fasilite?

- Prezantasyon yo pa aktif ni angaje tankou aktivite an ti gwoup, pyès teyat, oswa lòt aktivite ki konn mande plis patisipasyon.
- Pafwa patisipan yo konn sispann swiv.
- Si fasilite a pa byen òganize, patisipan yo pap aprann enfòmasyon an jan yo ta dwe a.

BWASE LIDE

Bwase lide se yon metòd kote fomatè a poze yon kesyon oswa poze yon pwoblèm epi mande patisipan yo bay plis lide ak repons ke yo kapab. Fomatè yo ka itilize bwase lide ak gwo gwoup yo oswa ti gwoup. Bwase lide se yon bon fason pou jenere anpil nouvo lide byen vit. Lè yo fè bwase lide se pa sèlman pou jwenn yon sèl repons a kesyon an oswa pwoblèm nan, men bwase anpil lide jan sa posib.

Pou fasilite bwase lide, ki sa ou ta dwe fè?

- Eksplike ke bi bwase lide a se pa pou rive nan yon sèl repons kòrèk, men se pou jenere anpil lide jan sa posib.
- Pandan bwase lide a, pran yon lide nan men chak patisipan, youn apre lòt.
- Aksepte tout lide epi pa jije oswa kritike youn ladan yo.
- Ankouraje patisipan yo pou kite ide yo koule.
- Kenbe bwase lide a an mouvman.
- Ankouraje tout patisipan yo bay lide. Pa baze sou yon sèl ti gwoup patisipan ki pou bay lide pa yo.
- Yon moun ta dwe fasilite bwase lide a epi yon lòt moun ta dwe anrejistre lide yo.
- Apre bwase lide a, fomatè a ak patisipan yo kapab sèvi ak lis la pou rezoud yon pwoblèm, priorize lide, mete lide nan kategori, elatriye.
- Pa egzanp, si patisipan yo gen yon solisyon posib nan yon pwoblèm patikilye a pati de bwase lide, pwochen etap yo ka pou revize chak solisyon posib, chwazi 3 tèt solisyon yo (tankou yon gwoup), diskite yo pi lwen, e petèt finalman chwazi solisyon ki pi apwopriye a.

Ki avantaj ki genyen nan bwase lide?

- Patisipan yo bwase anpil lide byen vit.
- Refleksyon yo ka angaje epi chofe.
- Paske pa gen okenn repons kòrèk oswa enkòrèk, patisipan yo an jeneral santi yo alèz pou bay lide.

Ki sa ki defi yo nan bwase lide?

- Kèk patisipan ka bay lide ki pa apwopriye.
- Patisipan ki renmen pale anpil yo ka gen tandans domine.

PYÈS TEYAT

Yon pyès teyat se yon pèfòmans kout enfòmèl kote patisipan pyès teyat yo nan lide pou montre yon sitiyasyon patikilye ak santi sa yo ta dwe fè nan wòl ak sitiyasyon sa a. Pyès teyat yo enfòmèl patisipan yo pa bezwen memorize “liy” oubyen jwe pafètman. Objektif la se montre yon pwoblèm, yon sitiyasyon, oswa lide epi aji. Pyès teyat bay patisipan yo opòtinite pou yo aji sou yon sitiyasyon lavi reyèl ak pratike kijan pou fè fas avèl. Patisipan yo ka itilize pyès teyat pou ilistre lide ak enfòmasyon pou pasyan yo ak mamb kominote yo. Pyès teyat ede patisipan yo tou pou yo aprann epi pratike kominikasyon ak konsèy teknik, konpòtman antipatik, ak fason apwopriye pou apwòche mamb kominote yo. Yon ti pyès teyat kapab fèt san repetisyon pyès l, epi ka fèt ant ti gwoup oswa gwo gwoup.

Pou fasilite yon pyès teyat, ki sa ou ta dwe fè?

- Planifye ase tan pou patisipan yo prepare ak fè pyès teyat la.
- Eksplike klèman sa ki nan pyès teyat la, ki jan patisipan yo ap prepare, ak kisa pyès teyat la dwe montre.
- Si patisipan yo pa abitye ak pyès teyat la, jwe yon wòl modèl pou ka montre yo kijan pou yo fè.
- Mete yon tan limit pou pèfòmans pyès teyat la epi kontrole tan an byen.
- Fè patisipan yo sonje ke pyès teyat yo pa oblije pafè, men se pito yon opòtinite pou pratike ak kontrole sitiyasyon ke patisipan yo ka rankontre nan reyalye. Se pa yon pwoblèm si yo fè erè pandan yo ap pyès teyat yo.
- Apre yon pèfòmans pyès teyat, mennen yon diskisyon sou lide yo te montre nan pyès teyat la. Konsantre diskisyon an sou pwoblèm enpòtan ki te soti nan pyès teyat yo, pa aji sou ladrès patisipan yo.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak pyès teyat?

- Pyès teyat angaje patisipan yo epi ba yo opòtinite pou yo panse, santi, ak aji.
- Pyès teyat bay patisipan yo yon chans pratike ladrès yo nan yon anviwònman ki san danje epi jwenn repons.
- Ou ka sèvi ak 2 pyès teyat tou kout pou montre 1) move fason poukontrole kontrole yon sitiyasyon; epi 2) fason ki bon pou kontrole kontrole yon sitiyasyon.
- Pyès teyat la ka fè parèt anpil pwoblèm, epi mennen nan diskisyon ki itil.

Ki sa ki defi yo lèw itilize pyès teyat?

- Pyès teyat yo pran anpil tan.
- Kèk patisipan ka pa alèz pou jwe devan gwoup la.
- Patisipan yo ka pa abitye avèk fè pyès teyat.

AKTIVITE AN GWO GWROUP

Fomatè a mennen gwoup la an antye nan yon aktivite ansanm. Egzanp nan aktivite gwo gwoup yo gen vòt, Fouye foto, aprann chante, elatriye. Aktivite an gwo gwoup yo souvan reyisi pi byen ak gwoup 10–25 patisipan yo, men avèk bon planifikasyon ak òganizasyon, fasilite yo ka kontrole pi fasilman aktivite gwo gwoup ak pi gwo gwoup.

Pou fasilite yon aktivite gwo gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Fikse yon tan limit epi kenbe tan an.
- Si patisipan yo bezwen deplase nan sal la pandan aktivite a, asire w ke chèz ak tablo yo te deplase.
- Eksplike aktivite a byen klè.
- Kenbe aktivite san lage.
- Ankouraje tout moun patisipe.
- Mete aklè pwen kle yo pandan tout aktivite a si sa apwopriye.
- Fini ak aktivite a, repete epi rezime pwen enpòtan yo.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk aktivite an gwo gwoup?

- Aktivite an gwo gwoup mande patisipasyon tout moun epi yo ka chofe.
- Aktivite an gwo gwoup mande mwens efò pou patisipasyon pase aktivite ti gwoup, epi li kapab altène ant aktivite an ti gwoup pou patisipan yo pa santi yo twò fatige.

Ki sa ki defi yo nan aktivite gwo gwoup?

- Kèk patisipan ka pa patisipe aktivman jan yo te konn fèl nan yon gwoup ki pi piti.
- Aktivite gwo gwoup mande anpil enèji pou fasilite a.
- Aktivite gwo gwoup ka difisil pou kontrole si gwoup la gwo anpil.

AKTIVITE AN TI GWROUP

Fomatè a divize patisipan yo an ti gwoup pou fè yon aktivite. Egzanp nan aktivite ti gwoup yo li gen ladan yo ti gwoup diskisyon, istwa, planifikasyon pou pyès teyat, rezoud pwoblèm yo, epi gade nan istwa foto yo. Ti gwoup yo pèmèt chak moun patisipe pi plis pase lè yo nan yon aktivite gwo gwoup. Aktivite ti gwoup yo tou ede patisipan yo konnen youn lòt ak eksperyans travay avèk moun diferan.

Pou fasilite yon aktivite an ti gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Eksplike aktivite an ti gwoup la byen klè.
- Di ti gwoup yo ki jan yo pral pataje travay ti gwoup la ak gwo gwoup la. Pa egzanp, yo pral ekri enfòmasyon sou papye tablo pou pataje l ak gwoup la, rapòte enfòmasyon aloral, oswa fè yon pyès teyat?
- Divize patisipan yo an ti gwoup. Ti gwoup 4–6 patisipan yo travay pi byen, men kèk aktivite ka mande pou gwoup 3 moun, oswa pi gwo gwoup 10–12 moun.
- Divize patisipan yo an ti gwoup dapre travay yo dwe fè a. Pa egzanp, pou sijè seksyèl ki sansib tankou sante repwodiksyon, ou ka gwoupe gason ak gason, fanm ak fanm.
- Si sijè a pa egzije yon gwoupman an patikilye, ou ka divize patisipan yo nan mande yo konte an “1, 2, 3, 4, elatriye.” Aprè sa a, gwoupe 1 ansanm, 2 ansanm, elatriye.
- Gwoupe patisipan yo pou ke yo pa toujou ap travay ak moun ke yo konnen byen oubyen ki soti nan mem zon nan. Konte a se yon bon fason pou fè sa.
- Si aktivite ti gwoup la egzije li oswa ekri, asire w ke omwen youn nan patisipan nan chak gwoup yo gen ase konpetans alfabetik.
- Di gwoup yo konbyen tan yo pral genyen pou yo travay. Epi, ede gwoup yo kontrole tan an nan bay avètisman detanzantan, pa egzanp, yon avètisman nan mwatye tan, avètisman 5-minit, ak avètisman 1-minit. Si ou wè lè a prèske rive e gwoup yo poko fini, ou ka bay gwoup yo plis tan pou yo travay si orè w pèmèt ou fè sa.

- Pandan ti gwoup yo ap travay, sikile toutotou sal la, obsève travay la e asire-w ke gwoup yo konprann travay la e ke yap fè pwogrè, ede yo, epi reponn kesyon yo si sa nesèsè.
- Kontrole lè-a pandan ti gwoup yo ap rapòte oswa fè prezantasyon. Pa egzanp, bay chak ti gwoup 5 minit pou prezante ak kèk minit pou reponn kesyon oswa kòmantè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk ti gwoup?

- Ti gwoup yo pèmèt tout moun patisipe pi plis pase nan yon gwo gwoup.
- Anpil moun santi yo pi alèz pou pale an ti gwoup.
- Ti gwoup yo souvan pèmèt plis aprantisaj an pwofondè ak diskisyon paske tout moun santi yo angaje.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak ti gwoup?

- Travay ti gwoup pran tan plis pase kèk metòd.
- Gen kèk ti gwoup ki ka trouve li difisil pou travay ansanm oubyen rete sou travay. Si ou remake yon ti gwoup ki gen difikilte, ede yo rekonsantre, bay egzanp, eksplike travay la ankò, elatriye.

ISTWA

Yon istwa se yon istwa kout oswa senaryo ki prezante yon sitiyasyon reyalis pou patisipan yo diskite ak analize. Istwa bay patisipan yo chans pou yo itilize konnesans yo fèk pran yo epi diskite, analize, ak rezoud pwoblèm ki an relasyon ak sijè fòmasyon an. Pa egzanp, yon istwa ta ka dekri sentòm yon moun ki malad, epi li mande patisipan yo idantifye sentòm yo epi diskite sou sa yo ta dwe fè pou moun malad la. Tou depann de kantite moun ki nan gwoup la, istwa ka diskite ak analize de pa de, ti gwoup, oubyen yon gwo gwoup. Objektif itilize istwa se ede patisipan yo jenere solisyon posib nan pwoblèm ki ka parèt pandan travay yo.

Pou fasilite yon istwa, ki sa ou ta dwe fè?

- Li istwa a byen fò (oswa mande yon volontè pou li byen fò) pou ke menm patisipan avèk ladrès alfabetizasyon limite yo ka rive konprann istwa a.
- Eksplike klèman ki sa patisipan yo ta dwe fè avèk istwa a (diskite sou kesyon istwa yo, oubyen rezoud yon pwoblèm ki reprezante nan istwa a, elatriye).
- Si ou ekri pwòp istwa pa ou, fè yo senp. Ekri yon sitiyasyon ki reyèl tou kout pou l ka sanble ak sitiyasyon ke patisipan yo ka rankontre. Bay enfòmasyon ki enpòtan yo. Pa mete twòp detay ki pa nesèsè. Bay kesyon pou gide patisipan yo nan analize istwa a.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak Istwa?

- Istwa bay patisipan yo chans pou yo itilize enfòmasyon ke yo te aprann ak bon jijman.
- Istwa bay patisipan yo opòtinite nan pratike epi manyen pwoblèm ke yo ta ka rankontre pandan travay yo.

Ki sa ki defi yo itilize seyans Istwa?

- Istwa mande pou rezoud pwoblèm, ki kapab difisil epi mande plis tan pase prezantasyon tradisyonèl oswa diskisyon senp.
- Patisipan ak ladrès alfabetizasyon limite yo ka entimide ak istwa a.

DEMONSTRASYON

Fomatè a oubyen yon patisipan ki gen eksperyans montre ak di patisipan yo kijan pou yo fè yo bagay yo etap pa etap, epi mande patisipan yo pratike etap yo poukont yo. Egzanp, yon demonstrasyon ka gen ladan yo ki jan yo sèvi ak kapòt gason owsa kapòt fanm, ki jan prepare lèt pou tibebe, ki jan fè mezi ak (MUAC), oswa kouman melanje sewòm Oral.

Pou fè yon demonstrasyon, ki sa ou ta dwe fè?

- Anvan fòmasyon an, ranmase tout materyèl ak ekipman ke ou pral bezwen pou sèvi pandan demonstrasyon an.
- Asire w ke tout patisipan yo pral kapab wè demonstrasyon an. Mande yo kanpe ak avanse oswa rasanble toutotou ou, si sa nesesè.
- Eksplike chak etap dousman epi byen klè pandan wap demontre li.
- Demontre 2 oswa 3 fwa si sa nesesè.
- Apre demonstrasyon an, mande yon volontè repete demonstrasyon an devan gwoup la an antye. Anmatè a ak lòt patisipan yo ka bay fidbak pozitif ak korige volontè a si sa nesesè.
- Apre sa a, separe patisipan yo an ti gwoup oswa pè epi mande yo pratike sa ou menm ak volontè a fèk demontre a.
- Pandan patisipan yo ap pratike, sikile nan sal la epi ede oubyen reponn kesyon si sa nesesè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak demonstrasyon?

- Demonstrasyon se meyè fason yo anseye kapasite yo.
- Demonstrasyon bay patisipan yo opòtinite pratike ladrès yo anvan yo al fè li nan lavi reyèl.

Ki sa ki defi yo nan sèvi ak demonstrasyon?

- Nan gwo gwoup yo, li ka difisil pou fè yon demonstrasyon ke tout moun pral kapab wè ak tandè byen. Si sa nesesè, divize gwo gwoup yo an 2 oubyen 3 gwoup ki pi piti epi fè demonstrasyon nan chak ti gwoup yo.
- Nan gwo gwoup yo, li ka difisil pou ranmase ase materyèl ak ekipman pou tout moun de pa de yo oswa yon ti gwoup pratike an menm tan. Si sa rive, mande pè oubyen ti gwoup yo pou fè woulman jiskaske tout moun pratike.

ISTWA FOTO

Yon istwa foto se yon seri foto tou kout ki dekri yon istwa oswa yon sitiyasyon. Istwa Foto an jeneral pa gen mo. Istwa Foto ka itilize pou evalye konvèsasyon patisipan yo oswa idantifye pwoblèm oswa defi ki an relasyon ak yon sijè yo bay yo.

Pou itilize yon istwa foto, ki sa ou ta dwe fè?

- Bay espikasyon ki klè pou ke patisipan yo konprann ki sa yo sipoze fè ak kouman yo dwe fè li.
- Asire w ke patisipan yo konprann sekans nan foto yo ak kouman nan “li” istwa yo (pa ekzanp, kouman distenge ant yon text panse ak yon text pale).
- Apre patisipan yo fin “li” istwa a, ouvè yon diskisyon, poze yo yon seri kesyon gide.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi avèk istwa foto?

- Istwa foto angaje patisipan yo vizyèlman.
- Menm patisipan avèk ladrès alfabetizasyon trè limite yo kapab “li” istwa foto.

Ki sa ki defi yo lè w itilize istwa foto?

- Si foto yo pa klè, istwa foto a ka pa transmèt mesaj la byen.

FÒMASYON ANT KAMARAD

Fomatè a mande patisipan yo aprann kontni an, an ti gwoup epi prezante l bay patisipan parèy yo (olye ke se formatè a ki prezante matyè a). Patipisan yo ka itilize retroprojèktè oswa bwat imaj pandan prezantasyon yo, oswa yo ka prepare enfòmasyon yo sou gwo fèy papye.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi ak fòmasyon ant kanmarad?

- Fòmasyon ant kanmarad ede patisipan yo aprann epi sonje pi byen plis enfòmasyon paske yo te aprann li anvan yo te anseye l bay lòt moun yo.
- Fòmasyon ant kanmarad bon paske patisipan yo patajemenm istwa ak eksperyans.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak fòmasyon ant kanmarad?

- Fòmasyon ant kanmarad pran plis tan pase prezantasyon fasilite paske patisipan yo bezwen tan pou prepare.
- Si kontni an pa klè e senp, patisipan yo ka gen pwoblèm pou konprann li byen epi anseye l.
- Kèk patisipan ka pa santi yo alèz pou prezante devan gwoup la.

BRIZ GLAS

Yon Briz glas se yon aktivite kout ki sèvi pou ede patisipan yo rilaks epi pou youn aprann konnen lòt oswa abitye travay ansanm. Briz glas yo an jeneral fèt nan kòmansman fòmasyon an. Yo souvan itilize tèm oswa kontni fòmasyon an. Egzanp briz glas mande patisipan yo pou prezante moun ki chita kote yo a, dekri ki sa yo pi renmen nan travay yo, oubyen di kisa yap atann de fòmasyon an.

Pou fasilite yon Briz glas, ki sa ou ta dwe fè?

- Eksplike enstriksyon Briz glas yo klè.
- Bay yon egzanp nan sa ou ta renmen patisipan yo fè pandan Briz glas la.
- Kenbe sijè a an mouvman.
- Fè Briz glas la tou kout, pa plis pase 15–20 minit.
- Pa mande patisipan yo pou pataje enfòmasyon ki trè pèsònèl pandan Briz glas la.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk Briz glas la?

- Briz glas la ede patisipan yo rilaks, pataje yon bagay sou tèt yo, epi aprann yon bagay sou lòt patisipan yo nan kòmansman yon sesyon fòmasyon.
- Nan gwoup kote patisipan yo youn pa konnen lòt byen, Briz glas la ka ede patisipan yo santi yo pi alèz youn ak lòt.

Ki sa ki defi yo lèw itilize Briz glas la?

- Patisipan ki timid yo ka pa santi yo alèz pou prezante tèt yo devan yon gwo gwoup.
- Si gwoup la gwo anpil, Briz glas la ka vin twò long. Si gwoup ou a gwo anpil, konsidere sa, divize patisipan yo an ti gwoup pou fè yon Briz glas. Apre sa, chak ti gwoup yo ka pataje 1 oswa 2 atik ak gwo gwoup la si gen tan.

TI SOUKE KÒ

Yon Ti souke kò se yon ti amizman tou kout, yon aktivite ki ka enplike mouvman fizik. Ti souke kò yo itilize pou ogmante nivo enèji patisipan yo lè yo fatige oubyen lè yo gen dòmi, oswa lè yo bezwen yon ti repo apre yon aktivite ki te long. Ti souke kò a pa bezwen an relasyon ak kontni fòmasyon an. Ti souke kò ka ede bati rapò nan mitan patisipan yo paske yo te enplike nan plezi ansanm. Egzanp ti souke kò yo danse, chante, bat men, imite mouvman yon fomatè, fè yon ti detire, ak jwèt fizik.

Fasilitatè yo dwe fè plan pou omwen 4 ou 5 ti souke kò chak jou nan fòmasyon an. Manyèl sa a pa vrèman gen egzanp ti souke kò, men fasilitatè yo ka jwenn anpil bon egzanp nan *100 Fason Enèjize Gwoup yo: Jwèt yo itilize nan atelye, reyinyon ak kominote a*, ke International HIV/AIDS Alliance fè, www.aidsalliance.org, pibliye nan Progression, www.progressiondesign.co.uk. Ti souke kò yo kapab trè senp, tankou mande yon patisipan pou dirije gwoup la nan yon chante oswa yon dans.

Pou fasilite yon Ti souke kò, ki sa ou ta dwe fè?

- Eksplike enstriksyon Ti souke kò yo klè.
- Kenbe vitès la an mouvman.
- Sèvi ak bon imè epi ankouraje moun ri.
- Sispann lè tout moun antrene, 5–10 minit maksimòm.
- Sèvi ak Ti souke kò souvan, omwen chak inèdtan konsa.
- Chwazi Ti souke kò ki pa pral fè patisipan yo mal alèz oswa jennen. Pa egzanp, pa chwazi Ti souke kò ki gen ladan l touche lòt moun, pou si patisipan yo pa alèz ak sa.
- Chwazi Ti souke kò ke tout moun ap kapab fè, pa egzanp, mouvman ki pa konplike oswa difisil.
- Asire w ke patisipan yo gen ase espas pou fè Ti souke kò a. Deplase chèz ak tablo yo si sa nesesè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk Ti souke kò?

- Ti souke kò ogmante nivo enèji patisipan yo.
- Ti souke kò ede patisipan yo remet yo epi santi yo pare pou aprann plis.
- Ti souke kò fè fòmasyon an amizan.

Ki sa ki defi yo lèw itilize Ti souke kò ?

- Si gwoup ou a gwo anpil, ou ka pa gen ase espas pou fè kèk kalite Ti souke kò. Planifye fè Ti souke kò ki ka fèt nan espas ke w genyen an.

JWÈT

Aktivite Fòmasyon an detanzantan mete jwèt ladan l, an jeneral, pou ede patisipan yo revize sa yo te deja aprann. Jwèt la an jeneral mande pou divize patisipan yo an ti gwoup, poze gwoup yo kesyon, e anrejistre nòt yo. Si pa gen jwèt nan Manyèl Fomatè a, fomatè yo ka prepare pwòp jwèt pa yo epi kreye yon lis kesyon ki baze sou kontni modil la.



FASILITASYON AK LIS KOMINIKASYON POU TCHEKE YO

- ☐ Defann prensip pou aprann granmoun yo.
- ☐ Fè respè.
- ☐ Trete tout moun egal.
- ☐ Koute epi obsève.
- ☐ Kenbe bon kontak zye.
- ☐ Itilize yon langaj kò ki amikal.
- ☐ Rete fleksib epi ranje sesyon fòmasyon an ak apwòch jan w bezwenl an.
- ☐ Pran pasyans, rete ouvè, epi disponib.
- ☐ Ankouraje patisipasyon tout patisipan yo.
- ☐ Bay patisipan yo tan pou yo reponn kesyon yo.
- ☐ Lè patisipan yo poze kesyon, pran yo oserye epi reponn byen vit.
- ☐ Bay patisipan yo fidbak konstruktif e pozitif.
- ☐ Fè atansyon nan enterè patisipan yo, enèji, ak nivo konpreyansyon yo.
- ☐ Fòk ou onèt. Si ou pa konnen repons yon kesyon, di sa. Lè sa a, di patisipan an kote li ka jwenn enfòmasyon sa, oswa jwenn enfòmasyon an apre sesyon fòmasyon an epi bay patisipan an li apre.
- ☐ Fè atansyon ak nivo alfabetizasyon patisipan yo epi ajiste sesyon yo kòmsadwa.
- ☐ Remèsye patisipan yo pou patisipasyon ak efò yo.



PREPARASYON POU FÒMASYON AK LIS LOJISTIK

Anvan fòmasyon an

- ☐ Idantifye lè fòmasyon an pral fèt.
- ☐ Idantifye ki kote fòmasyon an pral fèt, rezève epi prepare espas la.
- ☐ Idantifye patisipan yo, enfòmasyon yo, epi fè aranjman pou transpò, manje ak lojman jan sa nesèsè.
- ☐ Li tout materyèl fòmasyon yo byen, konsa wap abitye ak kontni fòmasyon an ak sesyon yo.
- ☐ Si ou gen kesyon sou kontni fòmasyon an, wap jwenn repons yo.
- ☐ Ranpli tout preparasyon pou sesyon fòmasyon an (fè fotokopi, kontakte envite espesyal, ranmase founiti pou demonstrasyon yo, elatriye).
- ☐ Rasanble tout materyèl nesèsè pou fòmasyon an (Gwo fèy papye, tep, makè, founiti nesèsè pou demonstrasyon yo, Retropwojektè, elatriye).
- ☐ Si w'ap travay avèk yon lòt fasilite, deside davans kiyès ki pral okipe ki pati nan fòmasyon an, epi divize travay la kòmsadwa.

Nan kòmansman fòmasyon an

- ☐ Asire w ke tout materyèl fòmasyon yo pare e ke chèz ak tablo yo ranje.
- ☐ Swete patisipan yo Byenvini lè yo rive nan fòmasyon an.
- ☐ Swete tout gwoup la an antye Byenvini lè tout moun rive.
- ☐ Sipèvize espas twalèt la, dlo, bwat kesyon, lojistik ak lòt.
- ☐ Mande patisipan yo pou prezante tèt yo.
- ☐ Sèvi ak yon Briz glas pou mete patisipan yo alèz.
- ☐ Reflechi e etabli règ jwèt pou fòmasyon an.
- ☐ Revize objektif fòmasyon an ak ajanda.
- ☐ Mande patisipan yo pou di kisa yo swete ak espere pandan fòmasyon an.
- ☐ Deziye kèk patisipan pou ede w avèk kontwòl lè, Ti souke kò yo, tablo prezantasyon, elatriye.
- ☐ Bay patisipan yo Pre-tès la, ranmase tès yo, ak korije yo pandan yon ti poz.



PREPARASYON POU FÒMASYON AK LIS LOJISTIK

Pandan dewoulman fòmasyon an

- ☐ Defann prensip pou aprantisaj granmoun yo.
- ☐ Kenbe espas tan ak rit sesyon yo kòmsadwa.
- ☐ Bay bwason ak manje.
- ☐ Si sal la vin cho oubyen enkonfòtab, fè aranjman pou vantilatè, ouvri fenèt yo, elatriye.
- ☐ Ekri klè epi gwo ase pou tout moun ka wè.
- ☐ Plase imaj yo kote pou tout moun kapab wè yo.
- ☐ Eksplike enstriksyon yo klè ak repete yo si sa nesèsè.
- ☐ Itilize Ti souke kò ak poz pou ogmante nivo enèji patisipan yo.
- ☐ Rezime pwen enpòtan yo nan fen chak sesyon.
- ☐ Rekonèt ak remèsye patisipan yo pou lide ak kontribisyon yo.

Nan fen fòmasyon an

- ☐ Remèsye patisipan yo pou patisipasyon ak efò yo.
- ☐ Fini ak yon Ti souke kò final ak aplodisman.
- ☐ Bay patisipan yo Pòs-tès la. Apre sa a, bay patisipan yo Pre-tès yo epi mande yo pou konpare rezilta yo. Kolekte epi anrejistre tout Pre ak Pòs-tès yo.
- ☐ Kite omwen 15–20 minit nan fen an pou patisipan yo evalye fòmasyon an.
- ☐ Asire w ke patisipan yo gen tout materyèl fòmasyon pou yo ale lakay yo.
- ☐ Bay patisipan ki reysi oubyen ki patisipe yon setifika ki se yon moyen ankouragman ki montre vale sa yo apran nan.

Apre fòmasyon an

- ☐ Pran nòt de sa ki te byen fèt pandan fòmasyon an, sa ki pa t'fèt byen, epi sa yo ta dwe revize pou yon lòt fòmasyon kap gen pou fèt.
- ☐ Pran nòt de defi oswa pwoblèm ki te parèt pandan fòmasyon an e ki bezwen pou yo panche sou yo. Pa egzanp, si pandan yon fòmasyon sou malarya, patisipan yo sòlve pwoblèm nan founiti pou kay ki baze sou tretman yo pa te disponib, di moun ki konsène nan sant sante yo sa yo fè pou yo kapab jwenn founiti yo.
- ☐ Revize ak anrejistre rezilta Pre- ak Pòs-tès yo epi sèvi ak yo pou enfòme nan fòmasyon kap vini yo lè sa nesèsè.